Z. ISLOMOV, D. RAHIMJONOV,
J. NAJMIDDINOV, N. ISMATOVA

# DÚNYA
# DINLERI TARIYXÍ

**Orta bilim beriw mektepleri 11-klasları hám orta arnawlı, kásip-óner bilimlendiriw mákemeleri ushın sabaqlıq**

1-basılım

**Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi tárepinen tastıyıqlanǵan**

Tashkent
«Yangiyul Poligraph Service»
2018

UOK: 2-9(100)(075.3)
KBK: 86.2(0)

I-94 Islomov, Zohidjon.
**Dúnya dinleri tariyxı:** Orta bilin beriw mektepleriniń 11-klasları hám orta arnawlı, kásip-óner bilimlendiriw mákemeleri ushın sabaqlıq / Z. Islomov, D. Rahimjonov, J. Najmiddinov, N. Ismatova. — Birinshi basılım — Tashkent: «Yangiyul Poligraph Service», 2018. — 144 b.

**UOK: 2-9(100)(075.3)**
**ISBN 978-9943-5245-2-1** **KBK: 86.2(0)ya72**

**Juwaplı redaktor:**

**A. Hasanov** — tariyx ilimleri doktorı, professor

**Pikir bildiriwshiler:**

**N. Muhamedov** — tariyx ilimleri kandidatı, docent
**M. Alimova** — tariyx ilimleri kandidatı, docent
**A. Zamonov** — tariyxı ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD)
**F. Karimov** — sıyasıy ilimleriniń doktorı
**J. Tohirov** — Shet tillerine qánigelestirilgen mámleketlik ulıwma bilim beriw mektebi muǵallimi
**Sh. Qudratov** — Tashkent qalasındaǵı 41-mekteptiń tariyx páni muǵallimi
**B. Mahmudboyev** — Gúlistan Mámleketlik universiteti janındaǵı akademiyalıq licey muǵallimi

Usı sabaqlıq Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti janındaǵı Din isleri boyınsha komitettiń 2018-jıl 1-maydaǵı 2484-sanlı usınısı, Ózbekstannıń eń jańa taryxı máseleleri boyınsha muwapıqlastırıwshı-metodikalıq orayınıń 2018-jıl 24-apreldegi 34-sanlı juwmaǵına tiykarlanıp baspaǵa usınılǵan.

Qaraqalpaqsha awdarmaǵa pikir bildiriwshi:

**Baxram Utemuratov** — *Muxammed Al-Xorezmiy atındaǵı TATU Nókis filialı oqıtıwshısı, tariyx ilimleriniń kandidatı.*

**Respublika maqsetli kitap qorı qárjıları esabınan basıp shıǵarıldı.**

© Z. Islomov, D. Rahimjonov,
J. Najmiddinov, N. Ismatova. 2018.
© Yangiyul Poligraph Service, 2018
Qaraqalpaqsha awdarma.
© «Bilim» baspası, 2018.

ISBN 978-9943-5245-2-1

# Kirisiw

Ózbekstan kóp milletli hám kóp konfessiyalı mámleket. Búgin elimizde 130 dan artıq millet hám elat wákilleri erkin túrde ózleriniń úrp-ádetlerin dawam ettirip, dinlerine isenip jasamaqta. Prezidentimiz Shavkat Mirziyoev tárepinen alǵa qoyılǵan 2017—2021-jılları Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń bes tiykarǵı baǵdarı boyınsha Háreketler strategiyasınıń besinshi baǵdarı da sol dinler aralıq keń peyillik máselesine baǵıshlanǵan. Bul sabaqlıq tómengi klaslarda alǵan bilimlerińizdi bekkemleydi hám bayıtadı.

**Áziz oqıwshılar!**

«Dúnya dinleri tariyxı» pánin úyrenip, isenimińizge qaramastan, basqa dinlerdi kemsitpewińiz, basqalardıń diniy sezim-tuyǵıların húrmetlew qaǵıydalarına ámel etiwińiz zárúr.

Sabaqlıqtaǵı temalar bólimlerge ajıratılǵan. Hárbir bólimde sabaqta úyreniletuǵın tiykarǵı túsinikler temaǵa baylanıslı qosımsha maǵlıwmatlar, ulamalar hám ullı mámleketlik ǵayratkerleriniń bahalı pikirleri, qızıqlı faktler, dóretiwshilik jumıs hám de bekkemlew ushın sorawlar orın alǵan. Tekstte ushırasatuǵın ayırım atamalar túsinigin kitap aqırında berilgen sózlikten tabıwıńız múmkin.

Sabaqlıqtı tayarlawda temalarǵa baylanıslı ilimiy hám diniy-aǵartıwshılıq ádebiyatlardan, dáwirlik basılımlar, hár túrli diniy konfessiyalardıń dogmalıq kóz qarasları bayan etilgen hújjet hám muqaddes kitaplardan, internet tarmaǵındaǵı maǵlıwmatlardan sonday-aq, kórkem ádebiyatlardan paydalanıladı. Kitapta jáhán dinleriniń muqaddes diniy dereklerinen úzindiler keltirilgen. Sonıń ushın onı hár túrli qolaysız jerlerde qaldırmawıńız kerek.

Sabaqlıqtaǵı dóretiwshilik jumıs hám de qosımsha oqıw ushın berilgen tapsırmalardı orınlaw arqalı sizler erkin hám logikalıq pikirlew, kommunikativlik, tariyxıy derekler menen islesiw, milliy hám ulıwma insanıylıq qádiriyatlarǵa iye bolıw, maǵlıwmat alıw hám onnan paydalanıw, jámiyetlik iskerlik sıyaqlı turmıslıq kompetenciyalarıńızdı qáliplestiresiz. Bul bolsa sizlerge Watan aldındaǵı minnet hám juwapkershiligin ańlaytuǵın jetik insan bolıwıńızda járdem beredi. Bul iste sizge tabıslar tileymiz.

# 1-§ ÓZBEKSTANDA QÁWIPSIZLIK HÁM TURAQLÍLÍQ ORTALÍǴÍN QÁLIPLESTIRIW



**BÚGIN SABAQTA TÓMENDEGILER MENEN TANÍSASÍZ:**

1. Qáwipsizlikti támiyinlew — eń áhmiyetli másele.
2. Qáwipsizlik hám turaqlılıqtı támiyinlewde milletleraralıq tatıwlıqtıń áhmiyeti.



Ádepsiz, tárbiyasız hám minez-qulqı jerkenishli adamlar menen tartıspań.

***Imom Ǵazzoliy***

## QÁWIPSIZLIKTI TÁMIYINLEW — EŃ ÁHMIYETLI MÁSELE

Búgingi kúnde qáwipsizlik pútkil dúnyada eń áhmiyetli másele bolıp qalmaqta. Jıl sayın mámleketler tárepinen qorǵanıw sisteması hám áskeriy tarawǵa ajıratılıp atırǵan qárejetlerdiń artıp barıwı pikirimizdi tastıyıqlaydı. Biraq, tek ǵana zamanagóy qural-jaraqqa iye bolıwdıń ózi qáwipsizlikti támiyinlemeydi.

Óytkeni, buzǵınshı kúshler ashıq túrde urıs júrgizbey, al tosattan qoparıwshılıq ámeliyatların qollanıw, tınısh xalıqtı nıshanǵa alıw sıyaqlı jerkenishli usıllardan paydalanbaqta.



Biziń áyyemgi hám saqawatlı jerimizde kóp ásirler dawamında hár túrli millet hám xalıqlar, mádeniyat hám din wákilleri tınısh-tatıw jasap kelgen. Miymandoslıq, jaqsılıq, kewil saqawatı hám shın mánisindegi keńpeyillik biziń xalqımızǵa mudamı tán bolǵan hám bul onıń mentalitetiniń tiykarın quraydı.

***Shavkat Mirziyoev***

Bunda bolsa milliy hám diniy kelispewshiliklerdi keltirip shıǵarıw tiykarǵı maqset esaplanadı. Máselen, XX ásirdiń ekinshi yarımında mámleketlik huqıqıy, etno-aymaqlıq hám etnodemografiyalıq sebeplerge baylanıslı júz bergen 300 den aslam úlken-kishi jánjeller atap ótilgen.

Prezidentimiz Shavkat Mirziyoev óziniń saylaw aldı baǵdarlamasında tınıshlıqtı támiyinlew, milletler hám dinleraralıq tatıwlıq ortalıǵın qollap-quwatlaw, din nıqabındaǵı ekstremizm hám terrorizmge qarsı ayawsız gúresiw máselelerin tiykarǵı princip sıpatında alǵa qoydı.

«Iymannıń abzalı sabır hám keńpeyillik».

***Hádis***

Ózbekstan diyarında áyyemnen hár túrli civilizaciya wákilleri, mádeniy qatlamlar, hár qıylı isenim hám dúnyaqaraslar birge jasap kelgen. Bul jer ata-babalarımız jasaǵan muqaddes mákan. Bul jer Shıǵıs hám Batıstıń, Arqa hám Qublanıń, áyyemgi ótmish hám ullı keleshektiń tutasqan jeri, Oraylıq Aziyanıń júregi, insaniyat oy-pikiriniń, ilim hám mádeniyattıń eń áyyemgi oshaqlarınan biri. Bul topıraqta dúnyanı tań qaldırǵan civiliza-

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

HÁREKETLER STRATEGIYASÍ
2017-2021

Saylaw aldı baǵdarlamasınan kelip shıqqan halda, Prezidentimiz baslaması menen 2017—2021-jılları Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń bes tiykarǵı baǵdarı boyınsha Háreketler strategiyası islep shıǵıldı. Strategiyada besinshi baǵdar sıpatında qáwipsizlik, milletleraralıq tatıwlıq hám diniy keńpeyillikti támiyinlew hám de tereń oylanǵan, óz ara mápdar hám ámeliy sırtqı siyasat tarawındaǵı tiykarǵı baǵdarlar» belgilendi. Bul da elimizde puqaralarımızdıń qáwipsizligi, milletler hám dinleraralıq keńpeyillikke berilip atırǵan itibardan derek beredi.

ciyanıń tamırları payda bolǵan, adamzat tariyxınıń eń áyyemgi dáwirlerine tiyisli diniy hám filosofiyalıq dástúrler qáliplesken. Áyyemgi grek filosofı Geraklit bul jurttı «Filosofiyalıq oy-pikir besigi» dep biykarǵa táriyiplemegen. Sonı ayrıqsha atap ótiw kerek, biziń civilizaciya ózine tán keńpeyillik, oy-pikir usılına tayanadı.

Úsh mıń jıllıq tariyxımız sonnan gúwalıq beredi, joqarı húrmetli hám adamgershilik, milletleraralıq tatıwlıqqa umtılıw xalqımızdıń eń joqarı pazıyletlerinen esaplanadı. Bul baǵdardaǵı dástúrler áwladtan-áwladqa ótip kelmekte.

## QÁWIPSIZLIK HÁM TURAQLÍLÍQTÍ TÁMIYINLEWDE MILLETLERARALÍQ TATÍWLÍQTÍŃ ÁHMIYETI

Ózbekstan óz ǵárezsizligine eriskennen soń tek ózbek xalqı emes, al elimizde jasap kiyatırǵan hár túrli milletke tiyisli xalıqtıń mánawiy-mádeniy zárúrliklerin qanaatlandırıwǵa baǵdarlanǵan milliy-mádeniy oraylar shólkemlestirildi. Olardıń xızmetin qollap-quwatlaw hám de milletleraralıq qatnasıqlardı jetilistiriw ushın 1992-jıl 13-yanvarda Respublika Internacionallıq mádeniyat orayı shólkemlestirildi.

2017-jılı Respublika milliy-mádeniy orayı dúzilgenliginiń 25 jıllıǵı keń belgilendi. Usı jıl 19-may kúni bul oraydıń xızmetin jáne de rawajlandırıw

Keńpeyillik hám adamgershilik mádeniyatın rawajlandırıw, milletleraralıq hám puqaralararalıq doslıq hám tatıwlıqtı bekkemlew, jas áwladtı usı tiykarda, Watanǵa muhabbat hám sadıqlıq ruwxında tárbiyalaw Ózbekstanda mámleketlik siyasattıń eń zárúr tiykarǵı baǵdarlarınan biri etip belgilendi.

***Shavkat Mirziyoev***

**TARIYXQA NÁZER**

Maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, bunnan 100 jıl aldın házirgi respublikamız aymaǵında 70 ke jaqın millet wákilleri jasaǵan. 1926-jılı respublikamızda 90 millet hám xalıqlar jasaǵan bolsa, 1959-jılı olardıń sanı 113 ke, 1979-jılı 123, 1989-jılı 130 ǵa jetken edi.

maqsetinde ol Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń Pármanı menen Milletleraralıq qatnasıqlar hám shet el mámleketleri menen doslıq baylanısları komiteti sıpatında qayta shólkemlestirildi.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń «Milletleraralıq qatnasıqlar hám shet el mámleketleri menen doslıq baylanısların jáne de jetilistiriw shara-ilajları haqqında»ǵı Pármanı jámiyette turaqlılıq, tınıshlıq hám tatıwlıqtı támiyinlew, puqaralar arasında úlken, kóp milletli bir shańaraqqa tiyislilik tuyǵısın bekkemlew, milliy-mádeniy oraylar hám doslıq jámiyetleriniń xızmetin hár tárepleme qollap-quwatlaw hám jáne de rawajlandırıw, shet el mámleketleri menen mádeniy-aǵartıwshılıq baylanısların keńeytiwge qaratılǵan.

Bul komitet juwapkershiligine jámiyette milletleraralıq tatıwlıq hám keńpeyillikti támiyinlew, tınıshlıqtı súyiwshi siyasattı, mámleket turmısınıń barlıq tarawlarında erisilgen jetiskenlik hám tabıslardı keń túrde úgit-násiyatlaw, xalıqaralıq doslıq, sonıń ishinde, shet eldegi jerleslerimiz diasporası menen doslıqtı bekkemlewge baylanıslı mámleket siyasatın izbe-iz ámelge asırıw wazıypası júklendi.

Milletleraralıq múnásibetler baǵdarındaǵı áhmiyetli máselelerden biri, xalıqtıń milliy quramına say keletuǵın tálim-tárbiya sistemasın shólkemlestiriw. Bul boyınsha Xalıq bilimlendiriw ministrliginiń 2017—2018-oqıw jılı ushın tiykarǵı kórsetkishler statistikasındaǵı maǵlıwmatqa qaraǵanda, respublikamızda 9628 mektep xızmet júrgizbekte. Sonnan 9018 mektepte ózbek tilinde, 903 inde rus tilinde, 365 inde qaraqalpaq tilinde, 378 inde qazaq tilinde, 245 inde tájik tilinde, 44 inde túrkmen tilinde, 90 ında qırǵız tilinde bilim beriw jolǵa qoyılǵan. Sonı umıtpaw kerek, qay jerde milletleraralıq tatıwlıq



Áy insanlar! Haqıyqatında da, Biz sizlerdi bir er adam (Adam) hám bir hayal (Hawa)dan jarattıq hám de bir-birińiz penen tanısıwıńız ushın sizlerdi (hár túrli) xalıqlar hám qáwim (elat)ler etip qoydıq. Álbette, Alla názerinde (eń áziz) káramatlıraǵıńız dinshilligińiz. Álbette, Alla biliwshi hám xabar beriwshi bolıp tabıladı.

***Quranı karim, Hujurat súresi, 13-ayat***

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Bul tekstti oqıń, ondaǵı «ideologiyalıq immunitet» atamasın túsindiriń.

*«Hárqanday kesellıktiń aldın alıw ushın, eń dáslep adam organizminde oǵan qarsı immunitet payda etiw kerek. Biz de perzentlerimiz júreginde ana Watanǵa, bay tariyxımızǵa, ata-babalarımızdıń muqaddes dinine jaqsı qatnastı ornatıwımız, olardıń ideologiyalıq immunitetin kúsheytiwimiz zárúr».*

ideyasınıń áhmiyeti ańlap jetilmese, jámiyetlik turmısında hár túrli qarama-qarsılıqlar, mashqalalar payda boladı, olar tınıshlıq hám turaqlılıqqa qáwip saladı. Búgingi kúnde dúnyanıń ayırım regionlarında júz berip atırǵan milliy kelispewshilikler sonnan derek berip tur.

Milletleraralıq tatıwlıq ideyasın ámelge asırıwǵa eń qáwipli tosqınlıq jawızlıq milletshilik hám shovinizm bolıp esaplanadı. Bunday illet, zıyanlı ideya duzaǵına túsip qalǵan jámiyet tábiyiy túrde apatshılıqqa ushıraydı. Oǵan uzaq hám jaqın tariyxtan kóplegen mısallar keltiriwge boladı. Má-



Ózbekstan Respublikası óziniń aymaǵında jasawshı barlıq millet hám elatlardıń tilleri, úrp-ádetleri hám dástúrleri húrmet etiliwin támiyinleydi, olardıń rawajlanıwı ushın sharayat jaratadı.

***Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 4-statiyasınan***



selen, fashizm ideyası insaniyat basına kóbirek apatshılıq báleler jawdırǵan hám aqır-aqıbetinde ózi de apatqa ushıradı.

Lekin elege deyin fashizm, shovinizm, rasalıq ideyasın tiriltip, milletleraralıq tatıwlıq, birlik, doslıq ideyasına qarsı «salib júrisi» sıyaqlı háreketlerdi uyımlastırıwǵa urınıp atırǵan kúshler bar ekenligi hámmemizdi sergek tarttırıwı lazım. Maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, búgin dúnya júzi boyınsha 500 ge jaqın terroristlik shólkemi bar. Bir jıl dawamında pútkil jer júzinde júz bergen teraktlar hám olardıń aqıbetinde nabıt bolǵanlardıń sanı birneshe on mıńdı quraytuǵını terrorizmniń tınıshlıq hám qáterjamlıqtı buzıwına qaratılǵan tiykarǵı qáwiplerden biri ekenin kórsetedi.

Juwmaqlap aytqanda, mámleketimizde keyin de qáterjam tań attırıw, uyqılaw, bilim alıw hám keleshek haqqında rejelerdi dúziwdi qáler ekenbiz, tınıshlıq, qáwipsizlik, turaqlılıqtı támiyinlew birinshi náwbettegi másele bolıp qala beredi. Onı ámelge asırıwda hámmemiz bir tán, bir jan bolıp háreket etiwimiz zárúr.

Quslar sıyaqlı hawada ushıwdı úyrendik. Balıqlar sıyaqlı teńizlerde júziwdi úyrendik. Lekin házirge shekem jer júzinde aǵa-inidey bolıp jasawdı úyrenbedik

***Martin Lyuter King***

**BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR**

1. Qáwipsizlik hám turaqlılıqtıń áhmiyetin qalay bahalaysız?
2. Jası úlkenlerden urıs hám tınıshlıq haqqında pikirlerin soradıńız ba?
3. Qáwipsizlikti támiyinlewde milletleraralıq tatıwlıqtıń áhmiyeti nelerden ibarat?
4. Búgingi kúni pútkil dúnyadaǵı turaqlılıqqa qáwip salıp atırǵan eń úlken qáwip ne dep oylaysız?

# 2-§ DIN TANÍWSHÍLÍQTAǴÍ ZAMANAGÓY TENDENCIYALAR

**BÚGIN SABAQTA TÓMENDEGILER MENEN TANÍSASÍZ:**

1. Dintanıwshılıq pániniń rawajlanıw tariyxı.
2. Dinniń sociologiyası filosofiya, psixologiya, fenomenologiyasın úyreniwdegi jańa tendenciyalar

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Dintanıwshılıq basqa dúnyada bar dinler haqqında ashıq, ilimiy qatnas jasaǵan halda maǵlıwmat beriwshi pán.

## DINTANÍWSHÍLÍQ PÁNINIŃ RAWAJLANÍW TARIYXÍ

Dúnyadaǵı barlıq dinler hám olar menen baylanıslı proceslerdi obyektiv úyreniwshi pán «Dintanıwshılıq» dep ataladı. Bul pánniń tarawları júdá kóp bolıp, olardıń biri «Dúnya dinleri tariyxı».

Dinlerdi úyreniw uzaq tariyxqa iye. Antik dáwirlerden-aq insanlar din hám onıń mazmunı haqqında pikir júrgizgen.

Rim imperatorı Konstantin I dáwirinde (IV ásir) xristian dini basqa dinler menen bir dárejege iye boldı. Keyin Evropada xristianlıq dininiń Rim imperiyası tárepinen mámleketlik din sıpatında atap ótiliwi hám de shirkewdiń áste-aqırın hákimiyattı

**TARIYXQA NÁZER**

Áyyemgi Greciya hám Rim jazıwshılarınıń shıǵarmalarında da hár túrli xalıqlardıń dinleri haqqında maǵlıwmatlar keltirilgen. Máselen, «tariyx atası» ataǵın alǵan Gerodot (b. e. sh V ásir) da ózi izertlegen xalıqlardıń tariyxı haqqında maǵlıwmat beriw menen olardıń dinleri haqqında da toqtap ótken.



**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

Gomer hám Gesiodtıń shıǵarmalarınan qudaylar hám qaharmanlar haqqında berilgen maǵlıwmatlardı esleń.

Usı shıǵarmalar arqalı qaysı dáwirge tiyisli dinler haqqında maǵlıwmat alıw múmkin?

qolǵa alıwı nátiyjesinde ilim-pán de xristianlıq tásirine túsip qaldı. Bul dáwirde dinler boyınsha izetlewler tek ǵana teologiyaǵa baylanıslı bolıp, xristianlıq, sonıń ishinde, katolikliktiń basqalardan ústinligin dálillewge baǵdarlanǵan edi.

VII—VIII ásirlerde sol dáwirde bar dinler haqqında kishi kitapshalar payda bolǵan. VIII—IX ásirlerde bolsa dinler tariyxı hám táliymatlarına baylanıslı dáslepki kitaplar jaratıldı.

XIX ásirge kelip Evropa regionında shirkewdiń tásiri kemeydi. Nátiyjede basqa pánler qatarı dintanıw ilimi de shirkew tásirinen shıǵa basladı. Sol dáwirde Maks Myullerdiń «Salıstırmalı mifologiya», «Dinlerdiń tiykarı hám qáliplesiwine baylanıslı bayanatlar miynetleri baspadan shıqtı.



*Imperator Konstantinniń shoqındırılıwı, Rafael*

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Ullı babamız Abu Rayxan Beruniy haqıyqıy mániste musılman shıǵısında dintanıw iliminiń atası atına múnásip.

Onıń «Áyyemgi xalıqlardan qálǵan estelikler», «Hindstan» sıyaqlı shıǵarmalarında hár túrli dinler haqqında tolıq maǵlıwmatlar berilgen.

Ilim mal-dúnya-dan góre jaqsı. Sebebi, iliminń seni asıraydı, mal-dúnyanı bolsa sen saq-lawıń kerek boladı. Mal-dúnya sarplansa azayadı, ilim bolsa ózgelerge úyretiw menen jáne de zıyada boladı.

***Ali ibn Abu Tolib***

Keyin Myuller ataqlı Oksford universitetinde dinler tariyxınan bayanatlar oqıdı hám birinshi bolıp «dintanıwshılıq» atamasın paydalanıwǵa kirgizgen. Usı baǵdarda, dintanıwshılıq Parij, Bryussel hám Rim universitetlerinde pán sıpatında oqıtıla baslaǵan. Burınǵı Awqam dáwirinde dintanıwshılıq páni, tiykarınan, dinlerdi kritikalaw hám «eskilik sarqıtı» ekenin dálillew ushın úyrenildi. Nátiyjede onıń atalıwı da «Ilimiy ateizm» dep ózgertildi. Jıllar dawamında universitetlerde «ilimiy ateizm» kafedraları shólkemlestirilip, studentlerge «din xalıq ushın afyun», degen ideya sińdirildi.

Ózbekstan Respublikası gárezsizlikke eriskennen soń, dintanıwshılıq tarawı da ateistlik ideologiya tásirinen shıǵarıldı.

Ósip kiyatırǵan áwladta dinler haqqında durıs hám obyektiv pikirlerdi qáliplestiriw, olardı dinleraralıq keńpeyillik ruwxında tárbiyalaw maqsetinde, 90-jıllardıń ortalarınan ulıwma bilim beriw mekteplerininń 9-klass oqıw baǵdarlamasına «Dúnya dinleri tariyxı» páni kirgizildi.

2017-jılı qabıl etilgen jańa tártipke muwapıq «Dúnya dinleri tariyxı» tiykarǵı pán sıpatında atap kórsetildi. 1999-jılı Tashkent islam universitetiniń shólkemlestiriliwi bul tarawdıń rawajlanıwına úlken úles bolıp qosıldı. Universitet óziniń baǵdarları

**TARIYXQA NÁZER**

Islam dúnyasında salıstırmalı dintanıwshılıq tarawında da salmaqlı jumıslar islendi. Olardan Ábu Rayxan Beruniydiń «Áyyemgi xalqılardan qalǵan estelikler», Ibn Nadimniń «Kórsetkish», Muhammad ibn Huzayldıń «Majusiylik hám kóp qudaylıq kitabı» Majusiylik hám kóp qudaylıq kitabı, Abul-Abbos Ahmad ibn Muhammad Saraxsiydiń «Sobiiylardıń mázxebleri tárepi haqqında kitapsha», Abu Zayd Balxiydıń «Dinler sháriyatları kitabı» shıǵarmaların atap ótiwge boladı.

boyınsha bakalavr hám magistr qánigelerdi tayarlay basladı.

2018-jıl 16-aprelde mámleketimiz Prezidentiniń Pármanına muwapıq, Ózbekstan Islam akademiyası hám Tashkent islam universitetleri negizinde Ózbekstan xalıqaralıq islam akademiyası shólkemlestirildi.

## DINNIŃ SOCIOLOGIYASÍ, FILOSOFIYASÍ, PSIXOLOGIYASÍ, FENOMENOLOGIYASÍN ÚYRENIWDEGI JAŃA TENDENCIYALAR

Dintanıwshılıq tariyx, filosofiya, psixologiya, sociologiya sıyaqlı jámiyetlik pánler menen bekkem baylanıslı. Usı baylanıs nátiyjesinde, dintanıwshılıq quramında birqansha tarawlar júzege kelgen.

***Dinniń sociologiyası*** — din hám jámiyet qatnasıqları hám de usı qatnasıqlar artınan kelip shıǵatuǵın nátiyjelerdi úyreniwshi dintanıwshılıq tarawı. Ol dinniń mámleket, xalıq, shańaraqqa qatnasın, din tarawında júzege keletuǵın sociallıq waqıya-hádiyselerdi, hár túrli diniy jámáátlerdiń jámiyette óz ara qatnasıqların izertleydi. Din sociologiyası da hám jámiyetlik, hám diniy ilimlerge tayanadı.

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

**Din tariyxı** — dinlerdi tariyxıy kózqarastan úyrenetuǵın dintanıwshılıq tarawı. Onda tiykarınan dinlerdiń júzege keliwiniń tariyxıy shárt-sharayatları, tiykarın salıwshıları, dáslepki jámáátler, rawajlanıw basqıshları hám házirgi jaǵdayına áhmiyet beriledi.

**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

Tómendegi hújjetti oqıń hám bul qaǵıyda milliy nızam hújjetlerinde qalay kórsetilgenin anıqlań?

*Hárbir insan pikirlew, hújdan hám din erkinligi huqıqına iye; bul huqıq... sıyınıwda hám diniy úrp-ádet hám de máresimlerdi ǵalaba yamasa jeke tártipte orınlaw, óz dini yamasa isenimine jeke ózi, sonday-aq, basqalar menen birge ámel etiw erkinligin óz ishine aladı.*

***Insan huqıqları Ulıwma jáhán Deklaraciyası, 18-statya***

«Danalarday juwap beriwlerin qáler ekenseń — danalarday soraw ber».

***Gyote***

Sonıń menen birge, din sociologiyası adamlardıń diniy isenimleri, diniy shólkemlerdiń xızmetin, jámiyet aǵzalarındaǵı diniy oy-pikirdi úyrenedi.

Sociologiya din hádiysesin úyreniwde dinniń sociallıq turmısta oranlap atırǵan funkciyalarına álbette múrájáát etiwi kerek boladı. Aldıńǵı klaslarda da bular menen biraz tanısqansız.

***Din psixologiyası*** — insannıń diniy turmısınıń psixologiyalıq táreplerin úyreniwshi dintanıwshılıq tarawı.

Din psixologiyası shaxstıń diniy tájiriybesin hám bul tájiriybeniń hár túrli kórinislerin bayanlawǵa háreket etedi. Adamnıń diniy sezim, túsinik hám jasaw tárizi din psixologiyasınıń tiykarǵı teması bolıp tabıladı.

**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

Tómendegi súwretlerge qarap, dinniń jámiyetlik turmısta islenip atırǵan funkciyaların túsindiriwge háreket etiń.








**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Sociologiya ataması latınsha *societas* — «jámiyet» hám grekshe «*logos*» — «táliymat» sózleriniń birikpesinen alınǵan bolıp, ol tikkeley jámiyet haqqındaǵı ilimniń mánisin ańlatadı.

**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

Bul tekstti oqıń. Tekstte dintanıwshılıqtıń qaysı tarawına baylanıslı ekenligin talqılań.

*«... patsha Doro ibn Doro ǵáziynesinde Abisto (Avesto)nıń on eki mıń qaramal terisine tilla (altın) menen jazılǵan bir nusqası bar edi. Iskender Maqduniy atxanalardı oyran etip, olarǵa xızmet etiwshilerdi óltirgen waqıtta onı kúydirip jibergen edi. Sonıń ushın sol waqıttan berli Avestonıń besten úsh bólimi (yaǵnıy, on segiz bólimi joq bolıp ketedi). Abisto otız bólim edi, majusiyler qolında shaması on eki bólimi qaldı».*

***Abu Rayxan Beruniy***

***Din filosofiyası*** — dinniń mazmunı, insannıń diniy haqıyqatlar menen baylanıslıǵın úyrenetuǵın taraw. Ol qudaydıń bar ekenligi, sıpatlamaları, jaratıwshı hám tirishilik qatnasıqları, jaratıw, dúnyanıń jaratılıwındaǵı maqset, qayta tiriliw, payǵambarlıq hám húkim sıyaqlı keń kólemdegi máselelerdi óz ishine aladı.

***Din fenomenologiyası*** — dinniń kózge kóriniwshi, sırtta kóriniwshi táreplerin úyreniwshi ilim tarawı.

Din fenomenologiyası diniy sezimi hám onıń kórinisleri pútkil dúnyada derlik bir-birine uqsawın bildiredi. Hár túrli dinlerdiń sıyınıw hám máresim-

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Fenomen «kórsetiwshi», «kózge kóriniwshi» zat bolıp, fenomenologiya kózge kóriniwshi zattıń sistematikalıq formada izertleniwi.

**MAGLÍWMAT USHÍN**

Diniy belgilerde jasırınǵan mánislerdi ashıw hám awıspalı sózlerdiń muqaddes mazmunın túsindiriw sıyaqlı jumıslar din fenomenologiyasınıń wazıypalarına kiredi.

lerin, muqaddes orın, zaman, zat, jekke ózin izertlep, ulıwmalıq táreplerin tabıwǵa háreket etedi.

***Din tariyxı*** — dinlerdiń júzege keliw hám rawajlanıw basqıshların úyreniwshi taraw. Ol birqansha pánlerge súyenedi hám olar menen tıǵız baylanıslı. Máselen, tariyx páni ótmishtegi waqıya-hádiyselerdi úyreniwi menen birge, burınǵı hám házirgi dinlerdiń tariyxıy qáliplesiwi jaǵınan «Dinler tariyxı»na jaqınnan járdemshi boladı.

Diniy tekstlerdiń úyreniliwinde filologiya páni ayrıqsha áhmiyetke iye. Bunnan basqa tariyxtı úyreniwde járdemshi pánler — mifologiya (ráwiyat hám ápsanalar), etnologiya, arxeologiya, kórkem óner tariyxı, folklor hám usıǵan uqsas birqansha pánler de din tariyxı menen tikkeley baylanıslı.

Burınǵı awqam dáwirinde elimizde jámi 80 ge jaqın meshit xızmet kórsetken bolsa, 2018-jılǵa kelip olardıń sanı 2 mıńnan asıp ketti.

**BEKKEMLEW USHÍN**
**SORAW HÁM TAPSÍRMALAR**

1. Din sociologiyası filosofiyası, psixologiyası, fenomenologiyası ortasında qanday baylanıslar bar?
2. Berilgen kesteni mısallar menen toltırıń.

| Din sociologiyası | Din filosofiyası | Din psixologiyası | Din fenomenologiyası |
|---|---|---|---|
| | | | |

3. Din tariyxın úyreniwde qanday pánler járdemshi esaplanadı hám ne ushın?
4. *www.lex.uz* den. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2018-jıl 16-apreldegi «Diniy — aǵartıwshılıq tarawı xızmetin túpten jetilistiriw shara-ilajları haqqında»ǵı Pármanın tawıp oqıń hám mazmunın túsindiriń.

## MAĠLÍWMAT USHÍN

| Jıllar | Ózbekstan-nan hajı zıyaratına barǵanlar sanı | Ózbekstan-nan umra zıyaratına barǵanlar sanı |
|---|---|---|
| 1991 | 350 | 0 |
| 1992 | 500 | 370 |
| 1993 | 1500 | 1126 |
| 1994 | 3000 | 2000 |
| 1995 | 3000 | 1943 |
| 1996 | 3675 | 2164 |
| 1997 | 3675 | 3670 |
| 1998 | 3850 | 2822 |
| 1999 | 3870 | 2136 |
| 2000 | 3841 | 1378 |
| 2001 | 3800 | 1197 |
| 2002 | 3800 | 1124 |
| 2003 | 3800 | 1228 |
| 2004 | 4180 | 1148 |

| Jıllar | Ózbekstan-nan hajı zıyaratına barǵanlar sanı | Ózbekstan-nan umra zıyaratına barǵanlar sanı |
|---|---|---|
| 2005 | 4500 | 2000 |
| 2006 | 5078 | 2354 |
| 2007 | 5088 | 4075 |
| 2008 | 5080 | 4325 |
| 2009 | 5080 | 4358 |
| 2010 | 5080 | 6162 |
| 2011 | 5080 | 6120 |
| 2012 | 5080 | 6120 |
| 2013 | 5200 | 5775 |
| 2014 | 5200 | 6567 |
| 2015 | 5200 | 6166 |
| 2016 | 5200 | 6172 |
| 2017 | 7350 | 6172 |





(Áy insan!) Eger olardıń biri yamasa hár ekewi aldıńda kekselik jasına jetse, olarǵa «uwf ...» deme hám olarǵa jekirinbe! Olarǵa (bárháma) jaqsı sóz ayt!

***Quranı karım, Isro súresi, 23-ayat.***

# 3-§ MÁMLEKET HÁM DIN QATNASÍQLARÍ

**BÚGIN SABAQTA TÓMENDEGILER MENEN TANÍSASÍZ:**

1. Házirgi dáwirde mámleket hám din qatnasıqları.
2. Mámleket hám din qatnasıqlarınıń huqıqıy tiykarları.
3. Ózbekstanda mámleket hám din qatnasıqları.

## HÁZIRGI DÁWIRDE MÁMLEKET HÁM DIN QATNASÍQLARÍ

Mámleket hám din qatnasıqlarınıń tamırları júdá áyyemgi dáwirlerge barıp taqaladı. Házirgi waqıtta usı qatnasıqlar hár túrli tariyxıy dáwirlerde túrlishe mazmunǵa iye bolǵan. Orta ásirlerde din jámiyettiń barlıq tarawlarında, sonıń ishinde, mámleket turmısında tolıq húkimdarlıq etken dáwirler de bolǵan. Ayırım mámleketlerde din pútkilley biykar etilgen, yaǵnıy ateizm ústemlik etken.

XXI ásir baslarında mámleket hám dinniń óz ara qatnasıqları boyınsha mámleketlerdi tómendegi toparlarǵa bóliwge boladı:

- dinge mámleket dini biyligi berilgen mámleketler;
- shirkewdiń tásiri sheńberindegi mámleketler;
- dúnyalıq yamasa diniy qatnasıqlarda biytáreplik jolın tutıwshı mámleketler;
- rásmiy dinge iye bolmaǵan mámleketler;
- din mámleketten ajıratılǵan mámleketler;
- katolik shirkewi menen kelisimge iye mámleketler;
- huqıqıy kórsetilgen diniy toparlardı qorǵawshı mámleketler;
- diniy-jámáátlik sistemalı mámleketler.

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Hárbir mámleket óziniń dinge bolǵan qatnasın belgili normativ-huqıqıy hújjetler hám nızamlar arqalı tártipke saladı.

Mámleketlerdi bunday toparlarǵa bóliw salıstırmalı bolıp tabıladı. Solay bolsa da, ol mámleket hám din ortasındaǵı qatnasıqlardıń tiykarǵı ózgesheliklerin ashıp beredi. Sonıń menen birge, bir mámleket óz belgileri boyınsha birneshe toparlarǵa da kiriwine boladı.

## MÁMLEKET HÁM DIN QATNASÍQLARÍNÍŃ HUQÍQÍY TIYKARLARÍ

Házirgi dáwirde dúnyadaǵı bir qatar mámleket dinniń mámleketten ajıratılǵanın yamasa mámlekettiń diniy shólkemge qaraǵanda biytárepligin Konstituciya yamasa nızam dárejesinde belgilep qoyǵan.

Yuridikalıq tán alınǵanı yamasa alınbaǵanına qaramastan, barlıq mámleketler din hám isenim erkinligine húrmet penen qarawın járiya etken.

Házirgi dáwirde mámleket hám din ortasındaǵı qatnasıqlar bir qatar ózgeshelikleri menen ajıralıp turıwın atap ótiw zárúr. «Suwıq urıs» dáwiri tamamlanǵannan keyin dinge qarsı hújim etiw hám de diniy xızmet ústinen qadaǵalaw siyasatı jeńillesti. Bul, bir tárepten, diniy erkinliktiń támiyinleniwine xızmet etken bolsa, ekinshi tárepten, diniy sektalardıń kóbeyiwi, jańalarınıń payda bolıwına alıp keldi. Bul process sektalar yamasa jańa diniy aǵımlar háreketin tártipke salıwǵa qaratılǵan nızam hújjetlerin jáne de jetilistiriwdi talap etedi.

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Keńpeyillik sózi derlik barlıq tillerde birdey yamasa bir-birin toltırıwshı mazmunǵa iye. Usı túsinik shıdamlılıq, ózgeshe kózqaraslar hám háreketlerge húrmet penen qatnasta bolıw sıyaqlı mánislerge iye.

**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

XXI ásir baslarında mámleket hám dinniń óz ara qatnasıqları boyınsha jáhán mámleketlerin toparlarǵa bóliń.

Máselen: dinge mámleketlik din biyligi berilgen mámleketler — Qatar, Pakistan, Kosta-Rika hám t.b.

## ÓZBEKSTANDA MÁMLEKET HÁM DIN QATNASÍQLARÍ



Diniy shólkemler hám birlespeler mámleketten ajıratılǵan hám de nızam aldında teń. Mámleket diniy birlespelerdiń jumısına aralaspaydı.

***Ózbekstan Respublikası Konstituciyası, 61-statya***

Ózbekstanda óziniń áhmiyeti, mazmunı hám huqıqıy tiykarlarına qaray din ajıratılǵan hám de hújdan erkinligi, konfessiyalıq keńpeyillik principi bekkemlengen. Mámleketimiz Konstituciyasında diniy shólkemler hám birlespeler mámleketten ajıratılǵanlıǵı hám de nızam aldında teńligi atap ótilgen. Sonıń menen birge, mámleket diniy birlespelerdiń xızmetine aralaspaytuǵını belgilep berilgen.

Bul másele Ózbekstan Respublikasınıń «Hújdan erkinligi hám diniy shólkemler haqqında»ǵı Nızamnıń mazmunın quraydı. Bul bolsa elimizde mámlekettiń diniy jumıslarǵa, dinniń bolsa mámleket jumıslarına (nızam hújjetlerinde kórsetilgen jaǵdaylar buǵan kirmeydi) aralaspaytuǵının ańlatadı. Sonıń menen birge Tiykarǵı Nızamımızda mámleket óz aymaǵında jasaytuǵın barlıq millet hám elatlardıń tilleri, úrp-ádetleri hám dásturleri húrmet etiliwin támiyinleydi, olardıń rawajlanıwı ushın sharayat jaratadı, dep atap ótiledi.

Diniy shólkemler qaysı konfessiyaǵa tiyisli bolıwına qaramastan, birdey huqıqıy maydanda xızmet alıp baradı. Diniy birlespeler xızmetin shólkemlestiriw olardıń ishki jumısı esaplanadı hám mámleket qadaǵalawınan tısqarıda.



### TARIYXQA NÁZER

1995-jıldıń oktyabr ayında Tashkent qalasında «Bir aspan astında» súreni menen xalıqaralıq musılman-xristian konferenciyası, 1996-jıldıń noyabrinde Rus pravoslav shirkewi Tashkent hám Oraylıq Aziya eparxiyasınıń 125 jıllıǵı saltanatları ótkerildi.

Diniy shólkemler mámleketten ajıratılǵan bolsa da, din jámiyetten ajıratılmaǵan. Sebebi, qandayda bir dinge isenetuǵın puqara jámiyettiń quramlıq bólegi hám sol sebepli din puqaralıq jámiyetinde óz ornına iye.

Ózbekstan Respublikası demokratiyalıq principlerge sadıqlıǵınıń kórinisi sıpatında mámlekettiń din hám diniy shólkemler menen óz ara qatnasıqlarında tómendegi principlerge ámel etiliwin járiyaladı:

- dindarlardıń diniy sezimlerin húrmet etiw;
- diniy isenimlerdi puqaralardıń yaki olardıń uyımlarınıń jeke isi dep tán alıw;
- diniy kóz qaraslarǵa ámel etetuǵın puqaralardıń da, olarǵa ámel etpeytuǵın puqara-

Shirkew hám sinagogalardı oyran etiw qadaǵan etiledi. Bul máselede ilim arasında qarsılıq joq.

***Abu Mansur Maturidiydiń «Ta'viloti ahlis-sunna» kitabı, Quranı karim, Hajı súresiniń 40-ayatı***

**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**







Berilgen súwretler hám tómendegi teksttiń tiykarında mámleketimizdegi din hám mámleket qatnasıqlarına táriyip beriń.

*Búgingi sessiya qatnasıwshılarına BMSh Bas Assambleyasınıń «Aǵartıwshılıq hám diniy keńpeyillik» dep atalǵan arnawlı rezolyuciyasın qabıl etiw usınısı menen múrájáát etpekshimen.*

*Bul hújjettiń tiykarǵı maqseti — hámmeniń bilim alıw huqıqın támiyinlewge, sawatsızlıq hám mádeniyatsızlıqtı saplastırıwǵa járdemlesiwden ibarat.*

***Shavkat Mirziyoev***
***BMSh Bas Assambleyasınıń 72-sessiyasındaǵı sózinen.***

lardıń da huqıqları teń kepillenedi hám de olardı quwdalawǵa jol qoymaw;
- mánawiy tikleniw, ulıwma adamgershilik, ádep-ikramlılıq qádiriyatların ornatıw isinde hár túrli diniy uyımlardıń imkaniyatlarınan paydalanıw ushın olar menen baylanısıw jolların izlew;
- dinnen buzǵınshılıq maqsetlerinde paydalanıwǵa jol qoyıwǵa bolmaytuǵının atap ótiw.

Respublikamız aymaǵında mámleket hám din qatnasıqların tártipke salıw, diniy shólkemler xızmetin muwapıqlastırıw menen Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti janındaǵı Din isleri boyınsha komitet shuǵıllanadı. Komitet óz jumısın 1992-jılı baslaǵan. Ótken dáwir dawamında jańa sharayatlardıń júzege keliwi, mámleketimiz rawajlanıwınıń jańa basqıshına ótiwi múnásibeti menen Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2018-jıl 16-apreldegi pármanına muwapıq komitet jumısı reformalandı. Sonıń qatarında, xızmetkerler sanı kóbeyip, olardıń aylıq is haqıları kóbeytildi. Sonıń menen birge komitet janında din tarawında júzege keliwi múmkin bolǵan mashqalalardı úyreniw boyınsha oray shólkemlestirildi.



Biz muqaddes dinimizdi burınǵı qádiriyatlarımız jıynaǵınıń kórinisi sıpatında sheksiz qádirleymiz. Biz muqaddes dinimizdi zorlıq hám qan tógiw menen bir qatarǵa qoyatuǵınlardı qatań qaralaymız hám olar menen hesh qashan kelise almaymız.

***Shavkat Mirziyoev***



## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Mámleket hám din qatnasıqlarınıń qanday modellerin bilesiz?
2. Ózbekstan Respublikası usı modellerdiń qaysı birin qollanǵan?
3. Mámleketimiz Konstituciyasınıń 61-statyasında mámleket hám din qatnasıqlarına baylanıslı qanday pikir bekkemlep qoyılǵan?
4. Ózbekstan Respublikası mámlekettiń din hám diniy shólkemler menen óz ara qatnasında qanday principlerge ámel etedi?

# 4-§ DIN HÁM SOCIALLÍQ TURMÍS



**BÚGIN SABAQTA TÓMENDEGILER MENEN TANÍSASÍZ**

1. Dinniń jámiyettegi ornı.
2. Sociallıq qatnasıqlar hám din. Dinniń jámiyettegi sociallıq funkciyaları.

## DINNIŃ JÁMIYETTEGI ORNÍ

Insaniyat tariyxınan jaqsı bilemiz, dúnyanıń heshbir regionı, xalqı belgili bir din hám isenimler sistemasısız óziniń jeke hám sociallıq turmısın kóz aldına keltire almaǵan. Tariyxıy dáwirdiń barlıq basqıshlarında jámiyettiń tiykarǵı buwınları óz jumısın júrgiziw ushın anaw yamasa mınaw diniy isenim principlerine tayanǵan. Bul jaǵday barlıq xalıq hám milletlerge tán.

Sociallıq turmıstıń forma hám mazmunınıń ózgeriwi jámiyet aǵzalarınıń dinge bolǵan qatnasıqlarınıń da barǵan sayın ózgerip barıwına óz tásirin kórsetti.

Din hám onıń belgili wákilleri, eń dáslep, sociallıq járdemge mútáj adamlardı qorǵawǵa xızmet etken. Sonıń ushın da jámiyettiń aqsúyekler taypası onı dárhal qabıl etpegenlerin tariyxtan bilemiz.

Keyin bolsa ayırım húkimdar toparlar dinnen óziniń sociallıq-ekonomikalıq hám siyasiy dárejelerin bekkemlew maqsetlerinde paydalanıwǵa umtıldı. Bunda insanıylıqqa jat is-háreketlerdi ámelge asırıwdan da qaytpaydı. Sonlıqtan, Batısta úlken ilimiy ashılıwlardı ámelge asırǵan alımlar shirkew



Eger temir isletilmese, tat basadı. Eger suw háreketlenip turmasa, aynıydı. Eger adam pikirlemese, aqılda da sonday jaǵday júz beredi.

***Leonardo Da Vinchi***



Qaysı birińizde ashıw ǵázep oyansa, dárhal ol únsizlik saqlawǵa ótsin!

***

Kimde kim dinge jat háreket etse, qıyamet kúni otlı qamshı menen sabaladı.

***Hadis***

húkimdarlıǵına qáwip tuwdırıwı múmkin, degen juwmaqqa keldi. Olar kóz baylawshılıqta ayıplandı hám de ǵalaba qısımǵa ushıradı.

Batıstaǵı bunday sociallıq jaǵdaydı Orta ásirler Mawaraunnaxrı, ásirese, Temuriyler dáwiri menen salıstırsaq, sonday jaǵdaydı baqlaymız, islam dini ulamaları bul dáwirde jasap, dóretiwshilik penen shuǵıllanǵan ullı ulamalarımız jumısın din kórsetpelerine qarsı, dep qaralamaǵan.

Burınǵı totalitar dúzim dáwirinde milliy-mádeniy miyrasımızdı ilim-pánniń dushpanı etip kórsetiwge shıntlap kirisildi. Máselen, ótken ásirdiń 70-jılları súwretke alınǵan filmde Mırza Ulıǵbektiń óliminde Xoja Ahrar Valiy ayıplı etip kórsetilgen. Usı Xoja Ahrar Valiy shahzada Abdulatifti «atań gúná islerdi alıp barıp atır hám bunıń menen ójetlik etip atır», «kápirdi óltiriwi sebepli bolsa islamda úlken sawapqa erisiledi» degen pátiwanı bergendey epizodlar bar. Tariyxıy haqıyqatqa qaraǵanda, Xoja Ahrar Valiy Mırza Ulıǵbek óltirilgende ulıwma Sa-



*Galileo Galiley inkviziciya sudı aldında*



*Shirkew tárepinen Dj. Bruno kitaplarınıń jaǵılıwı*

marqandta bolmaǵan. Kerisinshe, ol temuriyzadalar ortasındaǵı tajı-taxt ushın urıslardıń aldın alıwǵa háreket etken.

XX ásirde burıńǵı Awqam aymaǵında basqa dinler qatarı islam dinine baylanıslı bilimlerdiń de kriziske ushırawı mádeniyatsızlıqtıń kúsheyiwine sebep boldı. Ateizm ideyası ústemlik etiwge háreket etti. Nátiyjede, islam dini táliymatına jat bolǵan elemetler jámiyetlik turmısqa kirip kele basladı. Biraq, islam dini táliymatında ustaz-shákirt dástúri qáliplesken bolıp, diniy bilimler ustazdan-shákirtlerge ótip kelgen. Usı jol menen diniy qádiriyatlar búgingi kúnge shekem saqlanıp qaldı.

On barabar bayıp ketseń de, turmıs tárizińdi ózgertpe.

***Lev Tolstoy***

Dúnyadaǵı zorlıq hám jawız kúshler qaysı bir xalıq yamasa mámleketti ózine baǵındırıp, boysındırmaqshı, onıń baylıqların iyelemekshi bolsa, eń dáslep, onı quralsızlandırıwǵa, yaǵnıy eń ullı baylıǵı bolǵan milliy qádiriyatları, tariyxı hám mánawiyatın joq etiwge urınadı.











Konstitutciyalıq dúzimdi zorlıq penen ózgertiwdi maqset etip qoyıwshı, respublikanıń suvereniteti, bir pútinligi hám qáwipsizligine, puqaralardıń konstituciyalıq huqıq hám erkinliklerine qarsı shıǵıwshı, urıstı, sociallıq, milliy, rasalıq hám diniy qarsılıqtı úgit-násiyatlawshı, xalıqtıń densawlıǵın hám mánawiyatın buzıwshı, sonday-aq áskeriylestirilgen birlespelerdiń, milliy hám diniy ruwxtaǵı siyasiy partiyalardıń hám de jámáátlik birlespeleriniń dúziliwi hám háreketi qadaǵan etiledi.

Jasırın jámiyetler hám uyımlar dúziw qadaǵan etiledi.

***Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 57-statya***

Joqarıdaǵı tariyxıy maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, din hám jámiyet óz ara tıǵız baylanıslı. Dindi durıs tallaw tınıshlıqtı saqlaw, keńpeyillik ortalıǵın qáliplestiriw, ilim-bilimniń rawajlanıwına xızmet etedi. Onnan ǵárezli maqsetlerde paydalanıw bolsa sociallıq turmıstıń buzılıwına, jámiyette tınıshsızlıq júzege keliwine sebep boladı.

## SOCIALLÍQ QATNASÍQLAR HÁM DIN. DINNIŃ JÁMIYETTEGI SOCIALLÍQ FUNKCIYALARÍ

Dinniń «funkciyası» hám «roli» túsinigin ayırıp biliw lazım, olar bir-biri menen baylanıslı, biraq bir zat emes.

Funkciya — bul dinniń jámiyettegi háreket usılı. Rol — bul funkciyanı orınlaw nátiyjeleriniń ulıwma jıyındısı. Dinniń jámiyette birneshe funkciyaları bar.

***Dúnyaǵa kóz qaras funkciyası.*** Barlıq dáwirlerde din turmısınıń mazmun-mánisi, insannıń turmıs qıyınshılıqları, «o dúnya» haqqındaǵı sorawlarǵa juwap beredi. Bul juwaplar adamlarǵa jasawdan maqseti ne ekenligin ańlaw sezimin beredi.

Qudayǵa iseniwshi adamlar ózlerin táǵdirdiń soqqıları astında zorǵa kún kóriwshi ázzi janzat sıpatında emes, al ómirlerin tutas teologiya mazmunınıń bir bólegi sıpatında kóz aldına keltiredi.

**Táselle beriw funkciyası.** Ómir mazmunı haqqındaǵı sorawlarǵa din táre-

pinen berilip atırǵan juwaplarda bul dúnyada júz berip atırǵan azap-aqıretler insan ushın biykarǵa emesligi uqtırıladı, bul bolsa iseniwshilerge ruwxıy tınıshlıq beredi. Táshiwishli hádiyseler menen baylanıslı bolǵan diniy úrp-ádetler músiybetli kúnlerde adamlarda ruwxıy teńsalmaqlılıqtı saqlawǵa járdem beredi. Adam basqalardıń ózine tileklesligin sezedi hám anıq ornatılǵan úrp-ádetlerden ruwxıy jaqtan tınıshlanadı.

***Óziniń sociallıq kelip shıǵıwın belgilew funkciyası.*** Diniy táliymatlar oǵan iseniwshilerdi birdey qádiriyatlar hám ulıwma maqsetler átirapında birlestiredi (biz musılmanbız, biz xristianbız, biz evreymiz hám t.b). Máselen, yaponiya xalqı isenimine qaraǵanda, hárbir yapon sintoiylik dininde tuwıladı. Evrey dininde bolıw ushın da evrey milletinen kelip shıqqan bolıw kerek. Musılmanlarda bolsa kelip shıǵıw iyman shártlerin orınlaw menen belgilenedi.

***Jámiyetlik normalastırıw funkciyası.*** Barlıq dinlerde oǵan iseniwshilerdiń sociallıq qatnasıqları di-

**MAĠLÍWMAT USHÍN**

Dinniń jámiyetke tásirin úyreniwshi pán din sociologiyası dep ataladı. Francuz alımı Ogyust Kont bul atamanı birinshi ret ilimiy aylanısqa kirgizgen alım.


Мусулмонлар идораси Ақтўбе фожиаси қурбонлари оилаларига ҳамдарлик билдирди

12:15 / 19.01.2018 8801

Ўзбекистон

Ўзбекистон Мусулмонлари идораси раҳбарияти 18 январь куни Қозоғистоннинг Ақтўбе вилоятида содир бўлган фожиа оқибатида ҳалок бўлган ўзбекистонликларнинг оила аъзолари, яқинлари ва қариндошларига ҳамдардлиги ва таъзиясини билдирди.

الحمد لله الذي قدر آجال العباد، وكتب أعمارهم قبل موالدهم. وقال

وَلِكُلِّ أُمَّةٍ أَجَلٌ فَإِذَا جَاءَ أَجَلُهُمْ لَا يَسْتَأْخِرُونَ سَاعَةً وَلَا يَسْتَقْدِمُونَ

والصلاة والسلام على سيد الأنبياء وإمام الحنفاء محمد بن عبدالله وآله وأصحابه النجباء .

Муҳтарам жамоат!
2018 йил 18 январь куни Қозоғистоннинг Ақтўбе вилоятида рўй берган фожиадан Ўзбекистон Мусулмонлари идораси катта қайғуда. Кўплаб юртдошларимиз ўлимига олиб келган ушбу воқеа муносабати билан ҳалок бўлганларнинг оила аъзолари ва яқинларига Ўзбекистон Мусулмонлари идораси Уламолар Кенгаши номидан чуқур ҳамдардлик билдирамиз.

Ўзбекистон Мусулмонлари идораси, уламолар ва имом-домлалар томонидан ҳалок бўлганларнинг оила аъзоларига ҳамдардлик билдириш, масжид-мадрасаларимизда хатми Қуръонлар ўқиб, руҳи покларига бахшида қилиш ва яқинларига тасалли бериш каби савобли ишлар бошланди.

niy qaǵıydalar menen tártipke salınadı. Máselen, ata-anaları, perzentleri, qońsı-qobaları, aǵayin-tuwǵanları hám hátte basqa dinge iseniwshilerge bolatuǵın qatnasıqlar da tártiplestirip qoyıladı.

***Jámiyetlik qadaǵalaw funkciyası.*** Din kúndelikli turmıs ushın normalardı belgilew menen sheklenbesten adamlardıń minez-qulqın da qadaǵalaydı. Diniy topardıń kópshilik sheklewleri tek onıń aǵzalarına tiyisli. Lekin, ayırım normalar diniy toparǵa baylanıslı bolmaǵan adamlarǵa da tiyisli esaplanıwı múmkin. Máselen, náshebentlik zatın paydalanıw, basqa dinge iseniwshilerge zorlıq etiw, ózine tiyisli bolmaǵan múlkke iyelik etiwge umtılıw hám basqa unamsız hádiyselerge qarsı turıw ulıwma sheklew hám qadaǵalawǵa baylanıslı.

***Beyimlesiw funkciyası.*** Din adamlardıń jańa jámiyetlik ortalıqqa beyimlesiwine járdem beredi. Ayırım sebeplerge baylanıslı, basqa ellerge kóship ketken adamlar jańa jerde biytanıs jergilikli

**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

*Sháriyattı tán dep oyla, tariqattı qálb dep ańla, haqıyqattı bolsa jan dep tanı.*

***Imam Maturidiy***

*Ómir jibiniń ushı Qudaydıń qolında eken, ne ushın bul ómirde oǵan isenbewimiz kerek.*

***Maxatma Gandi***

*Jaqsılıq et, dáryaǵa tasla, balıq biledi, balıq bilmese xalıq biledi.*

***Xalıq maqalı***

*Hárbir iste qayır bar.*

***Xalıq hikmeti***

Bul hikmetler dinniń qaysı funkciyaların ámelge asıradı?

úrp-ádetlerge kónligiwi ańsat emes. Bunday sharayatlarda olar ózleri isenetuǵın dinniń úrp-ádetlerin hám isenim normaların hám de ana tilin saqlap qalıw arqalı mádeniy hám milliy qádiriyatların keyingi áwladlarǵa jetkeredi.

Álbette, din joqarıda kórsetip ótilgen áhmiyetli sociallıq funkciyalardı orınlap, jámiyet aǵzalarınıń dúnyaǵa kóz qarasına sezilerli tásir kórsetedi.

Mámleketimizde islam dinindegi ortashalıq principi adamlardıń jeke hám sociallıq turmısındaǵı bar mashqalalarǵa keńpeyillik, saqawat, sawap, húrmet kibi ádep-ikramlılıq qádiriyatlar tiykarında aqılǵa muwapıq qatnas jasawǵa shaqıradı. Usı kóz qarastan, islam dinindegi bul princip Ózbekstannıń búgingi kúndegi jedel pát penen ótip atırǵan sociallıq rawajlanıwı ushın mánawiy faktorlardan biri bolıp xızmet etedi.

Tuwrı hám haq joldan júrgen adamnıń júrisi arıslan júrisinen de aybatlıraq.

***Mahmud Zamaxshariy***

**BEKKEMLEW USHÍN**
**SORAW HÁM TAPSÍRMALAR**

1. Dinnen ǵárezli maqsetlerde paydalanıw qanday sociallıq mashqalalarǵa alıp keledi?
2. Din hám jámiyet qatnasıqların úyrenetuǵın pán tarawı qalay ataladı?
3. Din sociologiyasınıń tiykarǵı maqseti nede?
4. Dinniń jámiyetlik turmıstaǵı qanday funkciyaların bilesiz?
5. Dinniń jámiyettegi «funkciyası» hám «roli» túsinigi nelerde sáwlelenedi?

# 5—6-§ ORAYLÍQ AZIYA DINLERI

**BÚGIN SABAQTA TÓMENDEGILER MENEN TANÍSASÍZ:**

1. Oraylıq Aziyadağı tarqalğan dinlerdiń házirgi jağdayı.
2. Zardushtiylik jámáátleriniń zamanagóy turmıs tárizi.
3. Táńirshiliktegi «Oyanıw» háreketi hám onıń zıyanlı aqıbetleri.

Ullı Jipek jolı tek aymaqlar arasında sawda-satıq baylanısların emes, al mámleketler hám materikler ortasında málimleme almasıwın támiyinlewge xızmet etken

***Shavkat Mirziyoev***

Oraylıq Aziya regionınıń áyyemde Ullı jipek jolında jaylasqanlığı bul jerde kóp milletli hám konfessiyalı mámlekettiń qáliplesiwine sebep boldı. Ullı Jipek jolı Shash, Samarqand, Buxara, Xiywa sıyaqlı áyyemgi qalalar arqalı ótken. Bul qalalarda úlken kárwansaraylar, sawda orınları hám bazarlardıń rawajlanıwı menen birge hár túrli mádeniyat, til hám din wákilleri de jámlendi. Tábiyiy, olar óz úrp-ádet hám dástúrlerin de alıp kirdi.

Oraylıq Aziya regionında tarqalğan eń áyyemgi dinlerdiń biri zardushtiylik. Búgingi kúnde bul dinge iseniwshilerdiń sanı júdá kóp emes.

**TARIYXQA NÁZER**

Ullı Jipek jolı Orta ásirlerde Shığıs hám Batıs mámleketlerin óz ara baylanıstırğan materikleraralıq kárwan jolı. «Ullı Jipek jolı» ataması usı joldan tasılğan qımbat bahalı tovar — Qıtay jipegi menen baylanıslı. Oraylıq Aziyada áyyemnen jáhán dinleri — buddizm, xristianlıq, islam dinleri tarqalğan. Sonday-aq, moniylik hám evreylik dinleri de bolğan.

Jáhán kóleminde zardushtiyliktiń diniy deregi Avestonı úyreniw avestotanıwshılıq atın alǵan. Házir AQSh, Rossiya, Iran, Hindstan mámleketlerinde úlken avestotanıwshılıq orayları bar. Búgingi kúndegi eń iri zardushtiy jámáátleri — Iran gebrleri hám Hindstan parsıları arasında tek ǵana til, sıyınıwlardı ótkeriw forması hám jıl esabı boyınsha ayırım kelispewshilikler bar. Házirgi waqıtta Hindstanda ruwxıy tárepke itibar beriwshi bir qatar toparlar júzege kelgen.

Globallasıw tásirinde sońǵı waqıtlarda zardushtiylikti reformalaw, kóp ǵana máresimlerdi biykar etip, tek «Gat»lardı muqaddes kitap dep tán alıw pikirin alǵa qoymaqta. Búgingi kúnde dúnya kóleminde zardushtiyler Hindstanda 100 mıń, Iran 50 mıń, Evropa, Aziya mámleketleri hám de Amerikada birneshe mıń adamdı quraydı.

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

**Gebrler hám parsılar —** zardushtiylik dinine iseniwdi saqlap qalǵan etnokonfessiyalıq toparlar.



*Iran gebrleri*



*Hindstan parsıları*

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

2001-jılı YUNESKO tárepinen Avestonıń 2700 jıllıǵı belgilendi.



*Úrgensh qalasında Avestoǵa qoyılǵan estelik.*

Oraylıq Aziya regionında júzege kelgen dinlerden jáne biri bul táńrishilik. Region xalıqları tariyxında bul isenimniń ózine tán orını bolǵan.

Táńirshilik tariyxı úlkemiz xalıqlarınıń ótmish mádeniyatı, sociallıq turmısı hám turmıs tárizi haqqında maǵlıwmat beriwshi tariyxıy dereklerden biri.

Búgingi kúnde Oraylıq Aziya xalıqları arasında táńrishilikti áyyemgi diniy dástúr sıpatında tiklewge urınıwlar bar. Bunday háreketler artında ayırım ǵárezli maqsetler jatırǵanın seziw múmkin.

1990-jıllardan baslap táńrishilikke iseniwshi toparlar payda bola basladı. Bile tura kóterip shıǵılıp atırǵan bul jaǵday xalıqtıń arasında bóliniwlerge alıp keliwi múmkin. Sebebi búgingi kúnde usı re-

*Aqıllı bolıw jetkilikli emes, áhmiyetlisi onı qollana biliw*

***Rene Dekart***

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Qoqanlı óziniń mámleketlik ideologiyasına muwapıq, «el» dep atalıp, áyyemgi tariyxta onıń menen baylanıslı «máńgi el», «Táńiri (ilahiy) el, «túrk eli» sıyaqlı sózler qáliplesken. El hám qoqan hákimiyatınıń Táńri tárepinen Ashina úyine «Turk budun (xalqı)»na inam etilgenine isenilgen. Áyyemgi túrk jámiyeti dúnyanıń qandayda bir basqa siyasiy uyımı húkimdarına «quday-patsha» sıpatında qaralmaǵan, sebebi bunday siyasiy kúsh (baxıt) Táńri tárepinen tek Ashina úyine inam etilgen, degen túsinik Ashina túrkleri túsiniginde ústem edi. Solay etip, Ashina úyi hákimiyatı diniylestirilgen. Eger Táńiri bergen siyasiy hákimiyat isenimdi aqlamasa, yaǵnıy óziniń qúdiret-kúshin kórsete almasa, onday húkimdar hákimiyattan uzaqlastırılıp, «Tańri bergen siyasiy hákimiyat jáne Táńiri tárepinen qaytarıp alınadı», dep túsinilgen.

***Abu Rayhon Beruniy***

gionda ózleriniń kóp ásirlik diniy isenimlerine iye bolǵan hár túrli millet hám elatlar jasaydı. Usınday sharayatta táńirshilik dinin qayta tiklewge urınıw milliy hám diniy qarama-qarsılıqlar kelip shıǵıwına sebep boladı.

XXI ásirdiń baslarında Oraylıq Aziya regionında jaylasqan mámleketler — Qazaqstan, Qırǵızstan, Tájikstan, Túrkmenstan hám Ózbekstanda ózine tán diniy kóriniske gúwa bolıwımız múmkin.

Qazaqstan Respublikasında rásmiy 18 konfessiya quramında 3600 den artıq diniy shólkem bar. Sonday-aq, mámlekette 246 dástúrlik emes diniy toparlar hám jańa jámáátler (missionerler) de xızmet kórsetedi.

Túrkmenstan Respublikasında 13 diniy konfessiya dizimge alınǵan. Mámlekette 128 diniy shólkem bar. Qırǵızstan Respublikasında 30 dan artıq diniy konfessiyalar bar.

> Insan ómiri dawamında ómir jolın ózine-ózi jaratıp bara beredi.
>
> ***O. Mahmudovtıń «Ummondan durlar» kitabınan***

## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Oraylıq Aziya regionında kóp milletli hám konfessiyalı xalıqtıń jasawınıń sebepleri nede?
2. XXI ásirdiń baslarında Oraylıq Aziya regionında jaylasqan mámleketler — Qazaqstan, Qırǵızstan, Tájikstan, Túrkmenstan hám Ózbekstanda qanday diniy kórinisti kórsetiwimiz múmkin?
3. Táńrishilik dininiń búgingi kúnde úgit-násiyatlanıwı qanday aqıbetlerge alıp keliwi múmkin?

# 7-§ JÁHÁN DINLERI DEREKLERI: BUDDIZM HÁM XRISTIANLÍQ

**BÚGIN SABAQTA TÓMENDEGILER MENEN TANÍSASÍZ:**

1. Jáhán dinleri dereklerinıń diniy keńpeyillik, tatıwlıq mádeniyatın qáliplestiriwdegi áhmiyeti.
2. Ózbekstanda buddizm jámááti, ádebiyatları. Xristianlıq jámáátleri. Bibliyanıń ózbek tilindegi basılımı.



*Tripitaka*

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

2017-jıldıń 1-iyununda Tashkent qalasında Bibliya kitabınıń ózbek tiline tolıq awdarmasınıń kórgizbesi bolıp ótti.

Usı jılǵa shekem Bibliyanıń ayırım bólimleri ǵana ózbek tiline awdarma etilgen edi.

## JÁHÁN DINLERI DEREKLERINIŃ DINIY KEŃPEYILLIK, TATÍWLÍQ MÁDENIYATÍN QÁLIPLESTIRIWDEGI ÁHMIYETI

Hárqanday dinge isenimnıń tiykarları, nızam-qaǵıydaları, sıyınıw hám máresimleri onıń muqaddes dereklerinde kórsetiledi. Muqaddes kitaplar birlemshi yamasa ekilemshi bolıwı múmkin. Jáhán dinlerinen bolǵan buddizmlikte Tripitaka, xristianlıqta Bibliya muqaddes derek esaplansa, islam dininde Quranı kárim tikkeley Allanıń sózleri — kálamı bolıp esaplanadı. Sol sebepli de, islam dini táliymatı boyınsha Quran ayatların pák emes jaǵdayda tilawat etiw, onıń ústine basqa kitaplardı yamasa buyımlardı qoyıw, kóterip júrgende qollardıń belden tómenge túsip turıwı múmkin emes.

Basqa dinlerde de ózleriniń muqaddes dereklerine úlken húrmet kórsetiledi.

Máselen, xristianlıqta Isa Masix yamasa basqa áwliyelerdiń súwretleri túsirilgen ikonalar úylerdegi arnawlı «muqaddes múyesh» yaki «qızıl múyesh» ke



*Xristian shańaraqlarındaǵı «muqaddes múyesh» yamasa «qızıl múyesh»*

jaylastırıladı hám olarǵa ayrıqsha húrmet kórsetiledi. Bul orın úydegi altar (mixrab) wazıypasın atqaradı. Shańaraq aǵzaları bul jerge kelip, sıyınadı. Altar júdá taza saqlanǵan.

Muqaddes dereklerde diniy kórsetpeler menen birge, ádep-ikramlıq, adamgershilik, hadallıq, qorshaǵan-ortalıqtı saqlawǵa tiyisli kórsetpeler de orın alǵan.

Sonı umıtpaw kerek, hesh qaysı dinniń muqaddes deregi biygúna insanlar, janıwarlardıń qanın tógiw, urlıq, oyran etiwge buyırmaydı.

«Keyin Quday tómendegi sózlerdi ayttı:» Men sizlerdi Mısrdaǵı qullıqtan alıp shıqqan Iyeńiz Qudayman... Adam óltirmeń... Urlıq etpeń. Qońsıńızǵa qarsı jalǵan gúwalıq bermeń. Qońsıńızdıń úyine kóz alartpań. Qońsıńızdıń hayalı, qulı yamasa shorısı, malı yamasa eshegi, oǵan qaraslı qandayda bir zatına kóz alartpań».

***Bibliyanıń «Áyyemgi Ahd» bóliminen***

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Buddizm táliymatınıń tiykarı «ómir — bul azap-aqıret» hám «qutılıw jolı bar» degen ideya. Buddizm nızamlılıqlarına baylanıslı, insan ózine beyimlesken janzat bolıp, ózinde tuwıladı, ózin-ózi nabıt etedi yamasa qutqaradı.

Buddizm tekstlerinde tınıshlıqtı súyiwshilik eń joqarı pazıylet esaplanıp, ǵázep hám qáhári qattılıq eń úlken gúnalar sıpatında atap ótiledi. Sonıń ishinde, Tripitakanıń «Dxammapada» kitabında bılay delinedi: «Illakiy, bul dúnyada hesh qashan jek kóriw jek kóriw menen jeńilmeydi, al jek kóriwdiń joqlıǵı menen ol da joq boladı».

## ÓZBEKSTANDA BUDDIZM JÁMÁÁTI, ÁDEBIYATLARÍ. XRISTIANLÍQ JÁMÁÁTLERI. BIBLIYANÍŃ ÓZBEK TILINDEGI BASÍLÍMÍ

Jáhán dinleriniń eń áyyemgisi bolǵan buddizmlikte muqaddes derek — Tripitakaǵa úlken húrmet kórsetiledi. Pali tilinde jazılǵanı sebepli de bul kitap «Pali kanonı» dep te ataladı.

Házirgi kúnimizge shekem «Pali kanonı»nıń kóplegen bólimleri inglis tiline awdarılǵan. Tripitakanıń rus tiline awdarmaları XIX ásirde payda bolǵan.

Xristianlıq dininiń tiykarǵı deregi Bibliya «Áyyemgi Ahd» (evreylerde «Tanax») hám «Jańa Ahd» dep atalıwshı eki bólimnen ibarat. Olardan «Áyyemgi Ahd» áyyemgi aramiy tilinde, «Jańa Ahd» bolsa áyyemgi grek tilinde jazılǵan.

**TARIYXQA NÁZER**

Eramızdan aldınǵı 80-jılları Tripitaka birinshi ret palma japıraqlarına jazılǵan.

1871-jılı Mandalay (Birma) qalasında bolıp ótken Pútkil jáhán buddistler jıynalısınan soń Tripitaka teksti hárbiri 2 metrli 729 mramor plitalarǵa jazıp shıǵılǵan.

1900-jılı mramorǵa oyıp túsirilgen Tripitaka teksti birinshi ret kitap halında basıp shıǵarıldı. Onıń kólemi 38 tomdı quradı.

Maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda búgingi kúnge kelip, bul kitap úsh mıńnan aslam til hám dialektlerge awdarılǵan.

1991-jılı birinshi ret Bibliya kitabı ayırım bólimleriniń ózbek tiline awdarması ámelge asırılǵan. 1994-jılı respublikamızda Ózbekstan Bibliya kitap jámiyeti dúzilgen. 2017-jıldıń iyun ayında jámiyet tárepinen birinshi ret Bibliya tolıq túrde ózbek tiline awdarılǵanı járiyalandı.

Hámiyshe jaqsılıq et. Basqalardı súyseń, óziń de, basqalar da baxıtlı boladı.

***Budda***

## TARIYXQA NÁZER

«Áyyemgi Ahd»tıń dáslepki awdarması eramızdan burıńǵı III—I-ásirlerde grek tiline awdarılǵan. Ol «Septuaginta» — jetpis awdarmashı jumısı dep ataladı.

390—405-jıllar arasında Bibliya teksti latın tiline awdarıldı.

V ásirde Bibliyanıń tolıq teksti armeniya, got, gruzin hám basqa tillerge awdarıldı.

1380-jılı bolsa latın tilinen inglis tiline awdarıldı.

1581-jılı birinshi márte slavyan-shirkew tilindegi Bibliya dúnyaǵa keldi.

1818-jılǵa kelip bolsa onıń dáslepki bólimleri rus tilinde basıp shıǵarıldı.

## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Muqaddes derek degende ne túsiniledi?
2. Dinlerde muqaddes kitaplarǵa qanday múnásibet kórsetiledi?
3. Bibliyanıń awdarmaları haqqında nelerdi bilesiz?
4. Buddizm dininiń muqaddes deregi qanday atamalar menen ataladı?
5. Sizińshe, muqaddes diniy derekler insanlardı buzǵınshılıqqa shaqırıwı múmkin be?

# 8–9-§ XX–XXI ÁSIRLERDE ISLAM

**BÚGIN SABAQTA TÓMENDEGILER MENEN TANÍSASÍZ:**

1. Islam dini sheńberinde júzege kelgen xalıqaralıq shólkemler, olardıń fanatizm hám terrorizmge qarsı gúrestegi ornı.
2. Ózbekstannıń xalıqaralıq islam shólkemlerine aǵzalıǵı.

## ISLAM DINI SHEŃBERINDE JÚZEGE KELGEN XALÍQARALÍQ SHÓLKEMLER

> Ishtegi kelip esikti ashıp bermese, sırttaǵı urı úyge kire almaydı.
>
> ***Jalaliddin Rumiy***

XX ásirdiń aqırı XXI ásirdiń dáslepki on jıllıǵında dúnyanıń diniy kórinisinde bir qatar ayrıqsha hám qarama-qarsılıqlı ózgerisler júz berdi. Bunday ózgerislerdiń tiykarında jáhán siyasatı hám mánawiyatında júz berip atırǵan procesler, eki polyusli dúnyanıń saplastırılıwı, globallasıwdıń jedellesiwi, xalıq-aralıq terrorizm qáwpiniń kúsheyiwi sıyaqlı faktorlar jatır.

Bir qatar musılman mámleketleriniń alımları, zıyalıları hám jámiyetlik-siyasiy taraw ǵayratkerleri terrorizimge qarsı ózleriniń múnasibetlerin bildirdi. Olar usı maqsette jáhán kóleminde jumıs alıp baratuǵın turaqlı shólkem dúziw haqqındaǵı baslama menen shıqtı. Nátiyjede xalıqaralıq kólemde húkimetlik yamasa húkimetlik emes dárejesinde jumıs alıp barıwshı Islam konferenciyası shólkemi dúzildi

1969-jılı Marokko paytaxtı Rabat qalasında musılman mámleketleriniń sırtqı isler ministrleriniń qatnasıwında sessiya bolıp ótti. Bul sessiyada qatnasqan mámleketler Islam konferenciyası shólke-

miniń aǵzaları etip belgilendi. Búgingi kúnde bul shólkem Islam Birge islesiw shólkemi (IBISH) dep ataladı.

IBISh jumısında tómendegiler tiykarǵı maqset sıpatında belgilengen: islam birligin qollap-quwatlaw; ekonomikalıq, sociallıq, mádeniy, ilimiy hám basqa da tarawlarda birge islesiwdi bekkemlew; rasalıq kemsitiwdi, barlıq túrdegi eziwshilikti saplastırıwǵa háreket etiw; tınıshlıq hám qáwipsizlikti saqlaw ushın ilajlar belgilew hám basqa.

Shólkemdi basqarıwdıń tiykarǵı principleri: óz táǵdirin ózi belgilew huqıqına ámel etiw; aǵza mámleketlerdiń teń huqıqlarǵa iye ekenligi; suverenitet, ǵárezsizlik hám aymaqlıq pútinlikti tán alıw; aǵza mámleketler arasındaǵı kelispewshiliklerdi tınısh jollar menen sheshiwden ibarat.

## ISLAM BIRGE ISLESIW SHÓLKEMI BÓLIMLERI

IBIShniń Basshı organları Mámleket hám húkimet Baslıqları konferenciyası, Sırtqı isler ministrleriniń konferenciyası hám bas xatker basshılıǵındaǵı sekretariat bolıp esaplanadı.

***Joqarı organ*** — aǵza mámleketler basshılarınıń islam sammiti hár úsh jılda ótkerilip, musılman mámleketleriniń ulıwma siyasatın belgilep beredi. Sırtqı isler ministrleriniń konferenciyası bolsa hár jılı yamasa zárúrlikke qarap ótkeriledi.

Joqarı atqarıw organı Bas xatker basshılıǵındaǵı Bas sekretariat esaplanadı.

Bas xatker aǵza mámleketlerdiń sırtqı isler ministrleri tárepinen 4 jıl múddetke saylanadı. Shólkemniń bas rezidenciyası Saud Arabiyasınıń Jidda qalasında jaylasqan.



... Bul ánjuman ullı alım Mırza Ulıǵbek Buxara qalasında qurılǵan medreseniń úlken esiginiń mańlayına jazılǵan «Ilim iyelew hárbir musılman er hám hayal ushın parız», degen hádisi-sháriypti ómirimiz qaǵıydasına aylandırıwǵa xızmet etedi.

***Shavkat Mirziyoevtiń Islam birge islesiw shólkeminiń Ilim hám texnologiyalar boyınsha birinshi sammitindegi sózinen.***

IBISh janında Islam rawajlanıw banki, Ilim hám texnika tarawında birge islesiw boyınsha turaqlı komitet jumıs alıp baradı.

1975-jıldan oǵan BMSh janında baqlawshı shólkem statusı berilgen.

Shólkem qaramaǵında jámi 17 gárezsiz shólkemler bar. Olardan eń irileri tómendegiler:

- Islam rawajlanıw banki;
- Islam jańalıqlar agentligi;
- Islam teleradioesittiriwler awqamı;
- Ekonomikalıq-sociallıq máseleler boyınsha Islam komissiyası;
- Islam rawajlanıw fondı;
- Islam ádillik sudı;
- Islam paytaxtları awqamı;
- Ilimiy-texnikalıq rawajlanıw islam fondı;
- Bilimlendiriw, ilim hám mádeniyat máseleleri boyınsha islam shólkemi hám t.b.

### MAǴLÍWMAT USHÍN

2017-jıldıń 9-aprel kúni Mısrdıń Tanta qalasındaǵı «Mar Girgis» xristianlar shirkewinde júz bergen qoparıwshılıq háreketleri boyınsha Islam birge islesiw Shólkeminiń Bas xatkeri Yusuf Axmad al-Usayminniń jeke ózi bayanat berip, shirkewde júz bergen hám kóplegen biygúna adamlardıń ólimi hám jaraqatına sebepshi bolǵan terroristlik háreketin qatań qaraladı.

### TARIYXQA NÁZER

Islam birge islesiw shólkemi — húkimetleraralıq xalıqaralıq shólkem. 2011-jıl 28-iyunge shekem Islam konferenciyası shólkemi dep atalǵan. 1969-jılı Rabat (Marokko) qalasında dúzilgen. Ustavı 1972-jıl Jidda (Saud Araviyası) qalasında 3-konferenciyada qabıl etilgen. 2008-jıl 13—14-martta Dakar (Senegal) qalasında bolıp ótken 11-sammitte Ustavtıń jańa redakciyası qabıl etilgen.

## ÓZBEKSTANNÍŃ XALÍQARALÍQ ISLAM SHÓLKEMLERINE AǴZALÍǴÍ

2016-jıl Tashkent qalasında Islam birge islesiw shólkeminiń qatnasıwında «Bilimlendiriw hám aǵartıwshılıq — tınıshlıq hám dóretiwshilikke qaray jol» temasında xalıqaralıq ánjuman bolıp ótti. Onda Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoev Islam birge islesiw shólkemindegi basshılıq dáwiri ushın usınılıp atırǵan tiykarǵı maqsetlerinen biriniń kontekstinde mámleketimizdiń ayırım baslamaların járiyaladı.

Birinshi baslama tek islam mádeniyatı emes, al ulıwma insanıylıq civilizaciyaǵa úlken úles qosqan ullı ata-babalarımızdıń kóp qırlı diniy-mánawiy miyrasın úyreniwge qánigelestirilgen Samarqandtaǵı Imam Buxariy xalıqaralıq izertlewler orayın shólkemlestiriwden ibarat. Ózbekstannıń jáne bir baslaması — Tashkent islam universiteti (házirgi Ózbekstan xalıqaralıq islam akademiyası) quramında Bilimlendiriw, ilim hám mádeniyat máseleleri boyınsha islam shólkemi *(ISESCO — Islamic Educational, Scientific and Cultural Organization)*nıń arnawlı kafedrasın shólkemlestiriw menen baylanıslı. Jańa kafedra jumıslarınıń tiykarǵı baǵdarın musılman dúnyasındaǵı bilimlendiriw, ilim-pán hám

**TARIYXQA NÁZER**

ISESCO — IBISh janındaǵı ǵárezsiz shólkem. 1979-jılı shólkemlestirilgen, Ustavı 1982-jılı Shólkemlestiriw Konferenciyasında (1982-jıl, Fes qalası) qabıl etilgen.

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

IBIShda jámi 57 mámleket aǵza. Ózbekstan shólkemge 1996-jıl 2-oktyabrde qabıl etilgen. Bosniya hám Gercegovina, Oraylıq Afrika Respublikası, Rossiya, Tayland, Arqa Kipr Túrk Respublikası, sonday-aq, BMSh, Arab mámleketleri ligası, Afrika awqamı, Ekonomikalıq birge islesiw shólkemi, Qosılmaw háreketi shólkemi baqlawshı statusına iye. IBISh bolsa xalıqaralıq huqıq subyekti sıpatında BMShde baqlawshılıq etiwge haqılı.

mádeniyat tariyxı hám de olardıń házirgi jaǵdayın úyreniw hám olar haqqında studentlerge tereńlestirilgen arnawlı kurslardı oqıtıwdı shólkemlestiredi.

Búgingi kúnde IBISh hám Ózbekstan ortasındaǵı birge islesiw perspektivaların bir qatar global hám regionallıq mashqalalardı sheshiwde kóriw múmkin. Respublikamız IBISh quramındaǵı Bilimlendiriw, ilim hám mádeniyat máseleleri boyınsha islam shólkemi (ISESCO) menen de bekkem baylanıslarǵa iye. Haqıyqatında, bul shólkem 2007-jılı Tashkent qalasın «Islam mádeniyatı paytaxtı», dep járiyalaǵan edi. Sonıń menen birge, ISESCO tárepinen 2020-jılı watanımızdıń jáne bir dúrdanası — Buxara qalasına da usı attıń beriliwi gózlengen.

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

2016-jıl 18—19-oktyabr kúnleri Tashkent qalasında Islam birge islesiw shólkemi (Sırtqı isler ministrler keńesiniń 43-sessiyası) qatnasıwında «Bilimlendiriw hám aǵartıwshılıq — tınıshlıq hám dóretiwshilikke qaray jol» temasında xalıqaralıq ánjuman bolıp ótti.
ISESCO shólkeminiń rásmiy saytında (www.isesco.org.ma) berilgen maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, 2015—2024-jıllardaǵı islam mádeniyatı paytaxtlarınıń dizimi tastıyıqlanǵan bolıp, 2020-jılı Aziya regionınan Buxara qalası islam mádeniyatı paytaxtı sıpatında tańlap alınǵan.

**BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR**

1. XX ásirdiń aqırı XXI ásirdiń baslarında dúnyanıń diniy kórinisindegi ózgerislerdiń tiykarında qanday faktorlar bar?
2. Islam konferenciyası shólkemi qashan hám qay jerde dúzilgen?
3. Islam birge islesiw shólkeminiń tiykarǵı maqseti neden ibarat?
4. 2016-jıl 18—19-oktyabr kúnleri Tashkentte Islam birge islesiw shólkemi Sırtqı isler ministrler keńesiniń 43-sessiyasında mámleketimiz basshısı Shavkat Mirziyoev qanday baslamalar menen shıqtı?

# 10—11-§ XX—XXI ÁSIRLERDE ISLAM DININDEGI AǴÍMLAR HÁM SEKTALAR

**BÚGIN SABAQTA TÓMENDEGILER MENEN TANÍSASÍZ:**

1. Xalıqaralıq terrorizm mashqalası.
2. Fanatizm tamırları.
3. Zamanagóy fanatistlik aǵımlar hám olardıń maqsetleri, ideologiyalıq sisteması.

## XALÍQARALÍQ TERRORIZM MASHQALASÍ

Xalıqaralıq terrorizm mashqalası házirgi dáwirdiń áhmiyetli global mashqalalarınan birine aylandı. Bunıń bir sebepleri bar:

***Birinshiden,*** xalıqaralıq terrorizm dúnya kóleminde barǵan sayın keń tarqalıp barmaqta. Bul — dástúrlik xalıqaralıq kelispewshilikler regionlarında (máselen, Jaqın Shıǵıs, Qubla Aziya) bolıp atırǵan proceslerde óz kórinisin tappaqta.

Sonday-aq, bul qáwipten rawajlanǵan mámleketler (ayrıqsha, AQSh, Batıs Evropa elleri) de jeterli dárejede qorǵalmaǵanı kórinip qaldı.

***Ekinshiden,*** xalıqaralıq terrorizm dúnya jámiyetshiligi hám ayırım mámleketlerdiń qáwipsizligine ayrıqsha qáwip salmaqta. Hár jılı dúnyada júzlegen xalıqaralıq terroristlik háreketi ámelge

Insan oylap tapqan oyran etiwshi qurallar arasında sóz eń qáwipli hám kúshli qurallıǵınsha qalmaqta

***Paulo Koelo***

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

2017-jılı Mısrdıń Arqa Sinay yarım atawındaǵı Sufiy meshitinde ámelge asırılǵan qorqınıshlı teraktta 128 adam jaraqatlandı, 300 den aslam adam nabıt boldı, sonnan 27si balalar edi.

asırıladı, olarda mıńlap insanlar qurban bolmaqta hám mayıpqa aylanbaqta.

***Úshinshiden,*** xalıqaralıq terrorizmge qarsı gúresiw boyınsha óz aldına bir iri mámleket yamasa joqarı rawajlanǵan eller toparınıń is-háreketleri jetkilikli emes. Keskin global mashqalaǵa aylanǵan xalıq aralıq terrorizmge qarsı gúreste jáhán jámiyetshiligi, kóplegen mámleketler hám xalıqlardıń kúshlerin birlestiriw talap etiledi.

***Tórtinshiden,*** xalıqaralıq terrorizm fenomeni hám búgingi kúnniń basqa da global mashqalaları arasındaǵı baylanıs barǵan sayın anıq hám ayqın kózge taslanbaqta. Sonlıqtan, házirgi waqıtta xalıqaralıq terrorizm mashqalası ulıwma insanıylıq, global mashqalalar kompleksinde áhmiyetli element sıpatında kóriliwi kerek. Ol rawajlanǵan «miynet bazarı» hám iri kapitalǵa iye, global kólemdegi oǵada paydalı «bizneske» aylandı. Bunday «jaqsı jolǵa qoyılǵan terror sistemasın» tek ǵana sistemalı hám kompleks qatnas jasaw tiykarında, dúnyadaǵı barlıq antiekstremistlik hám antiterroristlik kúshlerdi birlestirip, xalıqaralıq birge islesiw tiykarında saplastırıw múmkin.

## FANATIZM TAMÍRLARÍ

Fanatizm tamırları orta ásirlerge barıp taqaladı. Islamdaǵı dáslepki aǵım Xalifa Ali ibn Abu Talib (r. a.) penen umaviyler ortasındaǵı gúres dawamında 657-jılı júzege kelgen.

**MAǴLÍWMAT USHÍN**



2004-jıl 1-sentyabr kúni Arqa Osetiyanıń Beslan qalasında qurallanǵan terroristlik topar 1-mektep oqıwshıları, ata-analar hám muǵallimlerdi girewge aldı. Eki kún ishinde 1128 adamınan 314 i qaytıs boldı. Olardan 186 sı balalar edi



Hákimiyat ushın gúreste Ali ibn Abu Talib Muoviya ibn Abu Sufyon (r. a.) tárepdarları (umaviyler) menen sóylesiwler júrgiziwge kóngen. Bul jaǵday xalifa Ali haqıyqıy miyrasxorlıq huqıqına iye, dep esaplaǵan tárepdarlardıń ortasında narazılıq tuwdırǵan. Áskerlerdiń bir bólimi Alidi kelisiwshilikte ayıplap, onnan ajıralıp ketken hám keyin Alige de, umaviylerge de qarsı gúres baslaǵan. Olar tariyxta shet elliler dep at qaldırǵan. Shet elliler ózlerin siyasiy qarsılasları menen hesh kelisimge kele almaǵan. Awır gúná etken musılmanlardı kápirge shıǵarıp, olarǵa qarsı quralllı jihad alıp barǵan. Keyin shet elliler birneshe toparlarǵa bólinip ketken. Umaviy hám abbosiy xalifalar VII—IX ásirlerde shet ellilerge qarsı keskin gúres alıp barǵan. Shet elliler xalifalıqtaǵı kóp ǵana qozǵalańlarda qatnasqan.



Áy iyman keltirgenler! Mal-dúnyalarıńızdı ortada nahaq (jollar) menen jemeńiz! Óz ara razılıq tiykarındaǵı sawda-satıq bolsa, ol buǵan kirmeydi. Sonday-aq, ózlerińizdi bir-birińizdi nahaq óltirmeńiz! Álbette, Alla sizlerge rehimli.

***Quranı kárim, Niso súresi, 29-ayat***

## ZAMANAGÓY DINIY AǴÍMLAR HÁM OLARDÍŃ MAQSETLERI, IDEOLOGIYALÍQ SISTEMASÍ

Keyingi jılları Evroaziya kontinenti hám Afrikada jaylasqan bir qatar mámleketlerde jámiyetlik-siyasiy jaǵdayǵa unamsız tásir kórsetip atırǵan diniy ekstremistlik hám terroristlik shólkemlerdiń jedellesiwi baqlanbaqta.

Diniy tarawda ekstremizm basqa din wákillerine oǵada kelispewshilik (máselen, Hindstanda musılmanlar hám hinduiyler, hinduiyler hám sikxler, Myanmadaǵı musılmanlardıń qırǵın etiliwi hám basqa da jánjeller), bir din ishindegi (Pakistan, Awǵanstan, Irakta sunniyler hám shialar, qarama-qarsı qatnasıqlar, dúnyalıq dúzimge qarsı gúres (kópshilik musılman mámleketlerinde) yaki xalıqa-

ralıq dárejedegi civilizaciyalıq qarama-qarsılıqlar («Al-Qoida», «Hizbullah» shólkemleri) menen baylanıslı.

Ózin islam atı menen baylanıstıratuǵın ekstremistlik shólkemlerdiń jeke tárepleri tómendegilerden ibarat:

— dúnyajúzilik mámleket hám jámiyetke qarsı múnásibette bolıw;

— dinniń mámleketten ajıralıwın biykar etiw hám jámiyettiń barlıq aǵzaların shäriyat talapları tiykarında turmıs keshiriwge májbúrlew;

— islam dinin dúnyanıń basqa jámiyetlerine qarsı qoyıw;

— mámleketlerdiń ǵárezsizligi hám aymaqlıq pútinligin tán almaslıq, birden-bir mámleket — «xalifalıq» qurıw ideyasın ilgeri súriw;

— óz maqsetleri jolında mámleket hám jámiyette jámiyetlik-siyasiy turaqlılıqtı buzıwǵa qaratılǵan is-háreketlerge kúsh beriw;

— óz ideyalarına ermegen musılmanlardı dinnen shıqqanlıqta, «kápir»likte ayıplaw, dástúrlik islam tárepdarı bolǵan ulamalardı abıraysızlandırıw, olarǵa qısım ótkeriw hám hátteki óltiriw;

— XX ásir ortalarında islam dúnyasında kolonial húkimetke qarsı terror usıllarınan paydalanǵan milliy-azatlıq háreketi tiykarında keyin kúsh isletiw usıllarına tayanıwshı toparlardıń júzege keliwi;

«Áy qáwimim, Ólshew hám salmaqtı ádalat penen tolıq berińiz! Adamlardıń zatların jep qalmańız hám Jerde jaman isler menen buzǵınshılıq qılmańız!»

***Quranı kárim, Hud súresi, 85-ayat***

**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

Quranı kárimniń bul súrelerin oqıń. Ózleriniń siyasiy maqsetleri jolında dinnen paydalanıp atırǵan kimselerdiń háreketlerin jasırın til biriktiriw dew múmkin be?

*«Jasırın til biriktiriw bolsa adam óltiriwden de úlken (gúna)».*

***Quranı kárim, Baqara súresi, 217-ayat.***

— Arab-Izrail urısları hám Jaqın Shıǵıs mashqalasınıń sheshilmey kiyatırǵanı menen bir qatarda, Batıs mámleketlerin Jaqın Shıǵıstı óz tásir sheńberine alıwǵa qaratılǵan jedel is-háreketleri;

— jetekshi mámleketlerdiń musılman dúnyası ellerindegi energetikalıq zapaslar ústinen óz qadaǵalawların ornatıwǵa qaratılǵan siyasatı;

— rawajlanǵan musılman mámleketleriniń regionallıq jetekshilik jolında alıp barıp atırǵan óz ara básekilik gúresi hám de bul mámleketlerdiń rawajlanıp atırǵan musılman ellerin óz tásirine ótkeriwge qaratılǵan umtılısları;

— sunniyler hám shialar arasındaǵı dástúrlik dawam etip kiyatırǵan qarama-qarsılıqlardıń mámleketleraralıq qatnasıqlar dárejesine kóteriliwi aqıbetinde óz ara gúrestiń hár túrli kórinislerinde, sonıń ishinde, nızamsız qurallı dúzilmeler arqalı alıp barılıwı.

Islam nıqabındaǵı derlik barlıq diniy ekstremistlik aǵımlardıń ideologiyasında eki princip — takfir hám jihad bar. Terrorizm zamanagóy ilimiy sheńberlerde úsh kózqarastan, yaǵnıy jınayıy háreket, terroristlik topar hám terroristlik táliymat sıpatında qaraladı.

Urıs ayırar,
Tınıshlıq
tabıstırar.

*Xalıq maqalı*

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Izertlewlerge qaraǵanda, ótken bes jıl dawamında musılman mámleketlerinde júz bergen terroristlik hújimler nátiyjesinde eki júz mıńnan aslam adam qurban bolǵan hám jaraqatlanǵan. Ótken dáwir dawamında terrorizm musılman mámleketlerine 348 milliard dollar muǵdarında zıyan keltirgen. Irak, Awǵanstan, Pakistan hám Nigeriya eń kóp zıyan kórgen mámleketler bolıp, terror qurbanlarınıń shama menen 70 procenti usı mámleketlerge tuwra keledi.



*Buddizim nıqabı astındağı ekstremistler qurbanı bolǵan myanmalı qashaqlar*



**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Takfir — dinnen shıqqanlıqta, kápirlikte ayıplaw. Takfir diniy ekstremistler tárepinen tiykarınan musılmanlarǵa qarsı qollanılmaqta.
Jihad — sózlik mánisi jiddu jahd etiw, ǵayrat etiw, qanday da bir jumıstı tolıq orınlaw ushın bar kúsh ǵayrat hám uqıplılıǵın sarplaw bolıp esaplanadı. Islam dininde bul sóz basqınshı hám qozǵalańshılarǵa qarsı eli, jurtı, watanın qorǵawǵa shıqqan adamlardıń ámeliyatlarına qarata islengen.

Bunday terroristlik toparlar ózleriniń háreketlerin Quranı kárim kórsetpeleri tiykarında bekkemlewge háreket etedi.

Islam tálitmatında musılmanlıqtı dawa etiwshi insan basqa insanlarǵa ya tili menen, ya qolı menen zıyan tiygizbewi shárt etip qoyılǵan. Kerisinshe, musılman adam jer júzinde reformalaw, urısqan adamlardı bir-biri menen jarastırıw táshwishinde bolıwı kerekligi belgilengen.

Búgingi kúnde jáhán jámiyetshiligin táshiwishke salıp atırǵan, yadrolıq poligonlardan da qáwiplirek bolǵan ideologiyalıq poligonlar arqalı insanlardıń isenimin, ómirin záhárleytuǵın di-



Din haqqında sizler menen urıspaǵan hám sizlerdi óz elińizden (aydap) shıǵarmaǵan kimselerge jaqsılıq etiwińiz hám olarǵa ádalatlı bolıwıńızdan Alla sizlerdi qaytarmaydı. Álbette, Alla ádalatlı adamlardı súyedi.

***Quranı karim, Mumtahana súresi, 8-ayat***

niy dogmalıq ağımlardan biri—«salafiylik» bolıp esaplanadı.

«Salafiylik» túsinigi arab tilindegi «salaf» sózinen alınǵan bolıp, «burın jasap ótkenler», «ata-babalar» mánisin ańlatadı. Islam dereklerinde «salafi solih» sózi islamnıń dáslepki dáwirinde jasaǵan sahaba hám qol astındaǵılarına baylanıslı qollanıladı. Bul atama keyingi dáwirlerde hám búgingi kúnde jasap atırǵan musılmanlarǵa qollanılmaydı. Biraq ózlerin «salafiyler» dep járiyalaǵan ekstremistlik toparlardıń alıp barıp atırǵan háreketi islam táliymatına, onıń dástúrlerine, principlerine ulıwma qarsı. Sonıń ushın olardı «jalǵan salafiyler» dep aytıladı.

Jalǵan salafiyler tárepinen jámiyettegi tınıshlıq hám turaqlılıqtı buzıwǵa qaratılǵan taqatsızlıq, qoparıwshılıq sıyaqlı ideyalar alǵa qoyılmaqta. Olar jaslardıń ańın záhárlew arqalı musılmanlar arasında diniy tiykardaǵı kelispewshiliklerdi keltirip shıǵarıwǵa háreket etedi. Mámleket hám xalıqqa xızmet etip atırǵan huqıqtı qorǵawshı organ xızmetkerlerin bolsa dinsizlikte ayıplaydı. Olar 2007-jılı Tájikstanda jasawshı xanafiy mázxebi wákillerin «hidoyatda adasqanlar», shialardı bolsa «kápir» dep jáiyalaǵan. 2004-jılı Tashkentte qoparıwshılıq háreketlerin islegen. 2009-jılı Ózbekstanda bir qatar diniy ulamalarǵa qastayanlıqlar uyımlastırılǵan. Bul hárekettiń ideyaları islam dini táliymatına ulıwma qarsı ekenligin kóremiz.

ISHIM (Irak hám Shom islam mámleketi)—2006-jılı Irakta radikal toparlardıń uyımlasıwınan júzege kelgen terroristlik shólkem. Bul shólkem 2013-jılı Siriyadaǵı puqaralar urısına qosıldı. Olardıń háreketleri Irak aymaǵandaǵı shet el áskeriy kúshlerin, Irak áskerlerin, puqaralar hám imarat qurılısların joq etiwge qaratılǵan.



Aspannıń ziyneti juldızlar menen bolsa, jerdiń kórkemligi alımlar menen.

***Mahmud Zamaxshariy***



Bes zatqa keshirim joq: Allaǵa shek keltiriw, nahaq adam óltiriw, mómin adamǵa jala jabıw, urıstan qashıw hám jalǵan ant penen nahaqtan mal-dúnya iyelep alıw.

***Hadis***

Shólkem Siriya, Irak, Livan mámleketleri aymaǵında «Islam mámleketin» qurıw ideyası menen shıqtı.

2014-jılı iyul ayında jınayıy uyım ózin «IM (Islam mámleketi)» dep atay basladı. BMSh esap-kitaplarına qaraǵanda, usı din nıqabındaǵı jawıngerler 2014-jıldıń basınan baslap mıńlap adamlar—balalar, hayallar, qariyalar, tınısh xalıq wákilleriniń ómirine gúnakár (ayıpker) boldı. Olarǵa qarsı shıǵıp

**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**



*Terrorizm millet hám din tańlamaydı. Siriya keshe hám búgin.*

Berilgen teksttiń mazmunı menen súwretlerdegi jaǵdaylardı bahalań.

Pikirińizdi «jerde buzǵınshılıq, egin hám násillerdi nabıt etiw» sózleri menen baylanıstırıńá

*Adamlar arasında sonday kimse bar, onıń dúnya tirishiligi haqqındaǵı gápi sizge qızıqlı boladı. Kewlindegi «iymanı»na Allanı gúwa etedi, sonday-aq ózi (Islamǵa baylanıslı) dushpanlardıń qorqınıshlısı.*

*(Aldıńızdan) ketkeninde jerde jasırın buzǵınshılıqtı egin hám násildi nabıt etiw isleri menen júredi. Alla bolsa buzǵınshılıqtı jaqtırmaydı.*

***Quranı karim, Baqara súresi, 204-205 ayatlar***

atırǵan barlıq adamlar, sonıń qatarında, musılmanlardı da, kápirge shıǵarıp, olardıń janlarına qaslıq etti.

IShIM hám onıń quramında bolǵan barlıq jawıngerlerge baylanıslı Dúnya islam ulamaları keńesi ashıq xat jazıp, onda IShIMniń nadurıs jolda ekenin dáliller menen dálillep, olardı bul joldan qaytıwǵa shaqırdı. Birlesken Milletler Shólkemi, Evropa Awqamı, Arab mámleketleri ligası sıyaqlı xalıqaralıq shólkemler, AQSh, Avstraliya, Saudiya Arabiyası, Ullı Britaniya, Indoneziya sıyaqlı mámleketler IShIMin terrorist shólkem dep

Birdi — mıńǵa,
Mıńdı — sansızǵa (túmenge)

***Xalıq maqalı***




*Sońǵı 20 jılda júz bergen teraktler kartası*



**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

Berilgen tekstti oqıń. «Toparlarǵa bólinbew» búgingi kúnde qanday áhmiyetke iye?
Pikirińizdi tiykarlań.

*... «Dindi dúzińiz hám onda topar-toparǵa bólinbeńiz!»*

***Shura súresi, 13-ayattan***

*«Muqaddes Quranı kárimde musılmanlarǵa qarata toparlarǵa bólinbeń, degen mazmundaǵı kórsetpeler bar. Bul hár túrli aǵımlarǵa bólinip, adamlardı tuwrı joldan adastırıwǵa dinimiz ulıwma qarsı ekenine anıq dálil emespe?»*

***Shavkat Mirziyoev***

járiyaladı. Onıń islam dinine ulıwma baylanısı joqlıǵın qayta-qayta atap ótti.

Islam dininiń ekinshi muqaddes deregi bolǵan hádis sharifte «Qıyamet kúni birinshi soraw nahaq tógilgen qan haqqında boladı», delingen. Islamǵa jat bolǵan, lekin atı islam dini nıqabındaǵı bunday shólkemler, ásirese internet tarmaqlarınan ózleriniń jerkenishli ideyaların jayıwda paydalanbaqta. 2017-jılǵı maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, dúnyada jámiyetlik dúzimge qarsı toparlar paydalanatuǵın 5000 nan artıq internet saytları bolıp, olarǵa xızmet kórsetiwshi portallar sanı artıp barmaqta.

Usı saytlarǵa kirip, terroristlik shólkemlerdiń torına túsken adamlar óz elinen keship, jat ellerde jaman niyetli shaxslarǵa xızmet etetuǵın qulǵa aylandı.

IShIM ekstremistlik shólkemi tek Irak hám Siriya onıń qaptalındaǵı mámleketler emes, al pútkil dúnyadaǵı tınıshlıq hám turaqlılıqqa qáwip salmaqta. Tınıshlıqqa qáwip salıw, jámiyettiń rawajlanıwı, xalıqtıń abadanlıǵına zıyan tiygiziw, jasırın túrde kóterilis shıǵarıw dinge ulıwma jat.

Bul shólkem 2013—2014-jıllar dawamında 10 mıńnan zıyat terroristlik háreketlerin islegen. Xudkush («tiri bomba»)ler tárepinen 100 den zıyat jarılıwlar ámelge asırılǵan. Siriyada IShIM jámiyetlik dúzimge qarsı toparlar 60 tan zıyat shirkew hám monastrlerdi oyran etken. 2014-jıl Iraktıń Mosul qalasındaǵı «al-Isro» meshiti janında shólkemge qosılıwdan bas tartqan 12 islam ulamaları ashıq-aydın kórsetip óltirilgen.

Islam dini táliymatında tek insandı emes, al haywanlardıń haqıları da qorǵalıwı belgilengen. Máselen, haywanlardı sebepsiz azaplaw hám shıdamınan tısqarı islerdi etiwge iytermelewden qaytarıladı. Adamlardı qul etiw, olarǵa azap beriw, olardıń janına qaslıq etiw úlken gúna bolıp esaplanadı.

«Quraniylar» — XIX ásirde Hindstanda payda bolǵan adasqan toparlardan bolıp esaplanadı. Bul topar hádislerdi tolıq biykar etiwi menen ajıralıp turadı. Házir bolsa bul topar Hindstan hám Pakistannan Angliyaǵa, ol jerden Evropa hám basqa mámleketlerge tarqaldı. Sońǵı waqıtlarda bul adasqan topar wákilleri Oraylıq Aziyada da payda bolmaqta.

Ózlerine «ahlu-l-Quran» degen at qoyǵan topar, tek Qurandı ǵana sháriyat deregi dep esaplaydı. Sonday-aq, olar Qurandı óziniń bilgeninshe túsindiredi.

Ásirler dawamında Islam alımları Quran hám hádislerge tayanıp kelgen. Islam taliymatına muwapıq, hádislerdi biykar etiwshi adam islamdı biykar etiwshi dep esaplanadı. Hádislerdi bilmegen insan Qurandı da durıs túsinbeydi. Sebebi, Qurandaǵı kóplegen ayatlardıń túsinigi hádislerde bayan etilgen. «Ahlu-l-Quran» toparınıń ideyaları islam dininiń muqaddes kitabında berilgen qaǵıydalarǵa qarsı. Máselen, Niso súresiniń 59-ayatında «Allaǵa sıyınıń, Rasulǵa sıyınıńız hám de ózińizden bolǵan baslıqlarıńızǵa boysınıńız» dep atap ótiledi. Yamasa usı súreniń 82-ayatında «Kim, Payǵambarǵa sıyınsa, demek, Allaǵa sıyınıptı» delinedi. Hashr súresiniń 7-ayatında bolsa «Payǵambar sizlerge bergen zattı alıńlar, ol sizlerdi qaytarǵan zatlardan qaytıń!» dep kórsetpe beriledi.

Bir zamanlar urısta áskerler ólse — ólgen shıǵar. Házirgi urısta qural kótergennen góre qural kótermegen kóbirek qırıladı. Zamanagóy qurallar okop penen balalar baqshasınıń aerodrom menen tuwıw úyiniń parqına barmaydı.

***Utkir Hashimov «Dápter jiyegindegi jazıwlar»***



Quraniylardıń adasqan táreplerinen jáne biri narkotik zatlardı paydalanıw hám basqa kóplegen buzıqlıqlardı hadal dep pátiwa da beredi. Bunday pátwa beriw iyman shártlerine qarsı.

> Haqıyqıy táwbege keliw uzaq múddetli process, ol bir ǵana is-háreket penen júzege shıq-paydı.
>
> ***Martin Lyutera***

Quraniylardı jámiyetlik tarmaqlarda Muhammed (s.a.v.) hám olardıń sahabalarına húrmetsizlik etiwleri arqalı tanıp alıwı múmkin. Olar Imam Buxariy, Imam Muslim hám Imam Termiziydey ullı alımlardı kemsitedi. Qurandı jegrilikli tillerde oqıwdı úgit-násiyatlawı arqalı da ajıratıp alıwǵa boladı. Juwmaqlap aytqanda, ústi jıltıraq, ishi qaltıraq bolǵan bunday toparlar islam dininiń sap (taza) mazmun-mánisin buzıw, jeterli ilimge iye bolmaǵan insanlardı adastırıw maqsetinde dúzilgen.

Mámleketimizde tınıshlıq hám turaqlılıqtı saqlaw ushın hárbir tınıshlıqtı súyiwshi insan óziniń átirapında bolıp atırǵan waqıya-hádiyselerden sergek bolıwı kerek. Siziń de bilim beriw orınlarında berilip atırǵan ilim-bilim sırların tolıq úyreniwińiz arqalı ideologiyalıq qáwiplerge qarsı tura alıw, jawızlıqqa qarsı bilim menen gúrese alıw sıyaqlı kónlikpelerińiz qáliplesedi.

## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Islam tariyxında dáslepki diniy aǵımlardıń kelip shıǵıwı qaysı dáwirge tuwrı keledi?
2. Shetelliler payda bolıwınıń tiykarǵı sebebi nede? Olardıń maqsetleri neden ibarat?
3. Din nıqabındaǵı ekstremizmniń mánisi jámiyet ushın qanday qáwiplerdi keltirip shıǵaradı?
4. Mámleketimizde ekstremizm hám terrorizmge qarsı qanday siyasat alıp barılmaqta?

# 12—13-§ ÓZBEKSTANNÍŃ XALÍQARALÍQ TERRORIZM HÁM EKSTREMIZMGE QARSÍ GÚRESTEGI ORNÍ

**BÚGIN SABAQTA TÓMENDEGILER MENEN TANÍSASÍZ:**

1. Ózbekstannıń terrorizmge qarsı gúrestegi milliy strategiyası
2. Awǵanstan mashqalasın sheshiw boyınsha Ózbekstannıń baslaması.
3. Ózbekstannıń Oraylıq Aziyada turaqlılıqtı támiyinleniwindegi ornı.

## ÓZBEKSTANNIŃ TERRORIZMGE QARSÍ GÚRESTEGI MILLIY STRATEGIYASÍ

Dúnyanıń ayırım regionlarında júzege kelgen tınıshsız jaǵday xalıq migraciyasınıń kúsheyiwine, bul bolsa, óz gezeginde, terrorizm hám ekstremizmniń tarqalıwına hám de olardıń global mashqalalardıń birine aylanıwına sebep bolmaqta.

Sonıń ushın da mámleketimizdiń tek ǵana ishki emes, al sırtqı siyasatında da terrorizmge qarsı gúres, xalqımız tınıshlıǵın saqlaw hám támiyinlew máselesi turaqlı mámleketimizdiń itibarında bolıp kelgen.

2017-jılı Birlesken Milletler Shólkeminiń 72-sessiyasında mámleketimiz basshısı Shavkat Mirziyoev dúnya jámiyetshiliginiń itibarın planetamızdıń erteńgi kúni, perzentlerimizdiń abadanlıǵı, jaslardıń óz uqıplılıǵın kórsetiwi ushın zárúr sharayat-

Shax bolarsań
— eger sergek
bolsań,
Eger sergek
bolsań — shahsań
sen.

***Áliysher Nawayı.***

lar jaratıw, zorlıq ideyası tarqalıwınıń aldın alıwǵa qarattı.

Sonday-aq, búgingi kúnde dúnyanıń qaysı mámleketinde júz berip atırǵan terroristlik háreketler basqa ellerdi de shetlep ótpeydi.

Ideologiyalıq qáwiplerdi júzege keltirip atırǵan toparlardıń tiykarǵı maqseti jer astı hám jer ústi baylıqlarına iye bolǵan mámleketlerdi oyran etiw hám bunıń aqıbetinde baylıq arttırıw, ózine ǵárezli etiwden ibarat.

Mámleketimizde ámelge asırıw zárúr bolǵan reformalardı, sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıw baǵdarların ózinde jámlegen Háreketler strategiyasınıń besinshi tiykarǵı baǵdarında diniy keńpeyillikti támiyinlew boyınsha eń áhmiyetli wazıypalar belgilep berilgen.



Islam dini bizdi jaqsılıq hám tınıshlıqqa, tiykarǵı insanıylıq pazıyletlerdi abaylap-saqlawǵa shaqıradı

***Shavkat Mirziyoev***



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Tómendegi tekstti oqıń. «Global qáwipsizlikti támiyinlewdiń zárúr shárti» degende neni túsindińiz? Pikirińizdi tınıshlıq, turaqlılıq, rawajlanıw, birge islesiw sıyaqlı principler menen túsindiriń.

*«Awǵanstandaǵı jaǵdaydı turaqlastırıw tek regionlıq emes, al global qáwipsizlikti támiyinlewdiń zárúr shárti bolıp qaladı».*

***Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoevtiń BMSh Bas Assambleyası 72-sessiyasındaǵı bayanatınan.***

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS









Berilgen súwretlerge dıqqat penen itibar beriń hám tómendegi sorawlarǵa juwap beriń.

1) Ózbekstan mámleketi qanday waqıyalardıń aldın alıwǵa háreket etpekte?

2) «Bir kún urıs shıqqan úyden qırq kún bereket ketedi» degen maqal tiykarında 1-súwrette berilgen kórinisti túsindiriń.

3) 2-, 3-, 4-súwretlerde táriyiplengen jaǵdaylarǵa qarap, terrorist hám dogmatistlerdi islam dininiń insanıylıq áhmiyetin ańlaǵan, túsingen hám oǵan ámel etken dep aytıw múmkin be?

## ÓZBEKSTANLÍ ISLAMTANÍWSHÍLARDÍŃ MÚRÁJÁÁTI

(2016-jıl)

Áy, IShIMshiler!!!

...

Sizler sebepli Islamdı adam óltiriwshilik hám jaramaslıq dini dep oylaytuǵın adamlar payda boldı!..

Sizlerdiń jawızlıǵıńız hám apatıńız benen salmalar qanǵa toldı...

Balalar jetim, hayallar jesir, qariyalar qarawsız qaldı!..

Sizlerdiń qolıńız benen Payǵambarlar, áwliyeler, alımlardıń qábirleri buzıldı, meshitler jarıp jiberildi!..

Sizlerdiń qolıńız benen mektep, medreseler oyran etildi!..

Sizler sebepli qanshadan-qansha zavodlar, jumıs orınları jabıldı!..

Sizlerdiń jawızlıǵıńız hám apatıńız benen pútkil dúnya musılmanlar ústinen kúldi!..

Sizlerdiń jawızlıǵıńız sebepli millionlap adamlar ilim alıwdan toqtadı!..

Sizlerdiń qolıńız benen qanshadan-qansha emlewxanalar jabıldı, kesel, mayıp, shalajanlar sanı arttı!..

Sizlerdiń baslamańız benen qanshadan-qansha shańaraqlar baspanasız qaldı!..

Sizler sebepli musılmanlarǵa «jawızlıq», «ayawsızlıq», «qalaqlıq» sıyaqlı tamǵalar qoyıldı!..

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Din yamasa isenim tiykarında taqatsızlıq hám kemsitiwlerdiń hárqanday túrlerin joq etiw haqqındaǵı Deklaraciya. BMSh Bas Assambleyasınıń 1981-jıldıń 25-noyabrdegi Rezolyuciyası menen járiyalanǵan. Usı Deklaraciya yuridikalıq jaqtan májbúriy bolmasa da, búgingi kúnde onıń qaǵıydaları xalıqaralıq ádettegi huqıq norması bolıp esaplanadı.

## AWǴANSTAN MASHQALASÍN SHESHIW BOYÍNSHA ÓZBEKSTANNÍŃ BASLAMASÍ

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoev BMSh Bas Assambleyasınıń 72-sessiyasında Awǵanstandaǵı jaǵdaydı turaqlastırıw regionlıq global qáwipsizlikti támiyinlewdegi zárúr shart ekenligine jáhán jámiyetshiliginiń itibarın qarattı. Mámleketimiz Prezidenti usı bayanat arqalı Awǵanstanda tınıshlıqqa erisiwdiń birden-bir jolı—oraylıq húkimet hám mámleket ishindegi tiykarǵı siyasiy kúshler arasında aldınnan heshqanday shárt qoymastan, tuwrıdan-tuwrı pikirlesiw alıp barıw ekenligin atap ótti.

Awǵanstan aymaǵında hám BMSh shafeliginde ótiwi, bunda awǵanstanlılardıń ózleri sheshiwshi orın titıwları hám óz táǵdirlerin ózleri erkin sheshiwge haqılı ekenliklerin belgiledi.

Sonday-aq, mámleketimiz Prezidenti Ózbekstan Awǵanstannıń ekonomikalıq tikleniwine, onıń transport hám energetika infradúzilmesin rawajlandırıwǵa, milliy kadrların tayarlawǵa úlken úles qosıp atırǵanlıǵın hám bul isler bunnan keyin de dawam etiwin atap ótti. Sonıń menen birge Awǵanstan mashqalası global kólemdegi máseleler orayında bolıwı kerekligi, xalıqaralıq jámiyetshiliginiń is-háreketleri, birinshi gezekte, Awǵanstandaǵı ótkir sociallıq-ekonomikalıq mashqalalardı

### DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Regionallıq kelispewshilikler Ózbekstannıń qáwipsizligine qanday qáwip salıwı múmkin?

### MAǴLÍWMAT USHÍN

Ózbekstan Evropa Keńesi sheńberinde bir qatar xalıqaralıq shártnamalarǵa qol qoyǵan.
Bular:
1977-jıldaǵı terrorizmniń aldın alıw;
1978-jıldaǵı shaxslardıń oqatar quralların satıp alıw hám olardıń saqlanıwın qadaǵalaw;
1983-jıldaǵı zorlıq penen ámelge asırılǵan jınayatlar aqıbetinde jábirlengenlerge kompensaciyalar beriw haqqındaǵı Evropa Konvenciyaları.

sheshiwge qaratılıwı kerekligi haqqındaǵı usınıstı alǵa qoydı.

2018-jil 26-27-mart kúnleri Ózbekstan baslaması menen paytaxtımızda «Tınıshlıq procesi, qáwipsizlik tarawıda birge islesiw hám regionlıq sheriklik» temasında xalıqaralıq konferenciya shólkemlestirildi.

Mámleketimiz basshısı Shavkat Mirziyoev Awǵanstan jerinde shama menen 40 jıldan beri dawam etip atırǵan qurallı soqlıǵısıw haqqında sóz bolar eken, «urıs otı» bul jerge shetten alıp kiri-

**MAǴLÍWMAT USHÍN**





Tashkent qalasında 2018-jıl 11—12-iyun kúnleri «Terrorizmge alıp keliwshi jawız ekstremizm hám radikalizmniń aldın alıw hám de olarǵa qarsı gúresiwde jaslardıń roli» temasında xalıqaralıq konferenciya bolıp ótti.

Konferenciyada BMSh, Evropa Awqamı, EQBISh sıyaqlı abroylı xalıqaralıq shólkemler, AQSh, Ullı Britaniya, Germaniya, Ispaniya, Niderlandiya, Latviya, Pakistan, Rossiya, Saud Arabiyası, Tájikstan, Qıtay, Hindstan, Yaponiya, Malaziya, Kubayt, Qazaqstan, Qırǵızstan, Awǵanstan sıyaqlı mámleketlerdiń delegaciyaları, shet ellik ekspertler, senatorlar, deputatlar, Ózbekstan jaslar awqamı belsendileri, ilim ǵayratkerleri qatnastı.

lip atırǵanı hám bul awǵan xalqınıń qálewi menen emesligin bildirdi. Prezidenimiz xalıqaralıq shólkemler hám shet ellik siyasiy kúshler aralasqanı menen ele de Awǵanstanda xalıqaralıq terroristlik toparlar sanınıń kóbeyip baratırǵanı, zorlıq hám qan tógiwler, narkobiznestiń saplastırılmay atırǵanı — bulardıń barlıǵı aqıbetinde bul mámlekettegi jaǵday jáhán jámiyetshiligi tárepinen biykar etiliwine jol qoyıp bolmaytuǵının ayrıqsha atap ótti.

Konferenciya qatnasıwshıları ánjuman juwmaǵı boyınsha Tashkent deklaraciyasına qol qoydı. Bul hújjette regionda tınıshlıq hám qáwipsizlikti tá-

Jawlasıw —
ańsat,
jarasıw —
qıyın.

***Xalıq maqalı***

**XALÍQARALÍQ HUQÍQ**

1. Hárbir insan pikirlew, hújdan hám din erkinligi huqıqına iye. Bul huqıq óz tańlawına qarap din yamasa isenimge iye bolıw yaki qabıl etiw hám de jeke halda basqalar menen birgelikte, járiyalılıq, yamasa jeke tártipte sıyınıwlardı orınlaw, diniy hám basqa máresimlerdi, bilimlendiriwdi orınlaw erkinligin qamtıp aladı.
2. Heshkim óz qálewi menen óz dini yamasa isenimine iye bolıw yamasa olardı qabıllaw erkin kemsitetuǵın májbúrlewge duwshar bolmawı kerek.
3. Din yamasa isenimge iye bolıw erki nızamda belgilep qoyılǵan hám basqa shaxslardıń tiykarǵı huqıqları hám erkinliklerin saqlaw ushın zárúr dárejede bolǵanınday jámiyet qáwipsizligin, tártip, saw-salamatlıq hám ádep-ikramlılıǵın saqlaw ushın ǵana, sheklenedi.
4. Usı Paktte qatnasıwshı mámleketlerdiń juwapkershiligine ata-analar, tiyisli jaǵdaylarda nızamlı qáwenderlerdiń, balaların óz isenimlerine baylanıslı diniy hám ádep-ikramlılıqqa tárbiyalaw erkin húrmet etiw minnetlemesin aladı.

***«Puqaralıq hám siyasiy huqıqlar haqqındaǵı xalıqaralıq Pakt», 18-statya***

Hárbir iste de ǵapıl bolma, sergek bol, gápıllardıń isleri kewildegidey bolmaydı.

*Yusuf Xas Hajib*

miyinlew, birge islesiw baylanısların keńeytiw, tatıw qońsıshılıq qatnasıqların jáne de bekkemlew sıyaqlı jaqsı maqsetler kózde tutılǵan.

Tashkent konferenciyasınıń jigirmadan artıq mámleket hám de Evropa Awqamı hám BMSh qol qoyǵan 24 bántten ibarat deklaraciyasına: regionlıq ekonomikalıq birge islesiw Awǵanstan hám pútkil regionda tınıshlıq hám abadanshılıqtı támiyinlewde zárúr áhmiyetke iyeligin atap ótiw; Awǵanstan húkimeti hám «Taliban»dı siyasiy dodalawǵa kirisiwge, barlıq mámleketlerdi Awǵanstannıń ishki islerine aralaspawǵa shaqırıw; BMShnıń Global antiterroristlik strategiyası hám BMSh Qáwipsizlik Keńesi rezolyuciyalarına muwapıq terrozimdi saplastırıw boyınsha regionlıq hám xalıqaralıq birge islesiwdiń zárúrligin atap ótiw sıyaqlı áhmiyetli máseleler kirgizildi.

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2017-jıldıń 13-noyabrdegi «Ózbekstan Respublikası Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi janındaǵı Awǵanstan puqaraların oqıtıw bilimlendiriw orayı xızmetin shólkemelestiriw haqqında»ǵı 911-sanlı qararı qabıl etildi. Qararǵa muwapıq Surxandarya wálayatınıń Termiz rayonındaǵı Awǵanstan puqaraların oqıtıw bilimlendiriw orayı shólkemlestirildi. Orayda Awǵanstan tárepi buyırtpalarına muwapıq gumanitar, pedagogika hám injener-texnik bilim beriw baǵdarları boyınsha kadrlar tayarlanadı.



*Surxandárya wálayatınıń Termiz rayonındaǵı Awǵanstan puqaraların oqıtıw bilimlendiriw orayı*

## ÓZBEKSTANNÍŃ ORAYLÍQ AZIYADA TURAQLÍLÍQTÍ TÁMIYINLEWDEGI ORNÍ

2001-jıl 11-sentyabrde Amerika Qurama Shtatlarınıń Nyu-York hám Vashington qalalarında ámelge asırılǵan teroristlik is-háreketlerden keyin ǵana xalıqaralıq jámiyet óz názerin Awǵanstanǵa qarata basladı, ol jerden dúnyaǵa jayılıp atırǵan terrorizm, ekstremizm hám náshebentlik sıyaqlı illetlerdiń aqıbetin ańlap jetti.

2012-jılı mámleketimiz óziniń sırtqı siyasiy xızmeti koncepciyasın járiyaladı. Onda regionlıq qáwipsizlikti támiyinlew hám onıń turaqlılıǵına qáwip salıp atırǵan xalıqaralıq terrorizm, narkobiznes, ekstremizm sıyaqlı qáwiplerdiń hárqanday kórinisine qarsı óziniń qatań poziciyasın bildirdi. Koncepciyada dúnyadaǵı xalıqaralıq qatnasıqlardıń búgingi awhalına, jáhán maydanında baqlanıp atırǵan trendler hám túpkilikli ózgerislerge keń qamtıwlı xarakteristika berilgen.

Koncepciyada Oraylıq Aziya mashqalaları sırtqı kúshlerdiń aralasıwısız, regiondaǵı mámleketlerdiń ózleri tárepinen sheshiliwi zárúr, delingen. Onda mámleketimizdiń átirapında hám dúnyanıń basqa orınlarında júz berip atırǵan quralllı kelispewshiliklerge de itibar qaratılǵan.

Ózbekstan húkimeti Birlesken Milletler Shólkemi basshılıǵında Awǵanstanda pikirlesiw toparın shólkemlestirip, óz ara gúres alıp barıp atırǵan kúshler arasında kelisimge erisiw hám kaoliciyalıq awǵan húkimetin qáliplestiriw lazımlıǵın ilgeri súrdi.

Sonıń menen birge Ózbekstannıń qońsı Awǵanstanǵa qarata poziciyası anıq belgilep berildi.

Ózbekstan Respublikası xalıqaralıq qatnasıqlarda óz ara teń huqıqlılıq principine ámel etiwi hám óziniń sırtqı siyasatında xalıqaralıq huqıqtıń ulıw-

Erkinlik hám bos waqıt ... Bul eki nársege men qansha tolıq iyelik etemen hám onı sol dárejede qádirleymen, bunday artıqmashılıq hám ráhátti satıp alıwǵa dúnyadaǵı eń bay dáwletli patshanıń da qurbı jetpeydi.

***Rene Dekart***

ma atap ótilgen principleri hám normalarına sadıq qalıwdı járiyalaǵan. Joqarıdaǵılardan mámleketimizdiń xalıqaralıq maydanda alıp barıp atırǵan sırtqı siyasatın tınıshlıq hám birge islesiw sózlerinde jámlengenligin kóriwimizge boladı.

Ózbekstanniń regionda hám dúnyada tınıshlıq hám de qáwipsizlikti támiyinlew jolındaǵı is-háreketleri, geografiyalıq jaylasıwı hám ideologiyasına qaramastan, barlıq mámleketler menen ashıq, doslıq qatnasıqlar ornatılǵanlıǵı onıń jáhánde tez tán alınıwın támiyinledi.

## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Awǵansatn mashqalasın sheshiw boyınsha Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoev BMSh Bas Assambleyasınıń 72-sessiyasında qanday baslama menen shıqtı?
2. www.prezident.uz saytınan Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mırziyoevtıń BMSh Bas Assambleyası 72-sessiyasında sóylegen bayanatın tawıp oqıń. Bayanatta dúnyada terrorizm qáwiplerin keltirip shıǵarıp atırǵan tiykarǵı sebepler menen gúresiw máselelesinde qanday usınıslar bergenligin anıqlań hám qatnasıńızdı bildiriń. Usı wazıypalardı orınlaw ushın mámleketimizde ámelge asırılıp atırǵan jumıslar haqqında maǵlıwmat beriń.
3. Mámleketimiz basshısı «... zorlıq ideyası, «virusı» tarqalıwınıń aldın alıw» máselesi boyınsha qanday usınıslardı alǵa qoydı?
4. Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoevtıń 2017-jıl 11-noyabr Samarqand qalasında ótken «Oraylıq Aziya: birden-bir tariyx hám ulıwma keleshek, turaqlı rawajlanıw hám rawajlanıw jolındaǵı birge islesiw» temasındaǵı xalıqaralıq konferenciyada sóylegen sózin hám onda kóterilgen máselelerdi BMSh Bas Assambleyasınıń 72-sessiyasında sóylegen baslamasınıń orınlanıwı sıpatında bahalaw múmkin be? Pikirińizdi bayanattan alınǵan kórsetpeler menen tiykarlań.

# 14—15-§ XX–XXI ÁSIRLERDE TARIQATSHÍLÍQ

**BÚGIN SABAQTA TÓMENDEGILER MENEN TANÍSASÍZ:**

1. XX — XXI ásirlerde sufizm táliymatı.
2. Adasqan sufiy toparlarǵa tán ózgeshelikler.
3. Sufizm hám tariqatshılıq ortasındaǵı ayırmashılıq.

## XX–XXI ÁSIRLERDE SUFIZM TÁLIYMATÍ

Musılman dúnyasınıń derlik barlıq ellerinde túrli sufizmlik tariyqatlar wákilleri jumıs islep atırǵanın kóriw múmkin.

Pakistan hám Hindstan aymaqlarında tarqalǵan tariyqatlardıń úrp-ádetlerinde yoga, buddizm, hinduyilik hám áyyemgi hind filosofiyasınıń tásiri bar. Barlaviya, Mexmandiya hám basqa bir qatar tariyqatlarda áyyemgi hind filosofiyasındaǵı «tanosux» (ruwxtıń kóship júriwi) ideyası keń orın alǵan. Olar namaz yaki zikir etiw waqtında joqarıdan bir orındı bos qoyadı hám oǵan Muhammed Payǵambar ruwxı kelip ornalasadı, dep oylaǵan. Meshitlerdiń qubla tárepinde bolsa, óz tariyqatlarınıń tiykarın salıwshısı yaki pirleriniń qábiri jaylasqan bolıp, namazdan aldın hám keyin onı tawap qıladı. Bunday halatlar islam dini táliymatına tuwrı kelmeydi.

Házirgi waqıtta dúnyanıń kóp mámleketlerinde, AQShtan baslap Avstraliya arxipelagına deyin bol-

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Házirgi kúnde dúnyanıń kóplegen ellerinde Bahawaddin Naqshband (1318—1389) hám ol tiykar salǵan Naqshbandiya tariyqatı úlken abırayǵa iye.

ǵan aymaqta Bahawaddin Naqshband hám Naqshbandiya tariyqatın biledi hám húrmet etedi. Ne ushın bunday? Sebebi, Bahawaddin Naqshband, birinshi gezekte, islam dini sháriyatı normaların bekkem tutqan hám olardıń buzılıwına jol qoymaǵan. Ekinshiden, ol haqıyqıy insanıylıq ideyalar hám pazıyletlerdi alǵa súrgen, jámiyettiń túrli wákilleri ortasında saqıylıq—mártlik qatnasıqlarınıń payda bolıwına túrtki bolǵan. Bunıń artında adamlar bir-birine materiallıq hám ruwxıy járdem bere baslaǵan, turmıstaǵı qıyınshılıqtı awızbirshilikli jeńip ótip, shadlıqların da birge bólisken.

Bulardıń barlıǵı Bahawaddin Naqshband jámiyette dúzbekshi bolǵan tuwısqanlıq hám tatıwlıqtıń ózi edi. Onıń «Kewliń Allada bolsın, qolıń miynette», degen súreni ónerment, diyqanlarda dinge, dindar hám tariyqatshı sufiylerde miynetke bolǵan unamlı múnásibet payda etken. Bul óz náwbetinde, adamlardıń turmıs tárizinıń jaqsılanıwına da xızmet etken.

«Ey Párwardigarım, ey áziz Yar, eger jánnettiń dámesinde sıyınatuǵın bolsam, jánnetińnen biynesip et, eger dozaqtan qorqıp sıyınatuǵın bolsam, meni dozaq otında kúydir — mıńmıń ırazıman! Lekin, eger Seniń jamalıńdı dep túnlerdi uyqısız ótkizer ekenmen, jalbarınaman, meni jamalıńnan biynesip etpe!»

***Robia Adaviya***

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Robia Adaviya (713/714—801)—Basra dárwishleriniń belgili wákili. Balalıǵında shorı etip satılǵan. Keyin ala azatlıqqa shıǵarılǵan. Birneshe jıl sahrada jalǵız jasaǵan. Ol Allanı súyiwden basqa barlıq nárselerdi biykarlaw tárepdarı bolǵan. Allanı heshqanday mápti gózlemey, onı haqıyqat súyiw — insan ruwxıy turmısınıń mazmunı ekenligin dárwishlerden birinshi bolıp aytıp ótken. Robia Adaviya islam dúnyasında «áwliye» sıpatında ulıǵlanadı.

## ADASQAN SUFIY TOPARLARDÍŃ ÓZINE TÁN ÓZGESHELIKLERI

Islam tariyxında barlıq dáwirlerde sufizmdi tar mániste túsinetuǵın topar hám shaxslar bolǵan. Olar itibarın tiykarınan sufiyliktiń sırtqı táreplerine qaratqan. Bundaylar házirgi kúnde de tabıladı.

Bunday toparlar ushın sufiyge ya dúnyadan, ya aqıretten dáme barlıǵı ideyasınıń mánisi buzılıp, hár túrli máresimpazlıq, pirparazlıq, «múrid awlaw» (qos tırnaq ishindegi «múrid awı»), hár túrli diniy máresimlerde ózlerin ayrıqsha shaxs ekenliklerin kórsetiw hám usınıń menen abıray, baylıq arttırıw maqset bolıp qalǵan.

Bul toparlar sufizmniń kámil insan jetilistiriw ideyasın itibardan shette qaldırǵan.

Sol sebepli, sufizmtanıwshı alımlar tárepinen bunday toparlardı klassik sufizm wákillerinen ayırıp biliw, olardı basqa hár túrli aǵımlardan ajıratıp kórsetiw maqsetinde «tariqatshılar» ataması qollanıwǵa kirgizildi. Olardıń tiykarǵı maqsetleri ashıp berildi hám din ulamalar tárepinen sınǵa alındı.

## SUFIZM HÁM TARIYQATSHÍLÍQ ARASÍNDAǴÍ AYÍRMASHÍLÍQ

Tariyqatshılıq tárepdarları dúnyalıq ilimler insan ómirinde shárt emes, ásirese, qız balalardıń tálim alıwına tosqınlıq etiw sıyaqlı húkimler shıǵaradı. Ásirimizdiń baslarında respublikamızdıń hár túrli aymaqlarında jumıs islewshi tariqatshılar arasında bir qatar dástúrli emes ámeller baqlanǵan:

— tahajjud (túngi) namazın oqıw parız (yaki vajib) dep biliw;

— pirge qol bergenniń aldıńgı gúnaları keshiriledi, qaza bolǵan (oqılmaǵan) namazları juwapkershiliginen azat boladı, dep biliw;

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Tariyqatshılar degende sufizmniń tek sırtqı kórinislerine tiykarǵı itibardı qaratıp, onıń tiykarǵı ózgesheliklerin bilmesten, pirge hádden tıs ashıq, hátte sháriyat sheńberinen shıǵıp «xızmet etiw»di turmıstaǵı eń tiykarǵı maqset dep biliwshi adamlar yaki jámáátler, toparlar túsiniledi.

— tariyqatshılardan basqa adamlardıń toy-merekelerine barmaw;

— pirdiń qolı tiygen suwdı teberik dep bilip paydalanıw;

— pirdiń úyi tárepke ayaqtı sozıw qublaǵa ayaq sozıwday gúna boladı, dep biliw;

— saqalsız hám jasalma tisler qoydırǵan imam-xatib hám nayıplarǵa eliklemew;

— televizor kórmew, radio esitpew hám t.b.

> Shamǵa uqsa, hámmege jaqtılıq baǵıshla da, óziń bolsa qarańǵıda bol.
>
> ***Bahawaddin Naqshband***

Usı toparlardıń bunday dástúrli emes ámelleri islam dini táliymatına hám dástúrlerine ulıwma qayshı keledi. Sonıń ushın da, házir ózlerin tariyqatshılar dep dawa etip atırǵanlar dáslep dástúrlik tariyqat tiykarların qopal túrde buzıp atırǵanlıǵı, qalaberse, sháriyat kórsetpelerine de ámel etpey atırǵanlıqları belgili bolmaqta. Sonıń ishinde, pirdiń qolı tiygen suwdı teberik dep biliw ámelin alayıq. Birinshiden, adam shomılǵanda suwǵa onıń júzi-qolınan hár túrli zıyanlı mirkoblar túsedi. Onı ishiw awır kesellikke alıp keliwi múmkin. Ekinshiden, Imam Aǵzam pikirinshe, bul suw dáret penen aralasqan esaplanadı. Sháriyat alımları onı ishiwdi qadaǵan etken.

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

*Biz ushın Buxaradan alıs bolǵan Londonda turıp, insan kámalatı hám ruwxıy tárbiyasınıń sheksiz bulaǵı bolǵan Naqshbandiya táliymatına ámel etiw oǵada áhmiyetli. Ózbekstandaǵı jeti pir ziyarat orınların zıyarat etiw, Ǵijduwanıy hám Naqshband háziretleriniń tuwılǵan sánelerine baǵıshlanǵan xalıqaralıq konferenciyalarda qatnasıw ármanım bar. Bul jurt jáhánge ruwxıy tárbiya ustazların inam etken Ana-jer sıpatında hámiyshe qádirli bolıp qaladı.*

***Britaniya. Shayıx Zimer Solihiy, 2018-jıl.***

Sufizm degende, shańaraq, tirishilik, juwapkershilikti umıtıp, tárkidúnya etiw túsinilmeydi.

Ayırım adamlar tariyqatqa kirgenlerin báne etip, sırtqı kórinis hám máresimlerge úlken áhmiyet beredi, biraq shańaraqları, perzentleri aldındaǵı minnetlemelerin umıtıp qoyadı. Olar ózlerinshe Allaǵa táwekel etip, shańaraǵınıń támiynatınan bas tartpaqta, pirdiń xızmetin shańaraq aldındaǵı vajib juwapkershilikten ústin qoymaqta.

Usı jol menen, sufizmniń negizgi mánisin ańlamay hám haqıyqatınan biyxabar qalǵanlar haqıyqıy tariyqat qáwimine de, sufizmniń atına da daq túsirmekte.

Tariyqatshılardıń isleri sebepli sociallıq kelispewshiliklerge sebep bolıp atırǵan jaǵdaylar haqqında sóz eter ekenbiz, tómendegilerdi de názerden shette qaldırmawımız kerek boladı. Tariyqatshılar arasında:

— tariyqatta bolmaǵanlarǵa pás názer menen qaraw;

— ilim alıwǵa bolǵan xoshametlewdiń páseyiwi — kóplegen áwliyeler oqımasa da úlken abırayǵa eriskenler, sıpatında is tutıw;



Sizlerdiń jaqsılarıńız dúnyanıń isi dep aqıretti, aqıretti dep dúnyanı tárk etpeytuǵın hám adamlarǵa awırmanlıǵın túsirmeytuǵınlarıńız».

***Hádis***



**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

1. Tariyqatshılardıń xızmeti islam dini táliymatına tuwrı kele me?
2. Pikirińizdi túsindiriwde tómende berilgen tekstten paydalanıń.

*«Adamlarǵa (tákabbırlıq penen) júzińdi búristirme hám jerde kerilip júrme. Sebebi, Alla barlıq menmen, maqtanshaq kimselerdi súymeydi».*

***Quranı kárim, Luqman súresi, 18-ayat.***

— shańaraqlı tariyqatshılar shańaraqlarınıń támiynatın pirden wazıypa alıw bánesinde shańaraǵınıń materiallıq támiynatınan bas tartıw;

— zamanagóy rawajlanıw jetiskenliklerine keri múnásibette bolıw, zamanagóy kiyim kiyip júrgenlerge jaqsı pikirde bolmaw hám t.b. jaǵdaylar baqlanadı.

Tariyqatshılar tárepinen sháriyat talaplarınıń durıs talqılanıwı, dástúrlik islam principlerine qarsı bolǵan qaǵıydalar islep shıǵılıwı adamlar arasında narazılıqlarǵa sebep bolmaqta.

Bunnan tısqarı, ayırım tariqatshılar sufiylik táwipshiligi, sufiy gimnastika, sufiy urıs óneri sıyaqlı oraylardı ashıp, usı arqalı adamlardıń itibarın ózine tartıw usıllarınan da paydalanbaqta. Bunday tariyqatshılar tárepinen islam tiykarlarınıń buzıp talqılanıwı, hár túrli táliymatlar hám ámeliyatlarınıń sufizmge tiyisli, dep úgit-násiyatlanıwı, islam dinine baylanıslı bolmaǵan túrli jat ideyalardıń musılmanlar arasında tarqalıwına, olardıń

> Biypayda sózdi kóp aytpa hám paydalı sózdi kóp esitiwden qaytpa.
>
> ***Álisher Nawayı***

**TARIYXQA NÁZER**

Bahawaddin Naqshband (1318—1389) — naqshbandiylik tariqatınıń ullı wákili. El arasında Xoja Bahawaddin Bolagardan, Xojayi Buzruk, Shohi Naqshband atları menen belgili. Buxarada Qasri Xinduvon awılında tuwılǵan. Bahawaddin Naqshband Boboyi Samosiy, Ámir Kulol, Mavlono Orif, Halil ata, Qusam Shayx sıyaqlı ustazlardan sabaq alǵan. Ol eki márte hajǵa barǵan. Ápiwayı turmıs keshirgen, tek diyqanshılıq hám keyin ala mıs hám kiyimlerge naǵıs salıw menen kún kórgen. Óz táliymatın jaratıwda Abduxoliq Ǵıjduwanıy tiykar salǵan. «Xojagon» dinastiyasınıń segiz statyadan ibarat qaǵıydasına óziniń úsh qaǵıydasın (talabın) qosıp, onı jetilistirgen. Solay etip, sufizm naqshbandiya tariqatında jáne de jetiklikke eristi.

isenimleriniń buzılıwı, shın isenimge zıyan etiwine sebep bolmaqta. Kópshilik «tariyqatshılar» óz topar aǵzaların pirine qol bermegen basqa ápiwayı musılmanlardan ústin qoyadı, «piri joqtıń — dini joq» sıyaqlı ideyalardı tarqatıwǵa urınadı.

Sufizm bolsa bunday nadurıs pikirlerge qarsı bolǵan, adamlar arasında teńlik, tuwısqanlıq, sociallıq ádillik, jámiyetke paydalı miyneti menen shuǵıllanıwın úgit-nasiyatlaǵan. Máselen, Bahawaddin Naqshbandiydiń «Dil ba Yaru dast ba kor» hikmeti ásirler boyı óziniń mazmunın joǵaltpaǵan.

Sufizmlik kózqaraslardıń bir pútin táliymatqa aylanıp, islam úlkelerine keń jayılıwı adamlar turmısında áhmiyetli shınlıqqa aylanǵan.

Klassik sufizmge tán bolǵan gózzal ádep-ikramlılıq, joqarı mánawiy pazıyletlerdi qáliplestiriw, kámil insan, nápsi tárbiyası, watan súyiwshilik sıyaqlı ideyalar xalqımızdıń ásirler dawamında jetilisiwine alıp barǵan ruwxıy baylıǵın quraydı. Házirgi sharayatta da sufizmniń áne usınday ózgesheliklerin kórsetip beriw adamlardı hár túrli tiykarsız ideyalar hám isenimlerge adasıp kirip qalıwınıń aldın alıwda ayrıqsha áhmiyetke iye.

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Oraylıq Aziyada sufizm hám tariyqatshılıq arasındaǵı sáykes kelmewshilik úlken milliy miyras hám dástúrlikten uzaqlasıwdıń nátiyjesi bolıp esaplanadı.

## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Sufizmniń negizgi mánisin buzıp talqılaw qanday aqıbetlerge alıp keledi?
2. Tariyqatshılıqtıń sufizmnen ayırmashılıǵı nede?
3. Tariyqatshılıqtıń qanday belgilerin bilip aldıńız?
4. Tariyqatshılar tárepinen qanday orınsız jaǵdaylar baqlanadı?

# 16—17-§ XX–XXI ÁSIRLERDE DIN HÁM MÁDENIYAT

**BÚGIN SABAQTA TÓMENDEGILER MENEN TANÍSASÍZ:**

1. Dinniń mádeniy turmıstaǵı ornı.
2. Islam civilizaciya oraylarınıń shólkemlestiriliwi.

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Mádeniyattıń tutas sistemasınan eki úlken tarmaq ajıralıp shıǵadı. Bular óz mazmun-mánisine qaray materiallıq hám ruwxıy mádeniyatlar bolıp esaplanadı.

## DINNIŃ MÁDENIY TURMÍSTAǴÍ ORNÍ

Mádeniyat insan hám jámiyet turmısında áhmiyetli orın tutadı. Mádeniyat insaniyatqa bir-birine jaqsı qatnas jasaw, ózgelerdi húrmetlew, jer júzinde tınısh-tatıw jasawdı úyretedi. Din iseniwshilerdiń sociallıq, etnikalıq hám mánawiy turmısına tásir etedi. Bul bolsa dúnya xalıqlarınıń mádeniyatı, ádebiyatı, kórkem óneri sıyaqlı tarawlarına kirip barıwında kórinedi.

Dinniń mádeniyattı úgit-násiyatlaw funkciyası sonda kórinedi, dáslep mádeniyattıń málim bir qatlamları—jazıw, kitap basıp shıǵarıw, kórkem ónerdiń ulıwma rawajlanıwına járdem bergen bolsa, házir ayırım mádeniy fenomenlerdi xoshametlep, bazıların biykar etken halda diniy mádeniy qádiriyatlardı saqlaw hám kóbeyttiriw, ilimiy-ruwxıy miyrastı násilden-násilge qaldırıw wazıypaların atqaradı.

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Diniy mádeniyat — insan ruwxıylıǵınıń azıǵı. Insaniyat óz rawajlanıwı dáwirinde túrli dinlerge isenip kelgen. Ilahiy kúshler arqalı tábiyattan járdem soraǵan. Dúnyada eń kóp tarqalǵan dinler úshew: buddizm, xristianlıq, islam.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. XX—XXI ásirlerde qurılǵan usı ibadatxanalardıń arxitekturasına itibar qaratıń hám dinniń mádeniyatqa, rawajlanıwǵa tásiri haqqında maǵlıwmat beriń.
2. Din dinge iseniwshilerdiń mánawiy turmısına, sociallıq turmıs tárizine kirip barıwı haqqında maǵlıwmat beriń.
3. Pikirińizdi dinniń mádeniy qádiriyatlardı saqlaw hám kóbeyttiriw, ilimiy-ruwxıy miyrastı násilden-násilge qaldırıw sıyaqlı wazıypalar menen baylanıstırıp túsindiriń.










## ISLAM MÁDENIYATÍNÍŃ PAYTAXTLARÍ

2005-jıldan baslap Islam Birge islesiw Shólkemine (IBSh) qaraslı Bilimlendiriw, ilim hám mádeniyat máseleleri boyınsha xalıqaralıq islam shólkemi (ISESCO) hár jılı shólkemge aǵza Aziya, Afrika hám arab elleri qalaların «Islam mádeniyatı paytaxtı» dep járiyalaydı. ISESCOniń musılman dúnyasındaǵı belgili bir qalalardı islam mádeniyatınıń paytaxtları dep járiyalawı musılman elleri ortasındaǵı mádeniy baylanıslardı rawajlandırıw, islam mádeniyatına tiyisli ilimiy-aǵartıwshılıq, tariyxıy-arxitekturalıq miyrastı úyreniw, tiklew hám úgit-násiyatlaw, dinler aralıq hám civilizaciyalar

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Mákke qalasındaǵı «Masjidul Harom», Madina qalasındaǵı «Masjidun Nabaviy», Ierusalimdegi «Masjidul Aqso» islamdaǵı bas meshitler esaplanadı.

## ISLAM MÁDENIYATÍ PAYTAXTLARÍ



*Halab*



*Alma-Ata*



*Bishkek*



*Fes*

aralıq baylanıstı kúsheyttiriw, hár túrli ellerdiń bul boyınsha is-háreketlerin qollap-quwatlaw hám de xoshametlew maqsetlerin gózleydi.

ISESCO tárepinen qalalardı Islam mádeniyatı paytaxtı dep járiyalawda:

- áyyemgi islam estelikleri hám arxitekturalıq estelikler;
- islam mádeniyatına úles qosatuǵın ilimiy, mádeniy shıǵarmalar.
- ilimiy-izertlew orayları, qoljazbalar orayları hám arxeologiyalıq orayları;

ISESCO tárepinen 2005-jılı Mákke islam mádeniyatı paytaxtı dep járiyalanǵan bolsa, 2018-jılǵa deyin 43 mámleket Islam mádeniyatı paytaxtı statusın aldı. Bulardıń ishinde Isfaxan (Iran), Xalab (Siriya), Timbuktu (Mali), Tashkent (Ózbekstan), Tripoli (Liviya), Fes (Marokko), Dakar (Senegal), Alma-Ata (Qazaqstan), Dushanbe (Tájikstan), Bishkek (Qırǵızstan), Ǵazna (Awǵanstan) sıyaqlı qalalar da bar.

### DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Tariyx páninde alǵan bilimlerińiz tiykarında Islam mádeniyatı paytaxtı atın alǵan qalalar tariyxı haqqında maǵlıwmat beriń. Bunda ISESCO tárepinen qalalardı Islam mádeniyatı paytaxtı dep járiyalawǵa tiyisli talaplardan paydalanıń.

## MAĠLÍWMAT USHÍN

Musılmanlardıń ilim jolındaġı is-háreketleri sebepli dúnyada birinshi tolıq universitetlerge tiykar salındı. Tuniste «Zaytuna» 732-jılı, Baġdadta «Bayt ul-hikma» 829-jılı, Festa (Marokko) «Karavain» 859-jılı, Kairda «al-Azhar» 970-jılı, Xorezmde Mamun akademiyası 1004-jılı shólkemlestirilgen. Musılman dúnyasındaġı bul ilim dárgaylarınıń kópshiligi mıń jıldan aslam waqıt jumıs alıp barmaqta.

## DÚNYADAĠÍ DÁSLEPKI UNIVERSITETLER



*Zaytuna universiteti*



*Al-Azhar universiteti*



*Qaroviyun universiteti*



*Bayt-ul Hikma akademiyası*




*Mamun akademiyası*

### TARIYXQA NÁZER

1173-jılı qaytıs bolġan Tatbaliy (Tudelskiy) Makedoniyada 20 medrese bolġanlıġın, Baġdad, Kair, Kordova hám usıġan uqsas úlken qalalarda laboratoriya, observatoriyalar qurılġanlıġı hám de ilimiy izleniwlerge barlıq sharayat jaratılġanlıġı, kitapqa bay kitapxanalarġa iye «jóme» — universitetler boy tiklegeni haqqında maġlıwmat bergen.

- mádeniy mákemeler ótkergen festivallar, mádeniy ilajlar, kitaplar, súwretler, tájiriybe isleri hám baspa jumısları;
- qala tariyxı haqqında joqarıdaǵı talaplar tiykarında maǵlıwmatlardıń bar ekenligine tiykarlanadı.

## TASHKENT — ISLAM MÁDENIYATÍ PAYTAXTÍ

Tashkent áyyemnen ilim-pán, mádeniyat orayı bolıp kelgen. Usı qalada orta ásirlerde hár túrli ilim tarawları boyınsha jumıs islegen 100 den artıq alımlardıń atları anıqlanǵan. Sonıń ishinde, Házireti Imam dep ulıǵlanǵan Abu Bakir Qaffol Shoshiy (904—976), isenimli muhaddis sıpatında tanılǵan Abu Said Haysam ibn Kulayb Shoshiy (947-jılı qaytıs bolǵan) hám de Faxrul islam, Al-imam al-Kabir atlarına miyasar bolǵan Abu Bakir Muhammed ibn Ahmed Shoshiy (1038—1114) atların ayrıqsha atap ótiwimiz múmkin.

Zamanlasları «Házireti Imam» dep ulıǵlanǵan bul insannıń tolıq ismi Abu Bakir Muhammed ibn Ali ibn Ismayıl Qaffol Shoshiy bolıp, arab dereklerinde oǵan ayrıqsha húrmet keltiriw ushın atına «úlken», «ullı» mánisin beretuǵın «Kabir» sózin qosıp jazǵan.

Imam Qaffol Shoshiy atı menen dańqqa erisken Hastimam máhállesi óz zamanında Tashkenttiń diniy, ilimiy, ruwxıy hám aǵartıwshılıq orayı sıpatında at shıǵarǵan. Tilekke qarsı, sovetlerdiń babalarımız zıyarat orınları hám zıyaratxanalarına bolǵan ateistlik múnásibetleri nátiyjesinde bunday orınlar itibardan shette qaldı.



*Minor meshiti*



*Házireti Imam (Hastimam) kompleksi*

Ǵárezsizlik jıllarında ilimiy-mánawiy, diniy-aǵartıwshılıq ádebiyatlardıń baspadan shıǵıwına keń imkaniyatlar jaratıldı. Tashkentte Quranı kárim hám hádisler, sonday-aq, islam mánawiy miyrasına úlken úles qosqan alımlar shıǵarmalarınıń ózbek tilindegi basılımları baspadan shıqtı. Házirgi kúnde paytaxtımızdıń eń eski jerinde, Ózbekstan musılmanları basqarması janında jaylasqan Qaffol Shoshiy atı menen baylanıslı Házireti Imam (Hastimam) kompleksi jıldan-jılǵa abat bolıp, Eski sháhárdiń kórkine kórik qosıp atırǵan tariyxıy orınlardan birine aylandı.

Joqarıda atap ótilgen islam dini hám mádeniyatına tikkeley baylanıslı bolǵan bul ullı isler úlken intellektuallıq hám danıshpanlıq penen alıp barılıp atırǵan dana hám xalıqshıl siyasattıń nátiyjesi bolıp tabıladı.

Elimiz paytaxtı — Tashkent qalasınıń Islam mádeniyatı paytaxtı, dep járiyalanıwı islam mádeniyatı hám qádiriyatların tiklew hám de rawajlandırıwda Prezidentimiz Shavkat Mirziyoev basshılıǵında ámelge asırılıp atırǵan islerdiń jer júzilik kólemde tán alınıwında bolıp esaplanadı.



*Tashkenttegi Imam Termiziy meshiti*



*Barakxan medresesi*



*Xoja Ahror Valiy meshiti*

## ÓZBEKSTANDAǴÍ ISLAM CIVILIZACIYASÍ ORAYÍNÍŃ XÍZMETI

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti janındaǵı Ózbekstandaǵı Islam civilizaciyası orayı xızmetiniń tiykarǵı maqseti — islam dini menen baylanıslı



*Biziń tájiriybemiz sonı kórsetedi, birinshi gezekte, jaslardı ilim-aǵartıwshılıqqa úyretiw olarǵa islam dininiń insan súyiwshilik mánisi, islam mádeniyatınıń haqıyqıy qádiriyatların jetkiziw ekstremizmge qarsı gúrestiń eń nátiyjeli quralı bolıp tabıladı.*

*Bul boyınsha biz Samarqandta Imam Buxariy xalıqaralıq ilimiy-izertlew orayı hám Tashkentte Islam civilizaciyası orayın shólkemlestiriwge qarar ettik.*

***Shavkat Mirziyoev***

bay hám biybaha miyrastı ilimiy tiykarda hár tárepleme tereń úyreniw, elimizden jetisip shıqqan ullı alım hám oyshıllardıń turmısı hám ilimiy-dóretiwshilik xızmeti haqqında bir pútin túsinik oyatıw, olar menen xalqımız hám jáhán keń jámiyetshiligin keń tanıstırıw, xalıqaralıq kólemde dinler aralıq hám civilizaciyalar aralıq baylanıstı jolǵa qoyıw, islam dininiń insan súyiwshilik mánisin ashıp beriw, jawızlıqqa qarsı aǵartıwshılıq penen gúresiw, jas áwladtı, milliy maqtanısh hám arnamıslılıq ruwxında tárbiyalawdan ibarat.

Oraydıń tiykarǵı wazıypası tómendegilerden ibarat:

- mámleketimiz ásirler dawamında jáhán civilizaciyasınıń ajıralmas bólegi, islam mádeniyatı oraylarınan biri bolıp kelgenligin kórsetetuǵın ilimiy-tariyxıy koncepciyanı islep shıǵıw hám ámelge asırıw;
- oray quramındaǵı kitapxana hám arxiv, qoljazbalar fondlarınıń búgingi Ózbekstannan jetisip shıqqan ullı alım hám oyshıllar, áziz-áwliyeler, olar tárepinen tiykar salınǵan ilimiy hám diniy mekteplerge tiyisli elimizde hám sırt ellerde saqlanıp atırǵan áyyemgi qoljazba hám tasbaspa kitaplar, tariyxıy dálil hám hújjetler, arxeologiyalıq tabılmalar, eski buyımlar, usı baǵdardaǵı zamanagóy ilimiy-izertlew isleri, kitap hám toplamlar, video hám fotohújjetler esabınan qáliplestiriw;
- oray quramındaǵı muzey ekspoziciyasınıń tema baǵdarların tereń oylanǵan, ilimiy tiykarlanǵan anıq reje boyınsha qáliplestiriw hám onı eń zamanagóy málimleme-kommunikaciya texnologiyaları tiykarında kórsetiw;

• islam dininiń rawajlanıwına úlken úles qosqan ullı watanlaslarımız — Imam Buxariy, Imam Termiziy, Hákim Termiziy, Abu Mansur Maturidiy, Abu Muin Nasafiy, Qaffol Shoshiy, Abduxoliq Ǵıjduwanıy, Najmiddin Kubra, Burhoniddin Marǵinoniy, Bahawaddin Naqshband, Xoja Ahror Valiy sıyaqlı alımlardıń bahalı miyrasın ilimiy tiykarda tereńnen izertlew, olardıń ilimiy-ruwxıy mártligin, ullı insanıylıq pazıyletlerin keń úgit-násiyatlaw;

• jáhán ilim-pán tariyxında óshpes iz qaldırǵan Muhammed Xorezmiy, Ahmed Ferǵaniy, Abu Nasr Farabiy, Abu Rayxan Beruniy, Abu Ali ibn Sino, Mahmud Zamaxshariy, Mırza Ulıǵbek, Ali Qushchi sıyaqlı alım hám oyshıllar miyrasınıń tariyxıy hám zamanagóy civilizaciya rawajlanıwındaǵı ornı hám áhmiyetin, Alisher Nawayı, Zahiriddin Muhammed Babur, Kamoliddin Behzad, Mahmud Muzahhib sıyaqlı klassik ádebiyat hám kórkem óner ǵayratkerleri dóretiwshiliginiń insanıylıq mazmunın tereń ashıp beriw;

• islam dini adamlardı, barlıq millet hám xalıq-lardı hámiyshe nurlı turmısqa, iygilikli isler, óz ara doslıq hám insanıylıqqa shaqırıwın, onıń negizgi, gumanistlik mazmunın tereń tallawǵa qa-

Adamlardıń batırı keleshektegi islerden qorıqpaydı. Kámalatqa erisiwden shetlengen insan adamlardıń qorqaǵı bolıp esaplanadı.

***Abu Ali ibn Sino***




«Evropanıń barlıq tarawındaǵı rawajlanıwında Islam mádeniyatınıń xızmeti sheksiz hám Evropa rawajlanıwına úlken tásir tiygizgen keskin shıǵarmaları bar... Evropaǵa ómir inam etken tek ǵana tábiyat ilimleri emes, al Islam mádeniyatı Evropaǵa dáslepki nurın jibergende-aq hár tárepleme Evropaǵa óz tásirin ótkergen edi».

***Robert Briffault, «Insoniyatning yaralishi» («The Making of Humanity») atlı kitabınan***

Biz alımlardan islam dini hám mádeniyatın úyrendik. Bul ilimler islam civilizaciyasınıń tiykarın quraydı. Samarqand, Buxara, Tashkent ullı shaxslardıń jurtı. Bular bar kúshin ilim alıw hám tarqatıwǵa jumsaǵan... Olar paydalı hám mápdarlı ilimdi ıqlas penen tarqattı...

***ISESCO bas direktorı Abdulaziz bin Usman at-Tuvayjiriy***

ratılǵan ilimiy-izertlewler, dúnya xalqın bir maqset jolında — jawızlıqqa qarsı aǵartıwshılıq penen gúresiw jolında birlesiwge shaqıratuǵın túrli ánjumanlar, aǵartıw-shılıq ilajlardı ámelge asırıw;

- Ózbekstannıń áyyemgi tariyxı hám mádeniyatı, mámleketshilik dástúrleri, xalqımızdıń turmıs tárizi hám dúnyaqarası islam civilizaciyası menen tı-ǵız baylanıslı halda qáliplesip, rawajlanǵanın Samarqand, Buxara, Xiywa, Tashkent, Kesh, Nasaf, Termiz, Andijan, Marǵulan, Karmana, Qoqan sıyaqlı áyyemgi qalalarımız, ullı alımlar hám áziz-áwliyeler esteligine baǵıshlap jurtımızda boy tiklegen estelikler kompleksleri, muqaddes zıyarat orınları maketleri, ullı tulǵalar, bahalı qoljazba hám tasbaspa shıǵarmalar, materiallıq hám materiallıq emes miyras, atap aytqanda, «Shashmaqam» úlgileri sıyaqlı siyrek ushırasatuǵın eksponatlar arqalı sáwlelendiriw, usı baǵdarlarda ilimiy-izertlewler alıp barıw, olardıń nátiyjeleri tiykarında qamuslar, katalog hám albomlar, ilimiy-xalıqlıq toplamlar, telekórsetiw, film hám basqa materiallar tayarlaw;
- Orayda jergilikli hám shet elli qánigelerdi keń tartqan halda ilimiy-izertlew jumısların jolǵa qoyıw hám olardıń nátiyjelerinen elimiz hám de jáhán keń jámiyetshiligin xabardar etip barıw;

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti janındaǵı Ózbekstandaǵı Islam civilizaciya orayı Prezidentimizdiń 2017-jıl 23-iyundegi «Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti janındaǵı Ózbekstandaǵı Islam mádeniyatı orayın shólkemlestiriw is-ilajları haqqında»ǵı PQ-3080-sanlı qararına tiykarlanıp shólkemlestirilgen.

- Evropa Renessansınıń qáliplesiwine kúshli tásir kórsetken Musılman Renessansı dáwirinde ilim-pán, mádeniyat hám kórkem óner, arxitekturalıq rawajlanıw haqqındağı keń kólemli mağlıwmatlar pavilonların shólkemlestiriw arqalı Orayda kórsetiletuğın ekspoziciyalardı usı dáwirlerge tiyisli eksponat hám kórgizbeli qurallar menen bayıtıw;
- jáhán tariyxında «Ámir Temur hám temuriyler renessansı» degen atama menen ayrıqsha orın iyeleytuğın dáwirde jaratılğan ilim-pán, mádeniyat hám arxitektura dúrdanaların islam mádeniyatınıń tek ğana jurtımızdağı emes, al, pútkil musılman dúnyasındağı rawajlanıw hám alğa ilgerilew dáwiri sıpatında kórsetiw;
- búgingi kúnde barğan sayın áhmiyetke iye bolıp atırğan dinler aralıq hám civilizaciyalar aralıq baylanıstı nátiyjeli jolğa qoyıw maqsetinde Ózbekstandağı Islam civililizaciyası orayınıń jer júzindegi abı-raylı xalıqaralıq ilimiy mákeme hám strukturalar, sonıń ishinde, UNESCO, ISESCO sıyaqlı xalıqaralıq shólkemler menen jaqın birge islesiw baylanısların ornatıwdan ibarat.



Jaqsı ádep-ikramlılıq pazıyletlerge iye adam — hárqanday qımbat bahalı dúrlerden de biybaha.

***Yusuf Xas Hajib***



Oraylıq Aziya xalqı eń «jas» regionlardan biri bolıp esaplanadı. Bul jerde xalıqtıń derlik 60% in jaslar quraydı hám bul dúnya boyınsha ortasha kórsetkishten ádewir joqarı. Usı maqsette Ózbekstan Birlesken Milletler Shólkemi Bas Assambleyasınıń jaqında Nyu-Yorkte bolıp ótken sessiyasında Jaslar huqıqları haqqındağı xalıqaralıq konvenciyanı islep shığıw hám de «Ağartıwshılıq hám diniy keńpeyillik» dep atalğan arnawlı rezolyuciyanı qabıl etiw baslaması menen shıqtı.

***Shavkat Mirziyoev***



*Samarqand.*
*Mırza Ulıǵbek alımlar menen*

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Ullı Britaniya Parlamentiniń lordlar palatası wákili lord Muhammed Iltaf Shayx:

*«Eger Ulıǵbek házir tiri bolǵanında ózbekler birinshi bolıp ayǵa sapar etken bolar edi. Al-Xorezmiy bolmaǵanında zamanagóy texnologiyalar da bolmas edi. Ibn Sino shıǵarmaları tiykarında házir Evropa medicinanı úyrenbekte. Biz radikallasıwǵa Ózbekstan mádeniyatı menen qarsı góresiwimiz kerek. Sizler Imam Buxariy hádislerin inglis tiline awdarma islep, túsindiriń. Biz bul kitaplar menen nadanlıqqa qarsı góresemiz».*

***2018-jıl, 1-mart. London. Ózbekstan hám Ullı Britaniya ziyalıları, diniy taraw wákillleriniń ushırasıwınan.***

## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Din mádeniyattıń rawajlanıwına qanday úles qosadı?
2. Ne ushın Tashkent Islam mádeniyatı orayı dep daǵazalandı?
3. Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti janındaǵı Ózbekstandaǵı Islam civilizaciya orayınıń xızmeti haqqında maǵlıwmat beriń.
4. Din jazıw, kitap basıw, kórkem ónerdiń ulıwma rawajlanıwına qanday úles qosadı?
5. ISESCOnıń musılman dúnyasındaǵı belgili qalalardı islam mádeniyatınıń paytaxtları dep járiyalawdan qanday maqsetti gózleydi?

# 18–19-§ XX–XXI ÁSIRLERDE DINIY DÁSTÚR HÁM MÁRESIMLER

**BÚGIN SABAQTA TÓMENDEGILER MENEN TANÍSASÍZ:**

1. «Máresim» túsiniginiń mazmun-mánisi.
2. Milliy hám diniy máresimlerdiń transformaciyalasıw procesleri.
3. Milliy qádiriyatlar hám diniy dástúrler.

## «MÁRESIM» TÚSINIGINIŃ MAZMUN-MÁNISI

Hárbir xalıqtıń ózine tán úrp-ádet, dástúr hám máresimleri bar. Olardıń hárbiri basqasınan túp-tiykarınan parıqlanadı. Biri paydalı, biri pútkilley zıyanlı. Úrp-ádet — adamlardıń turmısına sińip ketken, belgili múddette tákirarlanıp turatuǵın is-háreket, kópshilik tárepinen qabıl etilgen minez-qulıq qaǵıydaları kónlikpesi.

«Ádet» degen túsinik belgili bir sharayat tásirinde payda bolıp, adamnıń minez-qulqında bekkemlenip qalǵan hám keyin ala óz-ózinen ıqtıyarsız orınlanatuǵın háreket mánisin bildiredi. Máresim insan turmısındaǵı áhmiyetli waqıyalardı belgilewge qaratılǵan, rásmiy hám ruwxıy kóterińkilik jaǵdayda ótetuǵın, ulıwma qabıl etilgen tártip-qaǵıydalarǵa ámel etetuǵın ilaj sanaladı. Adamlar birewdiń qaygı yaki quwanıshına sherik bolıp, keleshek ushın jaqsı

> Hárbir qus
> óz hawazınan
> shadlanar.
>
> ***Xalıq hikmeti***

**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

1. Siziń shańaraǵıńızda qanday úrp-ádetler bar?
2. Xalqımızdıń qaysı ádet hám dástúrleri qádiriyat sıpatında nızam dárejesine kóterilgen?

**DÓRETIW-SHILIK JUMÍS**

«Isim qoyıw», «nekeden ótiw», «jerlew», «eske alıw» sıyaqlı túsinikler qanday ilajlardı ózinde sáwlelendiredi?

niyetler etedi. Hárbir máresimniń ózine tán ulıwma qabıl etilgen dúzilisi (baslanıwı, ortası, aqırı) boladı. Insan turmısında bolıp ótip atırǵan áhmiyetli waqıyanı belgilew barısında dástúr de, ádet te, máresim de jámlesedi. Dástúr, ádet hám máresim bir-biri menen tikkeley baylanıslı hádiyseler bolıp esaplanadı.

Sonlıqtan, dástúrlerdiń quramlı bólegi ádet, ádettiń quramlı bólegi bolsa máresim de bolıwı múmkin. Ayırım jaǵdaylarda «dástúr», «ádet» hám «máresim» túsinikleri bólek qollanılsa, olar abstrakt mánisti ańlatıwı da múmkin. Bunday payıtta olarǵa anıqlawshı sózler qosılıp, máselen, «dástúrlik bayram», «dástúrlik festival», «dástúrlik keshe» yaki «sıylıqlaw máresimi», «toy máresimi», «pensiyaǵa jiberiw máresimi» túrinde qollanıladı.



*Afrika qáwimlerinen birinde kewil aytıw ádeti*

## MILLIY HÁM DINIY MÁRESIMLERDIŃ TRANSFORMACIYALASÍW PROCESLERI

Progress, zaman talabına juwap bergen úrp-ádet jáne de kúsheyip, zamanǵa qarap rawajlanıp barmaqta. Xalqımızdıń shańaraqlıq máresimleri de tariyxıy zárúrlik tiykarında payda bolǵan hám zaman shıǵırıqlarınan ótip, áhmiyetli ruwxıy qádiriyat sıpatında rawajlanǵan.

XX ásirde jańa úrp-ádet hám dástúrler turmısımızǵa kirip kele basladı. Máselen, tuwılǵan



*Úlkemizde báhár hám gúz aylarında qábirstanlarda ótkeriletuǵın shembilik*

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

«Máresim» sózi jámáátshilik qatnasında ótkiziletuǵın úlken ilaj mánisin bildiredi. Shańaraqlıq úrp-ádetler shańaraq payda bolıwı menen júzege kelgen. Sol sebepli ol shańaraqlar ózgeriwi menen birgelikte ol da ózgergen, rawajlanǵan.

nárestelerdiń ata-analarına gúwalıq yaki erjetken jaslarǵa pasport tapsırıw, oqıw ornın pitkeriwshilerine saltanatlı túrde diplom hám shahodatnamalardı tapsırıw hám olardı miynet jámáátine qabıl etiw, saltanatlı pensiyaǵa jiberiw hám basqalar. Házirge kelip olar dástúrlik ilajlarımızǵa aylanıp barmaqta.

Diniy úrp-ádet, dástúr hám máresimler waqıt ótiwi menen milliy dástúr hám máresimlerge ay-








*Jáhán hám milliy dinlerdegi ibadat máresimleri*

### DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Berilgen tekstti oqıń.

1. Tekstte qanday shańaraqlıq dástúrler, qádiriyat hám máresimler bar?
2. Jáne qanday shańaraqlıq ilajlar, máresimler, dástúrler hám úrp-ádetlerdi bilesiz?
3. Shańaraqlıq ilajlar, máresimler, dástúrler hám úrp-ádetler qanday maqsette ótkeriledi?
4. Xalqımızǵa tán bolǵan ilajlar, máresimler, dástúrler hám úrp-ádetler haqqında maǵlıwmat beriń.

*Farhad jumısqa kirgenine bir ay boldı. Birinshi aylıǵın alıp keldi de, anasına berdi. Anası duwa qılıp: «Shańaraqtıń úlkeni — atańız, ol kisige beriń, bul shańaraǵımızǵa tán ádet», — dep qosıp qoydı. Sol kúni shańaraq aǵzaları keshki dasturqan átirapına jıynalǵanda Farhadtıń atası aqlıǵınıń birinshi hadal islep tapqan pulı menen qutlıqlap, duwa etti. Bul áhmiyetli waqıya múnásibeti menen Farhadtıń anası dasturxan jaydı.*


Surxandáryada Nawrız bayramı.


Hindstanda jańa jıl bayramı.


Tatar xalqı bayramı «Saban toyı».


Tashkentte maslenica bayramı.

lanıp barıwı transformaciyalasıw dep ataladı. Máselen, xristianlıq dini Evropa xalıqları turmısına kirip kelgende usı dinniń máresimleri atap ótilgen xalıqlardıń milliy úrp-ádet hám dástúrlerine aylandı. Xristianlarda Rojdestva bayramı, hindlerde Xoli bayramı, koreyslerde shamanizm menen baylanıslı úrp-ádetler bar.

Ózbekstanda bolsa, barlıq dinlerde muqaddes dep esaplanǵan shańaraq institutı milliy qádiriyat sıpatında Tiykarǵı nızamǵa kirgizilgen hám dástúrge aylanǵan.

Diniy máresimlerdi orınlawda din wákilleri, keyin-ala ruwxanıylar basshılıq etken. Olar óz máresimlerin áste-aqırın málim bir dinniń talabı, ózgesheligi, qaǵıydası hám mútájligine sáykeslestirgen.

Xristianlıqta «Jeti sırlı máresim»: shoqındırıw, nan hám sharap tartıw, miro mayın súrtiw, táwbe etiw, eley (muqaddes zaytun mayı) súrtiw máresimi, ruwxanıy ataǵın beriw, neke máresimleri bar. Rojdestvo hám Pasxa xristianlıqta keń nıshanlanatuǵın eń tiykarǵı bayramlar esaplanadı.

Islam dininde aqiqa (qonaq ası), amri maruf (sawap islerge arnalǵan máresim), súnnet, oraza tutıw hám Ramazan hayıtı, qurbanlıq etiw hám Qurban hayıtı, namaz, haj, neke, jerlew hám basqa máresimler bar.

Evreylikte ibadat, shembi kúnin muqaddes dep biliw, tuwılıw, erjetiw, neke hám jerlew máresimleri ayrıqsha orın tutadı.

## MILLIY QÁDIRIYATLAR HÁM DINIY DÁSTÚRLER

Ózbekstanda diniy máresimlerdiń erkin ótkeriliwi támiyinlenedi, biraq bunda nızamlar, jámáátlik tártibi buzılmawı hám shaxsqa hám de puqaralardıń huqıqına qol qatılmawı tiyis. Diniy máresimler meshit hám ibadatxanalarda, diniy shólkem mákemelerinde, zıyarat etiw orınlarda, qábirstanlarda, puqaralardıń shańaraqları hám úylerinde ótkeriledi. Belgilengen orınnan tısqarıda diniy máresimler yaki ǵalaba ibadatlar ótkeriletuǵın jaǵdaylarda bul haqqında jergilikli hákimiyat xabarlandırılıp qoyılıwı hám bunday ilajlar qatań tártip saqlanǵan halda shólkemlestiriliwi lazım.

«Qádiriyat» ataması bizge arabsha «qádir» sózinen kirip kelip, búgingi kúnde bul túsinik barlıq hám jámiyettegi qanday da bir nárse hám hádiyseniń adamlar ortasındaǵı, óz ara jámiyetlik



Nawrız quday maqluqattı jaratqan altı kúnniń birinshisi bolıp esaplanadı. Quyash hám Ay, aspannıń eki kózi bolǵanınday, Nawrız hám mehirjan zamannıń eki kózi bolıp esaplanadı.

***Abu Rayxan Beruniy, «Áyyemgi xalıqlardan qalǵan estelikler»***



### DÓRETIWSHILIK JUMIS

Tómendegi tekstti oqıń hám ondaǵı «mıń jıllıq tuwısqanlıq hám jaqsı qońsıshılıq qatnasıqları» degen gápti tema menen baylanıstırıp túsindiriń.

*«Biziń regionımız xalıqların mıń jıllıq tuwısqanlıq hám jaqsı qońsıshılıq qatnasıqları baylanıstırıp turadı. Bizdi tariyx, din, ulıwma mádeniyat hám dástúrler birlestiredi».*

***Shavkat Mirziyoevtiń 2017-jılı 11-noyabrde Samarqand qalasında bolıp ótken xalıqaralıq konferenciyadaǵı «Oraylıq Aziyanı tariyx, din hám ulıwma mádeniyat hám dástúrler birlestiredi» atamasındaǵı sózinen.***

qatnasıqlardaǵı tutqan áhmiyetin kórsetiw ushın qollanılmaqta.

Bayram — túrkiyshe «úlken jıyın», «toy» mánilerin ańlatadı. Bul keń nıshanlanatuǵın saltanatlı kún. Áwladtan-áwladqa miyras sıpatında ótip kiyatırǵan ilaj dástúrlik bayram delinedi (máselen, Nawrız bayramı). Bul túrdegi bayramlar bir xalıq ilaj yaki millettiń usı waqıttaǵı sociallıq turmısı, onıń turmıs tárizi menen tikkeley baylanıslı bolmaydı.

Diniy bayramda bolsa hárbir dinniń qaǵıydalarında belgilep qoyılǵan máresimler belgilenedi. Quranı kárim ayatları hám hádislerde diniy máresim hám bayramlar (Ramazan hayıtı hám Qurban hayıtı) haqqında kóplep maǵlıwmatlar berilgen.

Barlıq dinde insannıń qaytıs bolıwı menen baylanıslı máresimler bar. Bul máresimlerde ayırım dindegiler arnawlı kiyim kiyedi.

Islam dininde matam máresiminde kiyiletuǵın arnawlı kiyimler joq. Lekin, musılman bolǵan ayırım xalıqlar ózleriniń úrp-ádetlerinen kelip shıǵıp kiyinedi. Islam dininde kózge kórinetuǵın jaqsı ádetlerdiń biri, músiybet túsken shańaraqtıń qońsıları ısırapkershilikke jol qoymaǵan halda dárhal awqat pisirip shıǵaradı. Bul milliy-diniy qádiriyatqa aylanǵan ádet.

Insan qaytıs bolǵannan soń onıń úsh ámelinen basqa ámelleri toqtaydı:
— onıń haqqına duwa etetuǵın perzent;
— sadaqa (qurdırǵan jolları, ekken terekleri hám basqalar);
— adamlarǵa paydası tiyetuǵın ilimi.

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Islam dininde aza ushın úsh kún belgilengen. Kúyewi qaytıs bolǵan hayaldıń aza múddeti Quranı kárimde 4 ay 10 kún dep belgilengen. Bul waqıt ishinde hayal jasanıp kiyinbeydi, iyisli nárselerden paydalanbaydı, pardoz etpeydi, «idda»sı ishinde basqaǵa turmısqa shıqpaydı hám buǵan hárekette etpeydi. Onıń kiyiminiń reńiniń áhmiyeti joq, tek ápiwayı bolıwı usınıs etiledi. Jetisi, jigirması, qırqı, jıl sadaqası, qara kiyim kiyiw, ásirese, hayallardıń dawıs shıǵarıp jılawı, bir jılǵa shekem toy, kúlip-oynamaw sıyaqlı illetli islerdiń islam sháriyatına baylanısı joq.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Berilgen súwretlerde qanday qádiriyatlar sáwlelengen?
2. Siz usı qádiriyatlardıń qaysı birinde qatnasasız?
3. Usı qádiriyatlardı saqlaw hám áwladtan-áwladqa jetkeriw zárúr me? Eger maqul deseńiz, bunda qanday islerdi ámelge asırıw kerek?








## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Insan ómirinde máresimlerdiń qanday áhmiyeti bar?
2. Dástúr, ádet, máresimler bir-biri menen baylanıslı ma? Pikirińizdi dálilleń.
3. Ne ushın shańaraq institutın milliy qádiriyat sıpatında atap ótemiz? Shańaraq qádiriyat esaplana ma?
4. «Shańaraq — muqaddes dárgay» degende neni túsinesiz?
5. «Ulıwma insanıylıq qádiriyatlar» degende neni túsinesiz?

# 20—21-§ ZAMANAGÓY MÁLIMLEME TARMAQLARÍ HÁM DIN FAKTORÍ

**BÚGIN SABAQTA TÓMENDEGILER MENEN TANÍSASÍZ:**

1. Din hám kinematografiya. Din hám kórkem ádebiyat.
2. Virtual messenjerler hám olardan hár túrli ekstremistlik ağımlardıń paydalanıwı.
3. Ózbekstanda málimleme qáwipleriniń aldın alıw boyınsha háreketler.

Málimleme — insan óz seziw organları arqalı qabıl etetuğın barlıq signallar kompleksi.







## DIN HÁM KINEMATOGRAFIYA. DIN HÁM KÓRKEM ÁDEBIYAT

Azanda uyqıdan turğan waqtımızdan keshki uyqığa ketken waqtımızğa shekem átirapımızdağı barlıq nárseler bizge ózi haqqında mağlıwmat berip turadı. Búgingi kúnde mağlıwmatlar sonshelli kópliginen kereksiz informacyalar menen yadımız bargan sayın tolıp barmaqta.

Radio, televidenie, telefon, internet sıyaqlı málimleme tarmaqları arqalı jetkerilip atırğan mağlıwmatlar túrli kóriniske iye. Olar arasında tekst, súwret, video, túrli belgiler sisteması hám basqalar bar. Kinematografiya búgingi kúnde mağlıwmat jetkerip beriwdiń eń intensiv usılına aylandı. Kino tek mağlıwmat beriw emes, al, tárbiyalaw, ideologiya, dúnyaqaras hám isenimdi qáliplestiriw wazıypasın atqarmaqta.

Elimizde ǵárezsizlik jıllarında jas áwladtı joqarı insanıylıq pazıyletler ruwxında tárbiyalawğa qaratılğan kóplep filmler jaratıldı. Olar, tiykarınan, danıshpan babalarımızdıń turmısı, ilimiy xızmeti, ağartıwshılıq miyrasın xalqımızğa jetkerip beriwge,

zamanımızdıń óz Watanı, xalqı, insanıylıq qádiriyatların qorǵawdaǵı kórsetken qaharmanlıqların sáwlelendirip beriwge arnalǵan. Usı kinofilmlerdi kórgen tamashagóyler olardan estetikalıq zawıq, ilim-aǵartıwshılıq penen birge qayırlı islerge jiger hám kúsh-ǵayrat aladı. Biraq, salı shiginsiz bolmaydı degenindey, barlıq kinofilmler barlıq waqıtta da insanlarǵa ilim-aǵartıwshılıq tarqatıw, jaqsı islerge shaqırıw, ulıwma insanıylıq qádiriyatlardı úgit-násiyatlawǵa xızmet etpey atır.

Kerisinshe, ayırım «isbilermenler» pul islew maqsetinde yaki anıq bir niyetlerin ámelge asırıwdı

Jaqsı islerdiń jáne bir abzallıǵı sonda, ol kewlińdi kóteredi hám onı jáne de iygilikli islerge shaqıradı.

***Jan Jak Russo***

**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

**Tómendegi súwretlerge dıqqat penen qarań hám olarǵa múnásibet bildiriń.**

1. Pikirińizdi «ideologiyalıq immunitet», «milliy hám ulıwma insanıylıq qádiriyat», «ádep-ikramlılıq», «ǵalabalıq mádeniyat» sıyaqlı atamalar tiykarında túsindiriń.
2. Ekinshi qatardaǵı súwretler insannıń ruwxıylıǵına, ásirese, jas balalar ruwxıylıǵına qanday tásir etedi, dep oylaysız?



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Tómendegi súwretlerge dıqqat penen qarań hám olarǵa múnásibet bildiriń. Berilgen kesteni toltırıń.

| | |
|---|---|
| Multfilmler teması: | |
| Olardaǵı ádep-ikramlılıqqa qarsı túsinik hám ideyalar: | |
| Milliy hám diniy qádiriyatlarǵa qarsı bolǵan ideologiyalıq qáwipler: | |
| Qorqınıshlı saxnalar: | |
| Olardaǵı qosıqlar: | |
| Siz jaqsı kóretuǵın saxnalar: | |
| Olardıń tiykarǵı ideyası: | |
| Siz úkelerińizge qaysı multfilmlerdi kóriwdi usınıs etesiz? | |
| Qaysı qaharmanlar qatnasıwındaǵı multfilmler jaratılıwı kerek, dep oylaysız? | |
| Multfilmlerdegi ideyalar nege xızmet etiwi kerek? | |








kózde tutqan halda, túrli kinematografiya ónimleri arqalı xalqımızdıń mentalitetine say bolmaǵan ideyalardı tarqatıwǵa urınbaqta.

Búgingi kúnde kino álemi hám olardıń insanlar sanasına tásiri artıp barmaqta. Kinonıń insan sanasına unamlı tárepleri de kóp. Biraq, «perde artında» olar menen baylanıslı bolǵan bir qatar unamsız tárepleri de bar. Sebebi, tamashagóy kinonı kórip otırar eken, onıń ulıwma mánisin túsiniwden tısqarı, onıń ishki mániske iye ekenligin, tuwrısı, kópshiligimiz kóz aldımızǵa keltire almaymız.

Eń qızıǵı, waqıya hám hádiyseler tamashagóydiń sanasına tap real turmısta bolıp atırǵan hádiyselerdey kirip keledi. Áste-aqırın, yaǵnıy, kino waqıyalarınıń dawamında tamashagóy qıyalına da kelmeytuǵın jaǵdaylardı sonday ideallıqta sáwlelendiredi, nátiyjede ol kinodaǵı shınlıqqa isenip qaladı. Eger 3D formatındaǵı filmler bolsa, filmniń qatnasıwshısına aylanadı. Texnikanıń rawajlanıwınan unamsız maqsetlerde paydalanatuǵın adamlar da bar. Olar ele dúnyaqarası tolıq qáliplespegen balalardıń sanasın záhárlewge urınadı. Máselen, ayırım multfilmlerdiń tiykarǵı mazmunı jawızlıqqa iye jaramas, menmen adamnıń tuwrı jolǵa qaytıwı, mehriban adamǵa aylanıwı haqqında bolsa da, lekin, tiykarǵı mánisinde balada





Hárqanday nársege hár tárepleme názer sal — paydasın da, zıyanın da kór.

Basqalardıń pikirin oylap otırǵannan kóre, óz ústińde kóbirek isle.

***Lev Tolstoy***



Adamlar arasında sonday kimseler bar, onıń dúnya turmısı haqqındaǵı ǵápi Sizge qızıqlı boladı. Kewlindegi «iymanı»na Allanı gúwa etedi, lekin ózi (Islamǵa qaraǵanda) dushpan. (Aldıńızdan) ketkennen keyin bul jerde buzǵınshılıq, egin hám hásildi qurtıw isleri menen júredi. Alla bolsa buzǵınshılıqtı jaqsı kórmeydi.

***Qurani kárim, Baqara súresi, 204-205-ayat***

buzǵınshılıq, uyatsızlıq, jawızlıq islewge ańsat ǵana kirisip ketiwge beyim birqansha tárepler bolıwı kózge taslanadı. Jáne sonday kinolar da bar, olardı kórgen balalarda janıqaslıqqa meyili kúsheyedi. Qıyalparaz bolıp qaladı.

Ótken ásirdiń aqırında jaslar ortasında karate, kungfu sıyaqlı qol urısı ónerin úgit-násiyatlawshı filmlerge talap arttı. Bunday filmler gúres ónerin shıraylı etip kórsetiw saxnaları bolıwı menen birge, miyrimsizlik, ádepsizlik, diniy hám milliy úrp-ádetlerge tuwrı kelmeytuǵın saxna kórinislerin óz ishine alǵan. Bul 1980—1990-jıllardaǵı jınayatshılıq penen baylanıslı waqıyalarda óziniń kórinisin berdi.



(Ey insan) Óziń (anıq) bilmegen nársege erme! Sebebi, qulaq, kóz, kewildiń hárbiri haqqında (hárbir insan) juwapker boladı (juwap beredi).

***Quranı kárim, Isra súresi, 36-ayat.***

Túrli missioner shólkemler kinematografiya arqalı hárqıylı kóriniste óz ideyaların alǵa súriwleri — ashıq-aydın, já） jáiya etiw, jasırın, psixologiyalıq tásir ótkeriw hám basqa jollar menen ámelge asırıwları múmkin.

Hárbir shańaraqta súyip tamasha etiletuǵın batıs hám basqa mámleketlerdiń seriallarında shańaraqtıń dostı ruwxanıy barlıq mashqalalardı sheshetuǵın, shańaraq aǵzalarınıń sırlarınan xabardar shaxs sıpatında kórsetiledi. Yaki hind kinolarında bir dinge sıyınıw máresimi (pil, maymıl, sıyır yaki basqa) kórsetiledi hám olar qutqarıwshı sıpatında talqılanadı.

Bunıń nátiyjesinde tek balalar ǵana emes, al, úlkenler de usı filmlerdegi ibadat saxnalarına bilip-bilmey elikleydi. Máselen, «Faryod-I» ózbek filminde ata qızın qaytarıp alıp ketiwi ushın quda tárepke eki alaqanın bir-birine qosıp turıp (hind filmindegidey) iltimas etedi.

Bul sıyaqlı ádetler tiykarınan, kinofilmler arqalı kirip keledi. Ótken koloniallıq dúzim dáwirinde

súwretke alınǵan ayırım filmlerde de milliy qádiriyatlarımızdı buzıw sıyaqlı saxnalastırılǵan waqıyalar («Yor-yor» filmindegi toy saxnasındaǵı «горько» dep qıshqırıw sıyaqlı jaǵdaylar) zorlıq penen kirgizilgen.

Bul bolsa, sovetler tárepinen *milletti joq etiw ushın, onıń tilin, úrp-ádetin joq etiwdiń ózi jeterli*» degen ideyanıń sińdiriliwi kerek dep túsiniw kerek.

Bunday ideologiyalıq qáwipler búgingi kúnde sırttan kórkem filmler arqalı kirip kelip atırǵanlıǵın kóriwimiz múmkin. Bul filmler ushın qarjı ajıratqan qáwenderler usı filmler arqalı ózleriniń ǵárezli maqsetlerin ámelge asırıwdı gózleydi.

Tarqat, húkim súr! Qanday arsızlıq!
Birlestir, jetekle! Eń gózzal baylıq!

***Gyote***

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Tómendegi gúrrińdi oqıń. Áziz úkelerin qalay aljastırıwı múmkin?
2. Ázizdiń islegen isine baha beriń.
3. Siz ne islegen bolar edińiz?

*Ázizdiń ata-anası keshki jıyınǵa mirát etilgenligi ushın oǵan úkesi hám qarındasına qarap turıwdı, óz waqtında awqatlanıwın, kompyuter menen bánt bolıp, úkelerine itibarsız bolmawın qattı tapsırıp ketti. Ázizdiń qarındası ele 4 jasqa da tolmaǵan. Inisi bolsa 6 jasta. Balalar televizorda bolıp atırǵan multfilmlerdi kórip, «ertek-ertek» oynamaqshı boldı. Ázizdiń qarındası, ajaǵasına «men Appaqayım bolaman, kózimdi jumıp turaman, siz meni ernimnen súyip tiriltesiz» dese, ájaǵası «joq men maqluqpan, sen Sahipjamal bolasań, meni ernimnen súyip tirilteseń», dep bir-biri menen jánjellesip qaladı... Olardıń bul jánjelin kórip turǵan Áziz, tez barıp televizordı óshirdi. Olarǵa «heshqanday multfilm joq», dep ashıwlandı, biraq úkelerin ne menen bánt etiwin bilmey qaldı...*

## VIRTUAL MESSENJERLER HÁM OLARDAN HÁR TÚRLI EKSTREMISTLIK AǴÍMLARDÍŃ PAYDALANÍWÍ

Kóz haramǵa qaraǵanında húјdandı, kewildi ǵam-ızalar, buzıq záhárli pikirler yaki jawızlıq qaplaydı. Ishqıpazlıq kúshleri háreketke kelgendey bolsa, adam ózi bilmegen hám sezbegen halda apatqa, jawızlıqqa hám buzıq oy-pikirler iyirimine túsip qaladı.

***Muhammad Nurullah Saydo Jazariy.***

Házir ideyalıq qarama-qarsılıqlar quramalı tús alǵan, ideologiyalıq poligonları yadro poligonlarınan kúshlirek bolıp baratırǵan dáwir bolıp tabıladı.

Júzden aslam xalıqaralıq kanallar kók ekran hám de global tarmaq arqalı ideologiyalıq qáwipler salıp turǵan dáwirde jasamaqtamız. Internet virtual, biraq, obyektiv hádiyse. Onıń turmısımızǵa kirip keliwine tosqınlıq etip bolmaydı. Sonday-aq, virtual messenjerler arqalı tarqatılatuǵın ideologiyalıq qáwiplerge heshqanday shegara tosqınlıq ete almaydı. Internet arqalı unamlı maǵlıwmatlar menen birge insan minez-qulqına keri tásir etetuǵın informaciyalar da jetkerilip berilip atırǵanlıǵı anıq.

Málimleme qurallarınan ǵárezli maqsette paydalanıw, xalıqtıń sanasına unamsız tásir ótkeriw arqalı siyasiy hám ekonomikalıq húkimranlıqqa erisiwge urınıw málimlemeler urısı delinedi.

Málimlemeler urısı shaxs yaki mámlekettiń tınıshlıǵına qáwip salǵan halda, oǵan basım ótkeriwde kórinedi. Málimlemeler urısı jámiyetlik, siyasiy, etnikalıq hám basqa sistemalardıń óz mápleri jolında bir-birine ashıq hám jasırın maqsetli tásirlerin de qamtıp aladı.

Máselen, buzǵınshı toparlar ózleriniń jerkenishli maqseti jolında internetten ustalıq penen paydalanbaqta. Buzǵınshı toparlar tárepinen ámelge asırılıp atırǵan insaniyatqa qarsı jınayatlar ǵalaba xabar quralları, ásirese internet arqalı kóp kórsetilmekte.

Terroristler óz háreketlerin joqarı sapalı hám professional sheberlik penen islengen videofilmler arqalı kórsetedi. Olar bul iske joqarı bilimli, táji-

riybege iye bolǵan qánigelerdi tartpaqta. Hár saparı olar tárepinen shıǵarılǵan videokórinisler aldınǵısınan parıqlanadı. Bunday kórinisler xalıqaralıq jámiyetshilikke qanday tásir etiwin kórip, baqlap, usıǵan baylanıslı is tutadı.

Sonıń ushın global tarmaqtan aqılǵa muwapıq paydalanıwdı úyreniw lazım. Bunıń ushın informaciya alıw hám jetkerip beriw, internetten paydalanıw mádeniyatına ámel etiw lazım. Tek sonda ǵana global tarmaqqa qoyılǵan «órmekshi torı»na túsip qalmaysız.



**MAǴLÍWMAT USHÍN**

«Málimleme urısı» sózin birinshi qollanǵan fizik alım Tomas Ron esaplanadı. Ol 1976-jılı usı máselege barlıq juwapker adamlardıń itibarın qarattı.



***Qosımsha oqıw ushın***

*Tómendegi turmıslıq waqıyanı oqıń. Internetke pútkilley beriliw hám onnan aqılǵa muwapıq paydalanbaw qanday ayanıshlı aqıbetlerge alıp keliwi múmkinligin talqılań.*

*«Men Moskva qalasına jumıs islew maqsetinde barǵan edim. Bos waqıtlarımda internet saytlarǵa kiriwdi ádet ettim... Áste-aqırın sociallıq tarmaqta shólkemlestirilgen hár túrli toparlarǵa aǵza bola basladım. Bul toparlar arqalı birqansha jańa doslar arttırdım. Bul «doslarım» meni ózlerinshe dinniń túrli wákilleri menen tanıstıra basladı.*

*Keyin bolsa, Moskva qalasında birneshe jańa «biradarlar» menen tanıstım... Internet imkaniyatların iske salıp, Pakistan, Awǵanstandaǵı terrorshılar lagerlerinde bolatuǵın sáwbetlerdi hám Siriyadaǵı waqıyalar túsirilgen videokórinislerdi kórdim. Men negedur olardıń háreketlerine oǵada qızıǵıp qaldım.*

*Moskvadan úyge qaytqanımda shańaraq aǵzalarım hám doslarıma da tanıstırıw, úyretiw maqsetinde ózim menen birge fleshkaǵa jazılǵan bayanatlar, internetten alınǵan videokórinislerdi de alıp keldim. Ókinishlisi, men sırt elde júrip, internetten tapqanlarım qurı saǵım, buzǵınshı maǵlıwmatlar eken, «biradarlar» maǵan túsindirgen nárseler haqıyqıy islam dininen pútkilley uzaq, qurı gápler ekenin kesh ańlap jettim».*

***«Internettegi qáwiplerden qorǵaw» kitabınan alındı.***

# ÓZBEKSTANDA MÁLIMLEME QÁWIPLERINIŃ ALDÍN ALÍW BOYÍNSHA HÁREKETLER

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2014-jılı 20-yanvardağı «Diniy mazmundağı materiallardı tayarlaw, alıp kiriw hám tarqatıw salasındağı xızmetti ámelge asırıw tártibin jetilistiriw is-ilajları haqqında»ğı 10-sanlı qararı menen «Ózbekstan Respublikası aymağında diniy mazmundağı materiallardı tayarlaw, alıp kiriw hám tarqatıw xızmetin ámelge asırıw tártibi haqqında»ğı hám de «Diniy mazmundağı materiallardı mámleketlik dintanıwshılıq ekspertizasınan ótkeriw tártibi haqqında»ğı ustavlar tastıyıqlandı.

Usı ustavlar Ózbekstan Respublikası aymağında diniy mazmundağı materiallardı tayarlaw, alıp kiriw hám tarqatıw boyınsha xızmetti ámelge asırıw tártibin, diniy mazmundağı materiallardı mámleketlik dintanıwshılıq ekspertizasınan ótkeriw tártibi, sonday-aq, Ózbekstan Respublikası aymağında tayarlaw, alıp kiriw hám tarqatıwğa mólsherlengen diniy mazmundağı materiallardıń mámleketlik dintanıwshılıq ekspertizasın ámelge asırıwda qatnasıwshı táreplerdiń huqıq hám minnetlemelerin belgileydi.

Ózbekstan Respublikası aymağında diniy mazmundağı materiallardı tayarlaw, alıp kiriw hám tarqatıw boyınsha xızmet hám de bunday materiallardıń mámleketlik dintanıwshılıq ekspertizası Ózbekstan Respublikası nızamları, Oliy Majlisi palatalarınıń qararları, Prezidenttiń nızam hújjetleri, Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń qararları hám usı Ustavlarğa muwapıq ámelge asırıladı.



Waqtıńızdı biyhuwda sarplamań, sebebi, hárbir obal bolğan nárseniń juwabı boladı.

***Xalıq hikmeti***

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Zamanagóy jawıngerlik filmleriniń ótken jıllarda kolledj oqıwshıları ortasında júz bergen tártipsizlikler hám jınayatshılıq penen qanday baylanıslı bolıwı múmkin?
2. Bunday film syujetleri oqıwshı jaslar tárbiyasına qanday tásir etiwi múmkin?
3. Ózbek film saxnalarınıń birinde bir-biri menen urısıw maqsetinde toplanǵan jaslar: «Márt bol, erkek bol, dosqa dos bol...» degen qosıqtı aytadı. Usı gáptegi dos bolıw, erkek bolıw túsiniklerin *«Aralarıńızda eń kúshlilerińiz kimligin aytayın ba? Ol ǵázebi kelgende ózin tutıp tura alatuǵınıńız»*, degen hádis hám Quranı kárimniń *«Jaqsılıq hám taqıwa jolında birge islesiń, gúna hám dushpanlıq jolında birlespeńiz!» (Moida súresi, 2-ayat)* degen kórsetpesi menen baylanıstırıń.

## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Málimleme degende neni túsinesiz? Málimlemeniń qanday unamsız hám unamlı tárepleri bar?
2. Insan sanası ushın gúreste málimlemeniń ornı nede?
3. Ne dep oylaysız, insan málimlemeni paydalanıw mádeniyatına iye bolıwı shárt pe?
4. Kinofilmlerdiń insan ómirine tásiri qanday?
5. Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2014-jılı 20-yanvardaǵı «Diniy mazmundaǵı materiallardı tayarlaw, alıp kiriw hám tarqatıw salasındaǵı xızmetti ámelge asırıw tártibin jetilistiriw is-ilajları haqqında»ǵı 10-sanlı qararı menen «Ózbekstan Respublikası aymaǵında diniy mazmundaǵı materiallardı tayarlaw, alıp kiriw hám tarqatıw xızmetin ámelge asırıw tártibi haqqında» hám de «Diniy mazmundaǵı materiallardı mámleket dintanıwshılıq ekspertizasınan ótkeriw tártibi haqqında»ǵı ustavlar qanday háreketlerdi tártipke salar eken? Usı ustavlardıń tekstlerin alıp oqıń hám mazmunın túsindirip beriń.

# 22—23-§ XX—XXI ÁSIRLERDE DÚNYANÍŃ KONFESSIONALLÍQ KÓRINISI

**BÚGIN SABAQTA TÓMENDEGILER MENEN TANÍSASÍZ:**

1. Konfessiya túsiniginiń mazmun-mánisi.
2. Dúnyada konfessionallıq ózgerislerdiń sebepleri.
3. Dúnyanıń búgingi kúndegi konfessionallıq kórinisi.
4. Ózbekstan Respublikasındağı konfessiyalar aralıq qatnasıqlar.
5. Ózbekstan musılmanları basqarması.

**MAĠLÍWMAT USHÍN**

*«Konfessiya»* sóziniń mazmun-mánisinen kelip shıqqan halda, qánigeler házirgi kúnde dúnyada shama menen 1000 nan artıq diniy konfessiyalar bar, dep esaplaydı.

## KONFESSIYA TÚSINIGINIŃ MAZMUN-MÁNISI

Diniy konfessiya — belgili diniy táliymat sheńberinde qáliplesken hám ózine tán ózgesheliklerge iye isenim hám usı isenimge eriwshiler jámááti. Konfessiya ulıwma atama bolıp, xristianlıq, buddizm sıyaqlı úlken dinler de, olardıń negizinde payda bolǵan pravoslavlıq, katoliklik, lamaizm, dzen-buddizm sıyaqlı baǵdarlar da usılay ataladı.

Islam dininde bunday jaǵday baqlanbaydı. Sebebi, heshqaysı mámlekette hanafiy mázhebi bólek, basqa mázhebler bólek konfessiya sıpatında dizimnen ótpeydi. Máselen, Ózbekstanda birneshe shia jámáátleri bolıwına qaramay, olar ózlerin bólek diniy konfessiya dep esaplamaydı.

Globallasıw dúnyanı bir pútin hám tutas etiw menen bir qatarda, onıń nátiyjesi sıpatında bólek halda alınǵan millet hám jámiyetler dárejesinde ózin-ózi ańlawǵa bolǵan umtılıwdıń tereńlesiwine de negiz jaratpaqta.

Bul procesler insan ruwxıylıǵınıń ajıralmas bólegi bolǵan dinniń mánisin túsiniw, onıń insan hám jámiyet turmısındaǵı ornın ańlawǵa bolǵan itibardıń kúsheyiwin keltirip shıǵarmaqta.



## DÚNYADAǴÍ KONFESSIONALLÍQ ÓZGERISLERDIŃ SEBEPLERI

Dúnyanıń diniy kórinisi qatıp qalǵan, turaqlı hádiyse emes. Atap aytqanda, bul kórinis jıldan-jılǵa ózgerip baratırǵanı, bar dinler ózleriniń dástúrlik kórinisleri sheńberinen shıǵıp baratırǵanlıǵın da ayrıqsha atap ótiw lazım.

Búgingi kúnde bar bolǵan dinler sheńberinde jańa baǵdar hám sektalardıń payda bolıwı dawam etpekte. Máselen, qánigelerdiń maǵlıwmatları boyınsha, XX ásirdiń ekinshi yarımında xristianlıq, buddizm, islam hám basqa dinler sheńberinde júzlep sektalar payda bolǵan. Bul bolsa keleshekte de usınday procesler dawam etiwin kórsetedi.



*Londonda ibadat máresimi*

Zamanagóy haqıyqatlıq ekstremistlik xarakterdegi sektalardıń insan sanası hám qálbi ushın gúres jolındaǵı háreketiniń janlanıp baratırǵanlıǵın kórsetpekte. Olar xalıqtıń diniy bilimleri tómenliginen





Ol shayır emes, payǵambar. Ondaǵı Quran — insan tárepinen ermek ushın yaki hámmege ulıwma maǵlıwmat beriw ushın jazılǵan kitap emes, al, bul ilahiy nızam bolıp esaplanadı.

***Iogann Volfgang fon Gyote. Batıs avtorınıń Shıǵıs haqqındaǵı diywanı.***



*Angliyadaǵı jóme meshiti*



*Germaniyadaǵı jóme meshiti*

paydalanıp, aqırettiń jaqınlıǵı menen qorqıtıw hám de jaslar hám materiallıq jaǵdayı tómen bolǵanlar ishinde jumıs alıp barıw jolı menen óz tárepdarların kóbeytiwge háreket etpekte. Bunday sektalarǵa tiykar salǵan «áwliye»ler óz izbasarların aldaw jolı menen olardıń mal-múlklerine iyelik etiwge urınbaqta.

Jasırın jumıs alıp barıwı, sekta ishinde bolıp atırǵan waqıyalardıń kópshilikke málim bolıp qalmawınıń qatań qadaǵalanıwı aqıbetinde olardıń háreketinen jámáátshilik biyxabar qalmaqta.

Ugandadaǵı «Aqıret kúni» sektası basshılarınıń háreketi buǵan mısal boladı. Aqıretti 1999-jıldıń 31-dekabrine belgilegen usı sekta basshıları óz tárepdarlarınıń mal-múlklerin satıw, túsken qarjını olarǵa beriwge hám usı jol menen gúnalardan qutılıwǵa shaqırǵan. Qıyamettiń

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Qazaqstanda musılman (2517 diniy shólkem) hám pravoslav (323) diniy jámáátleri jetekshi orında barmaqta. Olar mámlekettegi dinge isenetuǵın xalıq qatlamınıń 95 % in quraydı.

Túrkmenstanda 99 diniy shólkem islam dininiń sunniylik baǵdarı, 5 shia aǵımı, 13 rus pravoslav shirkewine (3 i Ashxabad qalasında jaylasqan) hám 11 basqa din wákillerine (Katolik shirkewi — 1, Krishnani túsiniw jámááti — 1, Bahoiylar — 1, Baptistler — 1, Pyatidesyatnikler — 1, Velikaya blagodat — 1, Jetinshi kún adventistleri — 1 hám Jańa apostol jámááti — 1) tiyisli. Tájikstanda shama menen 3000 nan aslam meshitler bar. Sonday-aq, Rus pravoslav, Evangeliya xristian-baptistleri, Rim-katolik, Jetinshi kún adventistleri, Evangeliya lyuteran, Iegovo sháhidleri shirkewleri, bahoiy, zardushtlik, evrey diniy jámáátleri sıyaqlı diniy shólkemler dizimnen ótken.

2001-jılı 1-yanvarǵa «kóshiriliwi» sekta basshılarına bolǵan gúmannıń oyanıwına alıp kelgen. Sonnan soń basshılar Kanungu awılında 500 den aslam óz tárepdarların aldap, bir jayǵa qamap, ot berip jibergen. Maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, jáne tórt orında usınday ulıwmalıq qábirler tabılǵan. Bul sektanıń qurbanları 1000 nan aslam bolǵanı aytılǵan.

Bunday sektalar insanlardıń fizikalıq hám ruwxıy jaqtan ázziligi, túskinlik jaǵdayınan shıǵıwǵa bolǵan umtılıslarınan ǵárezli maqsetleri jolında paydalanadı. Nátiyjede, adeptler — sektalarǵa aǵza bolǵanlardı ózleriniń mápleri ushın xızmet ettiredi.

Házir diniy táliymatlar, olardaǵı belgili qaǵıydalardı dáwir talabına sáykeslestiriw, modernizaciyalaw procesin baqlaw múmkin. Máselen, Rim Papası Orta ásirlerde shirkew tárepinen ámelge asırılǵan inkviziciya hám krest atlanıslarınıń qáte bolǵanın tán alıp, rásmiy túrde keshirim soradı. 1992-jılı Papa Ioann Pavel II óz waqtında Galileo Galileydiń haq ekenligin tán alıp, hámmeden keshirim soraǵanı buǵan mısal bola aladı.



*Quddustaǵı Qubbatus sahra meshiti, xristian shirkewi hám evrey sinagogası*



*Franciyadaǵı jòme meshiti*



*Rossiyadaǵı jòme meshiti*



**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Birlesken Milletler Shólkemi maǵlıwmatlarına qaraǵanda, islamnıń jıllıq ósiw barısı 6,4% ti qurap, 1989-jıldan 2011-jılǵa shekem musılman xalıqtıń sanı Arqa Amerikada — 25, Afrikada — 2,15, Aziyada — 12,57, Evropada — 142,35, Avstraliya hám Okeaniyada — 257,01% ke kóbeygen. Tek Latın Amerikasında islamǵa iseniwshiler úlesi 4,73% ke kemeygen.

Sonday-aq, bul dinlerdiń tarqalıw aymaǵında keskin ózgerisler bolǵanlıǵın aytıwımız tiyis. Ótken ásirde, tiykarınan, xristianlar jasap kelgen Evropada búgingi kúnde 20—25 million átirapında musılmanlar jasaydı. Sonıń ishinde, Ullı Britaniyada — 3 million, Germaniyada — 5 million, Franciyada — 6-7 million islamǵa iseniwshi puqaralar jasamaqta.

Xalqı dástúrlik túrde buddizmge hám islamǵa isenip kelgen úlkelerde xristianlıqtı en jaydırıwǵa umtılıw baqlanbaqta. BMSh maǵlıwmatlarına qaraǵanda, xristianlıqtıń ósiw kórsetkishi jılına 1,46 procentti quraydı.

Diniy konfessiyalar kórinisiniń ráńbáreńligin Ózbekstanda rásmiy dizimnen ótip, xızmet etip atırǵan diniy konfessiyalar mısalında da kóriw múmkin. Xristianlıqqa tán bolsa da, elimizdegi ll baǵdardıń hárbiri ózin óz aldına diniy konfessiya, dep esaplawı pikirimizdiń dálili bola aladı.

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

| № | Konfessiya | Qollawshılar sanı | Jer júziniń ulıwma xalqı boyınsha procent kórsetkishi |
|---|---|---|---|
| 1 | Xristianlıq | 2 292 454 000 | 33,2 % |
| | Katolikler | 1,214 000 000 | |
| | Protestantlar | 800,640,000 | |
| | Pravoslavlar | 260,380,000 | |
| | Anglikanlar | 85 000 000 | |
| | Basqa baǵdarlar | 28,430,000 | |
| 2 | Islam | 1 549 444 000 | 22,4 % |
| 3 | Hinduiylik | 948 507 000 | 13,7 % |
| 4 | Dástúrlik Qıtay dinleri | 458 316 000 | 6,6 % |
| 5 | Buddizm | 468 736 000 | 6,8 % |
| 6 | Sikxiylik | 24 591 000 | 0,4 % |
| 7 | Evreylik | 14 641 000 | 0,2 % |
| 8 | Bahoiylik | 7 447 000 | 0,1 % |

## ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍNDA KONFESSIYALAR ARALÍQ QATNASÍQLAR

Ózbekstan Respublikasında 2017-jılı dekabr halatı boyınsha 16 konfessiya xızmet kórsetpekte.

Olar tómendegiler:

— Islam (Ózbekstan musılmanları basqarması);
— Pravoslavlıq (Tashkent hám Oraylıq Aziya eparxiyası);
— Katoliklik (Rim-katolik shirkewi);
— Lyuteranlıq (Nemec-lyuteran shirkewi);
— Armiyan-apostol shirkewi;
— Pyatidesyatnikler (Tolıq injil xristianları);
— Baptistler (Evangeliya-xristian baptistler shirkewi);
— Novoapostol shirkewi;
— Jetinshi kún adventistleri;
— «Golos bojiy»; Iegovo sháhidleri;
— Koreys protestant shirkewleri;
— Evreylik;
— Bahoiylik;
— Krishnanı túsiniw jámiyeti;
— Buddizmlik.

«Ózbekstan bibliya kitap jámiyeti» bolsa, diniy shólkem esaplanıp, basqa konfessiyalardan bólek jumıs alıp barsa da, diniy konfessiya statusına iye emes.



*Moskva hám Pútkil Rus Patriarxı Kirill menen sáwbetlesiw*



*Maqsetimiz — tınıshlıq, birge islesiw hám rawajlanıw.*

Ǵárezsizlik jıllarında júzlep shirkew, sinagoga hám ibadat úyleri, atap aytqanda, Tashkent, Samarqand, Nawayıdaǵı pravoslav ibadatxanaları, Tashkent qalasındaǵı katolik kostyolı, Samarqandtaǵı Armiyan-apostol shirkewi, Tashkenttegi Budda ibadatxanası qayta tiklendi.

Házireti Imam, Imam Buxariy, Bahawaddin Naqshband, Hákim Termiziy, Imam Maturidiy, Shahi Zinda, Qasım Shayx, Záńgi ata sıyaqlı áyyemgi estelik kompleksleri abadanlastırıldı hám jańaları qurıldı.

Quranı kárim, hádisler toplamları, Bibliya quramındaǵı Jańa Ahd hám Áyyemgi Ahdtıń ayırım bólimleri, máselen, «Sulayman hikmetleri», «Rut, Ester hám Yunus payǵambarlar tariyxı» ózbek tiline awdarma islenip, basıp shıǵarıldı.

Ózbekstan kózi ázziler ushın arnawlı Brayl jazıwında Quranı kárimdi basıp shıǵarǵan úshinshi mámleket esaplanadı.

## ÓZBEKSTAN MUSÍLMANLARÍ BASQARMASÍ

Ózbekstan musılmanları basqarması (ÓMB) 1995-jıldıń dekabr ayında dúzilgen. Búgingi kúni ÓMB quramına respublikada rásmiy dizimnen ótken halda jumıs islep atırǵan eki mıńnan artıq meshit, toǵız medrese — orta arnawlı islam bilim jurtı, Tashkent islam institutı, Mir Arab

### TARIYXQA NÁZER

1920-jıllardıń aqırında sovetler dúziminiń ateizmge tiykarlanǵan diniy siyasatı keskin tús aldı. 1929-jılı aprel ayında RSFSR Xalıq Komissarlar keńesiniń «Diniy birlespeler haqqında»ǵı qararı qabıllanǵan. Oǵan muwapıq, diniy birlespelerge jıyın ótkeriw, muqaddes zıyaratlar uyımlastırıw, qayır-saqawat penen shuǵıllanıw, kitapxanalar ashıw sıyaqlı jumıslar qadaǵan etilgen. Kommunistlik (b) partiya Oraylıq Keńesiniń 1929-jılı 29-iyunde ótkerilgen XI plenumında «Musılman ruwxanıyları hám mektebi haqqında»ǵı qararında «Islam basqa dinler sıyaqlı socialistlik mádeniyat hám proletariat ideyaları rawajlanıwı hám bekkemleniwi, ulıwma, socializm qurılısı jolındaǵı úlken tosqınlıq», dep atap ótilgen.

joqarı medresesi, Hadis ilimi joqarı mektebi, Aqoid, Kalom, Hadis, Fiqh, sufizm ilimi mektepleri, «Vaqf» qayırqomlıq fondı hám «Movarounnahr» baspası kiredi.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2018-jılı 16-apreldegi «Diniy aǵartıwshılıq taraw xızmetin túp-tiykarınan jetilistiriw is-ilajları haqqında»ǵı Pármanına muwapıq ÓMB Ózbekstan xalıqaralıq islam akademiyasınıń shólkemlestiriwshileriniń biri sıpatında belgilendi.

ÓMB baslıǵı — muftiy Ulamalar keńesi jıynalısında ashıq dawıs beriw jolı menen bes jıl múddetke saylanadı.

ÓMB quramında xalıqaralıq baylanıslar, meshitler, pátwa, bilimlendiriw hám kadrlar tayarlaw, hayal-qızlar máseleleri, huqıqtanıwshılıq, kitapxana, sonday-aq, diniy ónimlerdi ekspertiza etiwshi hám tekseriw komissiyaları hám basqalar bar.

Ózbekstan musılmanları basqarması (ÓMB) búgingi kúnde elimizde turizmdi rawajlandırıwǵa óziniń salmaqlı úlesin qospaqta. Elimizdiń 2017—2021-jıllarǵa mólsherlengen Háreketler strategiyasında turizm industriyasın jedel rawajlandırıw, turizm infrastrukturasın keńeyttiriw, ekonomikada onıń úlesin arttırıw sıyaqlı máseleler ayrıqsha atap ótilgen. ÓMB da bul tarawdı rawajlandırıwǵa óziniń úlesin qosıp kelmekte. Elimizde 7300 den artıq mádeniy miyras obyektleri bar bolıp, olardıń kópshiligi YuNESKO dizimine kirgizilgen. ÓMB Samarqand,



*Ózbekstan musılmanları basqarması*

**TARIYXQA NÁZER**

1943-jıl 20-oktyabrde Tashkent qalasında Orta Aziya hám Qazaqstan ulamalarınıń 1-Qurıltayı bolıp ótti. Onda Orta Aziya hám Qazaqstan musılmanlarınıń Diniy basqarmasın dúziw haqqında qarar qabıl etildi. Diniy basqarmaǵa basshı hám muftiy etip Eshon Babaxan saylanǵan. Diniy basqarma quramına regiondaǵı bes respublika — Ózbekstan, Tájikstan, Túrkmenstan, Qırǵızstan hám Qazaqstanda qazılar basshılıq etetuǵın Diniy basqarmanıń wákilleri kirgizilgen.



Biziń regionımız xalıqların mıń jıllıq tuwısqanlıq hám jaqsı qońsıshılıq qatnasıqları baylanıstırıp turadı. Bizdi tariyx, din, ulıwma mádeniyat hám dástúrler birlestiredi.

***Shavkat Mirziyoev***



*Eshon Babaxan ibn Abdulmajidxan (1856-1957)*

Buxara, Tashkent qalalarındaǵı muqaddes zıyarat orınları hám esteliklerdi zıyarat etiwden ibarat bolǵan baǵdarlamalardı islep shıqtı. Bunnan tısqarı, mámleketimizde ońlanıwdı talap etetuǵın Tashkent qalasındaǵı Suzuk ata, Xorezmdegi Doshqınjan baba, Qashqadáryadaǵı Abulmuin Nasafiy, Surxandáryadaǵı Abu Isa Termiziy, Buxaradaǵı jeti pir hám basqa zıyarat orınları ońlanıp, xalıqtıń ruwxıy-aǵartıwshılıq oraylarına aylanbaqta. Sonday-aq, ÓMB atları usı zıyarat orınları menen baylanıslı bolǵan ullı babalarımızdıń qaldırǵan ilimiy-aǵartıwshılıq miyrasları, ibratlı turmısları boyınsha basılımlardı da basıp shıǵarmaqta.

## ESHON BABAXAN IBN ABDULMAJIDXAN

Eshon Babaxan dáslep úyinde atasınan, sońınan Buxaradaǵı Mir Arab medresesinde belgili ustazlardan tálim aldı. Tırısqaqlıǵı, aqıl-bilimi sebepli tafsir, hádis, aqoid, fiqh bilimdanı bolıp jetisti. Birneshe jıllar Muyi Mubarak jóme meshitinde imam-xatiblik hám medresede mudarris boldı.

1943-jılı Orta Aziya hám Qazaqstan musılmanlarınıń diniy qadaǵalaw baslıǵı, muftiy etip saylandı. Sol jılları musılmanlar wákillerininiń haj saparına barıwı jolǵa qoyıldı. Mir Arab medresesi qaytadan jumıs basladı. Meshitler haqqında Ustav islep shıǵıldı, diniy basqarma kitapxanasına tiykar salındı, xalıqaralıq baylanıslar keńeydi. Eshon Babaxan 1957-jılı qaytıs boldı hám Ismayıl Qaffol Shoshiy qábiri janına jerlendi.

## ZIYAWIDDINXAN IBN ESHON BABAXAN

Ziyawiddinxan ibn Eshon Babaxan 1908-jılı Tashkent qalasında tuwıldı. Óz dáwiriniń jetik ulamalarınan sabaq aldı. 12 jasında Quranı kárimdi

tolıq qatım etip, hafizul Quran boldı. Tashkenttegi Kukaltash medresesinde, Kairdaǵı Azxar universitetinde, sońınan Mákke, Madina qalalarında bilim aldı. 1957-jılı Orta Aziya hám Qazaqstan musılmanları basqarması baslıǵı etip saylandı hám ómiriniń aqırına (1982-jıl) deyin usı wazıypada nátiyjeli isledi.



*Ziyawiddinxan ibn Eshon Babaxan (1908-1982)*

## SHAMSUDDINXAN BABAXANOV

Tashkent shet tiller institutınıń inglis tili fakultetin pitkergen. Kairdaǵı Azxar universitetinde bilim aldı. 1982—1989-jılları Orta Aziya hám Qazaqstan musılmanları diniy basqarmasınıń baslıǵı, muftiy bolıp isledi. Urdun Korollik akademiyasınıń haqıyqıy aǵzası, Xalıqaralıq Ibn Sino sıylıǵınıń iyesi. 2003-jılı qaytıs boldı.



*Shamsuddinxan Babaxanov (1937-2003)*

## SHAYX MUHAMMED SADÍQ MUHAMMED YUSUF

Shayx Muhammed Sadıq Muhammed Yusuf 1989—1992-jıllar dawamında Orta Aziya hám Qazaqstan musılmanları diniy basqarmasına basshılıq etti. Pútkil ómirin jámiyettiń diniy-aǵartıwshılıq jetilisiwi jolında xızmet etiwge baǵıshlaǵan. Onıń bul xızmetleri xalıqaralıq islam dúnyasında ayrıqsha atap ótilgen. Shayx Muhammed Sadıq Muhammed Yusuf bir qatar xalıqaralıq islam shólkemleri, sonıń ishinde:

— Mákke qalasındaǵı Islam dúnyası birlespesiniń shólkemlestiriw májilisi;

— Dúnya sufizm birlespesi;

— Dúnya musılmanlar ulamaları keńesi;

— Islamabad qalasındaǵı Pútkil dúnya islam birlespesi;

— Dúnya meshitleri birlespesi;



*Shayx Muhammed Sadıq Muhammed Yusuf (1952-2015)*

— Iordaniyadağı Oli Bayt shólkemine qaraslı Islamıy pikirler akademiyası ağzası esaplanğan.

Alım ómiri dawamında xalıqtıń mánawiyatı hám bilimin bayıtatuğın hám diniy sawatxanlığın arttırıwğa xızmet etetuğın 100 den zıyat kitaplar jazdı.

Onıń «Hadis va hayot» toplamı, Quranı kárim mánisleriniń túsinigi esaplanğan «Tafsiri hilol» «Baxtiyor oila», «Ruhiy tarbiya», «Odoblar xazinasi», «Kifoya» hám basqa kitapları xalqımızdıń ruwxıy ğáziynesi bolıp esaplanadı.


*Muxtarjan Abdulla Buxariy (1928-2002)*

## MUXTARJAN ABDULLA BUXARIY

Muxtarjan Abdulla Buxariy 1928-jılı Qoqan qalasında tuwılğan. Buxaradağı Mir Arab, Tashkenttegi Barakxan medreselerinde, Siriyadağı Damask jómesiniń sháriyat fakultetinde bilim alğan. 1993—1997-jılları Mawaraunnaxr musılmanları basqarmasınıń baslığı, muftiyi boldı. 2002-jılı qaytıs bolğan.


*Abdurashid qariy (1953-2011)*

## ABDURASHID QARIY ABDUMUMIN QARIY ULÍ BAHRAMOV

Abdurashid qariy 1953-jılı Ándijan qalasında tuwılğan. Dáslepki Quran ilimlerin atası Abdumumin qariydan úyrenip, 16 jasında Quranı kárimdi tolıq yadlağan. Ol Buxaradağı Mir Arab medresesi hám Tashkent Islam institutında bilim aldı. 1997—2006-jılları Ózbekstan musılmanları basqarması baslığı, muftiy lawazımında islegen. 1997—2006-jılları ÓMB din nıqabındağı ekstremizmge qarsı belsendi jumıs alıp bardı.

Xalıq ortasında diniy-ağartıwshılıq tarawda túsindiriw hám úgit-násiyatlaw jumısları ámelge ası-rıldı. Respublika meshitlerinde alıp barılıp atırğan juma bayanatları tártipke salındı. Juma

tezisleri ÓMBnıń pátwa bólimi tárepinen tayarlanıp meshitlerge tarqatılatuǵın boldı.

## USMANXAN TEMURXAN ULÍ ALIMOV



*Usmanxan Alimov*

Usmanxan Alimov 1950-jılı 1-yanvarda Samarqand wálayatında tuwılǵan. Ol Buxaradaǵı Mir Arab medresesinde, Tashkent Islam institutında, Marokkodaǵı Karavain universitetinde tálim alǵan. 2006-jılı 8-avgust kúni Ózbekstan musılmanları basqarması baslıǵı bolıp, muftiy lawazımına saylanǵan.

Usmanxan Alimov dáwirinde islam dini tarawında kóplegen jumıslar ámelge asırılǵanlıǵın kóriwimiz múmkin. Máselen, Hastimam kompleksi hám basqa zıyarat orınları ońlandı. Ózbekstan islam civilizaciyası orayı, Ózbekstan xalıqaralıq islam akademiyası Mir Arab joqarı medresesi, Samarqandta Hádis ilimi joqarı mektebi, Aqoid, Kalom, Hadis, Fiqh, Sufizm ilimi mektepleri shólkemlestirildi. Usmanxan Alimov «Tafsiri Irfon», «So'ragan edingiz», «Sunnat va Hadis» hám de basqa onlaǵan shıǵarmalar avtorı bolıp esaplanadı.

Tapqırlıq penen adam jetilisedi, bilim menen ullılıqqa erisedi.

***Yusup Has Hajib***

### BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Sektalar óz maqsetlerin ámelge asırıwda qanday jol tutadı?
2. Sektalardıń xızmeti jámiyettiń rawajlanıwı hám tınıshlıqqa qanday tásir tiygiziwi múmkin?
3. Házirgi zamanda dúnya diniy kórinisi ózgeriwinde tiykarınan qanday faktorlar áhmiyetke iye?
4. Ózbekstanda qanday konfessiyalar xızmet etedi?
5. Ózbekstan musılmanları basqarması xızmeti haqqında maǵlıwmat toplań.

# 24-§ XX—XXI ÁSIRLERDE MISSIONERLIK HÁM PROZELITIZM

**BÚGIN SABAQTA TÓMENDEGILER MENEN TANÍSASÍZ:**

1. XX-XXI ásirlerde júzege kelgen xalıqaralıq missionerlik birlespeleri.
2. Missionerlik geosiyasiy oyınlar quralı sıpatında.
3. Missionerlik hám prozelitizmniń milletleraralıq tatıwlıq hám diniy keńpeyillikke unamsız tásiri.

**TARIYXQA NÁZER**

1910-jılı Shotlandiyada Edinburg missionerlik konferenciyası ótkerilgen.

## XX—XXI ÁSIRLERDE JÚZEGE KELGEN XALÍQARALÍQ MISSIONERLIK BIRLESPELERI

XX ásirge kelip, missionerlik xızmetinen siyasiy maqsetlerde paydalanıw ushın xalıqaralıq shólkemler dúzile baslandı.

Shotlandiyada bolıp ótken Edinburg missionerlik konferenciyasında jáhán xalıqların xristianlastı-

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

1970-jılı 2200 sırt el missiyalarında 240 000 professional missioner jumıs islegen bolsa, 2000-jılı 4800 sırt el missiyasında 420 000 missioner úgit-násiyatlaw jumısların alıp barǵan. 1970-jılı sırt el missiyalarınıń jumısına 3 milliard AQSh dolları sarplanǵan bolsa, 2000-jılı usı kórsetkish 12 milliardqa jetken. Jetekshi missionerlik orayları qatarında «Missiyalar hám pútkil jáhán xristianlıq mektebi» (Birmingem), «Genri Marti» orayın (Kembridj, Ullıbritaniya), Grigorian hám Urbanian universitetleri (Vatikan), «Sırt el missiyaların úyreniw orayı»n (Nyu-Xeyven, AQSh) atap ótiw múmkin.

rıw strategiyası dodalanıp, missionerlerdi tayarlaw, Bibliyanı hár túrli tillerge awdarıw máselelerinde hár túrli birlespelerdiń birge islesiwi kelisip alındı. Usı konferenciya zamanagóy missionerliktiń qáliplesiwine túrtki boldı.

Ekinshi dúnya júzilik urısınan keyin, kolonial sistema ıdıraǵannan soń, missionerlikten burınǵı koloniyalarda shirkewlerdiń dárejesin saqlap qalıw maqsetinde paydalanıldı. Sonıń ishinde, 1969-jılı Afrika materiginde 16 mıń er adam hám 30 mıń hayal missionerler bolǵan.

Missionerler belgili bir aymaqta óz háreketin jolǵa qoyıwda áhmiyetli regionlardı belgilep alǵan. Sonıń qatarında, házirgi kúnde xristian missionerleriniń dıqqat-itibarı olar tárepinen «10-40-ayna» dep atalǵan aymaqqa qaratılǵan. Bul aymaq arqa keńliktiń 10 hám 40-parallelleri arasındaǵı Atlantika okeanı jaǵalarınan Kishi hám Oraylıq Aziya, Araviya yarım atawı, Qubla Aziyanıń Tınısh okeanınıń jaǵalarına shekem sozılǵan.

Usı aymaqta xalıqtıń kópshilik bólegi islam, buddizm, konfuciylik hám hinduiylik dinlerine isene-

Biyopalıq etpeseń opalılar tabılar.

***Alisher Nawayı***

**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

*10 hám 40-parallelleri arasındaǵı Atlantika okeanı jaǵalarınan Kishi hám Oraylıq Aziya, Araviya yarım atawı, Qubla Aziyanıń Tınısh okeanı jaǵalarına shekem sozılǵan aymaq «kelispewshilikler zonası» bolıp tabıladı.*

***Alfred Mexen, siyasatshı.***

Búgingi kúnde jámiyetlik-siyasiy keskinlikler, qurallı kelispewshiliklerdiń kópshiligi «10-40-ayna» ishindegi ellerde júz bermekte. Bulardıń sebebi nede dep oylaysız? Pikirińizdi dálilleń.

tuǵın eller jaylasqan. Usı aymaqta dúnyadaǵı eń iri gaz, neft, uran qorları, materikler aralıq strategiyalıq áhmiyetke iye transkommunikaciya jolları, qoltıq hám buǵazlar jaylasqan.

1990-jılları burınǵı socialistlik lager tarqalıp ketiwi múnásibeti menen Shıǵıs Evropa hám burınǵı Sovet Awqamı aymaǵında payda bolǵan ǵárezsiz mámleketlerde Batıs ellerindegi hár túrli protestant jámáátleriniń oǵada jedellesiwi baqlandı. Jergilikli xalıq ushın dástúrlik emes bunday diniy jámáátlik úgit-násiyatshıları jámiyet hám mámleket aldında jámiyetlik tatıwlıqtı saqlaw boyınsha heshqanday juwapkershilikti almaǵan hám sezinbegen halda tek óz qatarların keńeyttiriw menen mashqul bolǵan. Máselen, Rossiyanıń ózinde 2000-jıllardıń aqırında 4,5 mıńnan zıyat protestant shirkewi rásmiy dizimnen ótken.

Búgingi kúnge kelip, Ukraina protestant missionerlik shólkemleriniń ǴMDA mámleketleri ishindegi eń úlken lagerine aylandı. Usı mámlekettiń nızamlarında shet ellikler ushın vizasız kiriw imkaniyatı berilgen. Sonday-aq, diniy shólkemlerge shet elden ǵárezsiz qayırqomlıq járdemlerin alıp, tarqatıw da ruqsat etilgen. Diniy úgit-násiyatlawǵa sheklewler qoyılmaǵanlıǵı jańa diniy konfessiyalar, ásirese evangelshi protestant jámáátlerine keń imkaniyatlar ashıp berdi.

Dástúrlik emes diniy jámáátler konfessiyalar aralıq jánjeller shıǵıw múmkinligin de esapqa almay óz qatarın keńeytiwge háreket etiwi awır aqıbetlerge alıp keledi. Bir milletke tiyisli, bir tilde sóyleytuǵın, ulıwma tariyxı hám birden-bir mámleketke iye bolǵan puqaralardı diniy faktor tiykarında bólip taslawǵa qaratılǵan háreketlerdi jámiyet ushın qáwip sıpatında bahalaw múmkin.

> Baxıttı birewlerdiń bosaǵasınan izlewdiń ózi baxıtsızlıqtıń bası.
>
> ***Abdulla Qahhar***



*Afrika materiginde missionerlik*

Máselen, bunı Afrika hám Aziya regionındaǵı bir qatar ellerde missionerlik hám prozelitizm túpkilikli xalıqtıń diniy quramındaǵı teń salmaqlılıqtı buzıwı aqıbetinde hár túrli din wákilleri arasında turaqlı jánjellerdiń kelip shıǵıwına sebep bolmaqta.

Sonıń ishinde, Afrikanıń arqa-shıǵıs bóliminde jaylasqan Sudan Respublikasınıń tiykarǵı neft qorları jaylasqan qubla aymaqları ótken ásir dawamında katolik hám protestant missionerleri tárepinen jedel xristianlastırılǵan edi.

2011-jılı Afrikadaǵı eń iri mámleket esaplanǵan Sudan Respublikası ekige — musılmanlar kópshilikti quraytuǵın Sudan hám xalqınıń rásmiy bólegi xristianlardan ibarat Qubla Sudan Respublikasına bólinip ketti. Indoneziyanıń xristianlastırılǵan arqa aymaqları — Sumatra, Sulaversiy hám Molukko aymaqlarında turaqlı túrde musılmanlar hám xris-

Insan ózine ózi boysınıwdı hám óz qararlarına sadıq bolıwdı úyreniwi lazım.

***Siceron***

**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

Siceron «Insan ózine-ózi boysınıwın úyreniwi» degende neni túsindińiz? «Óz qararlarına sadıq bolıwdı úyreniwi» degende neni túsinesiz? Pikirińizdi «Pikirge qarsı pikir, ideyaǵa qarsı ideya, jawızlıqqa qarsı aǵartıwshılıq» principi menen baylanıstırıp túsindiriń.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Alǵan bilimlerińiz tiykarında tómendegi súwretlerdi túsindiriń.



tian prozelitleri ortasında diniy kelispewshilikler tiykarında adam óltiriwshilik, terrorshılıq háreketleri júz berip turadı.

2017-jılı musılman xalqınıń sanı boyınsha birinshi orında turatuǵın Indoneziyada 27324 xristian missionerleri xızmet kórsetpekte. Ayırım jańadan payda bolǵan diniy jámáátlerde izine ergenlerdiń sanasın qadaǵalaw, qorlaw hám hátte ózin-ózi óltiriwge májbúrlew jaǵdayları baqlanbaqta.

Oraylıq Aziya regionı ushın dástúrlik emes jańa diniy jámáátleriniń qatarı tiykarınan islam dinine isenip kelgen túpkilikli xalıq hám dáslep pravoslav dininde bolǵan xristianlar esabınan keńeymekte. Dúnyadaǵı barlıq mámleketlerde de missionerlik nızam jaǵınan qadaǵan etilmegen bolıp, olarda missionerler jańa diniy jámáátlerdiń ideyaların ashıq násiyatlaw imkaniyatına iye. Úgit-násiyatlaw jumısları arnawlı tele hám radio baǵdarlamalar, internet tarmaǵı, daǵaza hám reklamalar arqalı alıp barılmaqta.

Ózbekstanda (2017-j.) ayırım diniy konfessiyalardıń wákilleri, sonıń ishinde, rásmiy emes jámáát aǵzaları tárepinen nızamǵa qarsı diniy ádebiyatlardı respublika aymaǵına alıp kiriw hám tarqatıw, xalıqtıń arasında óziniń diniy ekspertizadan ótkerilmegen buklet, jurnal, elektron disklerin tarqatıw sıyaqlı nızam buzıwshılıqlarǵa jol qoyılıp atır.

Dinin (isenimin) ózgertip atırǵan shaxslar (prozelit)dıń kópshiligi usı din qaǵıydaların tereń túsinip qabıl etpey, al, missioner tárepinen qollanılǵan tásir astında isenimin ózgertpekte. Missionerler óz xızmetin tómendegi usıllar arqalı alıp baradı:

— jaslarǵa inglis, koreys tilin, kompyuterde islewdi úyreniw bánesinde oqıw kursların ashıw hám usı orınlarda óz dinine ótiwge úgitlew;

Biziń nápsimiz sonshelli kúshli, onı hám ishten, hám sırttan qatań qaǵıydalarǵa salǵan jaǵdayda ǵana tıyıw múmkin.

***Maxatma Gandi***

— sırt elge oqıwǵa, jumısqa yaki shet el puqarası menen shańaraq qurıw ushın jiberiw bánesinen paydalanıw;

— balalar hám óspirimlerdi jaz paslında tawlı aymaqtaǵı dem alıw lagerlerine tartıw hám usı jerde tásir ótkeriw;

— qayır-saqawat járdemin kórsetiw (pul, dári-dármaq, kiyim-kenshek, azıq-awqat ónimlerin tarqatıw), úyin remontlawda járdem beriw dawamında missionerlik háreketlerin alıp barıw;

— biypul medicinalıq járdem kórsetiw bánesinde nawqasqa óz tásirin ótkeriw;

— biypul awqat tarqatıw;

— sociallıq qorǵawǵa mútáj shańaraqlarǵa eshki, sıyır alıp beriw, bayram kúnleri máhállelerde balalarǵa sawǵa tarqatıw, «Múriwbet» hám «Saqawat» úylerinde bayram dasturqanın shólkemlestiriw.

Xorezm hám Qaraqalpaqstan Respublikasınıń awır ekologiyalıq jaǵdayı bolǵan aymaqlarında «ishimlik suwın jaqsılaw», «bala hám analardıń salamatlıǵın bekkemlew» sıyaqlı kórinisinen iygilikli maqsetlerge baǵdarlanǵan baǵdarlamalar sheń-

Eger oqısań da, oylamasań — aljasıp qalasań. Eger oylasań da, oqımasań — gúmanlar astında qalıp keteseń.

***Konfuciy***

**TARIYXQA NÁZER**

Missionerlerdiń xızmeti nátiyjesinde XX ásirdiń 70-jıllarında AQShtıń San-Francisko qalasında Djim-Djons ismli shaxs tárepinen tiykar salınǵan «Xalıq ibadatxanası» atlı shólkem xızmeti nátiyjesinde 912 adam, AQShtıń Texas shtatında Devid Koresh tárepinen qáliplestirilgen «Dawıt áwladı» atlı sekta jumısı nátiyjesinde 100 ge jaqın, AQShta payda bolǵan «Aspan dárwazası» sektası aǵzalarınan 60 tan artıǵı, Ugandada júzege kelgen «Qudaydıń on buyrıǵın qayta tiklew háreketi» sektası aǵzalarınan 1000 nan zıyat adamı óz janına qaslıq etken.

berinde xalıq arasında missionerlik jumısın alıp barıwǵa qaratılǵan háreketler de baqlanǵan.

Mámleketimizde missionerlik háreketleri, yaǵnıy, bir diniy konfessiyadaǵı dindarlardı basqasına ótiwge qaratılǵan is-háreketler (prozelitizm), sonday-aq, basqa hárqanday xızmet qadaǵan etiliwi nızam hújjetlerinde belgilengen bolıp, bul jumıslar menen shuǵıllanǵan shaxslardı juwapkershilikke tartıw ushın tiykar boladı.

## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR:

1. Birinshi xalıqaralıq missionerlik shólkemi qashan hám qay jerde dúzilgen?
2. Búgingi kúnde qaysı din izbasarları missionerlik xızmetinde jetekshilik etpekte?
3. Házirgi kúnde xristian missionerleriniń dıqqat-itibarı qaysı aymaqqa qaratılǵan?
4. Sizińshe, missionerlik xızmeti qanday zıyanlı aqıbetlerge alıp keledi?
5. Berilgen súwretlerge dıqqat penen qarań hám missionerlerdiń háreketi, onıń insan turmısına tásiri haqqında aytıp beriń.
6. Ózbekstan Respublikası Hákimshilik juwapkershilik haqqındaǵı hám de Jınayat kodekslerinen missionerlik hám prozelitizm menen baylanıslı nızamsız háreketler ushın qanday juwapkershilik belgilengenligin anıqlań.

# 25-§ DINIY KEŃPEYILLIK MÁDENIYATÍ HÁM KONFESSIYALAR ARALÍQ BAYLANÍS

**BÚGIN SABAQTA TÓMENDEGILER MENEN TANÍSASÍZ:**

1. Diniy keńpeyillik mádeniyatın qáliplestiriw zárúrligi.
2. Ózbekstandaǵı ǵalaba xabar quralları (ǴXQ) hám dáwirlik basılımlarında diniy keńpeyillik mádeniyatınıń úgit-násiyatlanıwı.
3. Diniy shólkemlerdiń basılımları hám ǴXQdaǵı shıǵıwları.

Tapqırlıq
penen adam
jetilisedi,
bilim menen
ullılıqqa erisedi.

*Yusuf Xas Hajib*

XX ásirdiń 80-jıllarındaǵı jámiyette júz bergen procesler din hám diniy kózqaraslardan óz mápi jolında paydalanıwshı ayırım dogmatist kimseler islam dinin qorǵaw nıqabı astında terrorshılıq isleri menen shuǵıllandı. Álleqanday diniy partiyalar, diniy hákimiyat haqqındaǵı ideyalardı tarqata basladı. Materiallıq qıyınshılıqlar iyrimine túsip qalǵan xalıqtıń keypiyatınan paydalanıp, húkimet penen xalıq ortasına iritki salıwǵa urındı. Namangan, Án-

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Keńpeyilliktiń sózlik mánisi  ózgeniń sizge onsha jaqpaytuǵın tárepine sabır hám taqat etiw bolıp tabıladı. «Keńpeyillik» («tolerantlıq») sózi derlik barlıq tillerde birdey yaki bir-birin tolıqtıratuǵın mazmunǵa iye. «Keńpeyillik» túsinigi shıdamlılıq, sabırlılıq, taqatlılıq, ózgeshe kózqaraslar hám háreketlerge húrmet penen múnásibette bolıw, múriwbetlilik, saqıylıq, keshirimlilik, mehribanlıq, hámdártlik sıyaqlı mánislerdi qamtıp aladı.

dijan, Fergana hám Tashkentte hár qıylı mitingler háwij alıp ketti. Aqıbetinde, qálbeki dindarlardıń bet-perdesi ashıldı.

XX ásirdiń 80-jıllarında xalqımızdıń qanına hám janına sińip ketken, kúndelikli turmıs tárizine aylanǵan islam dinine qarsı gúres jáne de keskinlesti. Ol eski sarqıt sıpatında qaralandı.

Biraq, «din—afyun» degen súreni xalqımızdıń qálbindegi dinge bolǵan isenimin sóndire almadı.

Sol dáwirdegi respublika basshılıǵı elimizde milletleraralıq tatıwlıq diniy keńpeyillikti támiyinlew hám turaqlılıqtı saqlaw ushın barlıq is-ilajlardı hám imkaniyatlardı qollandı. Toplanıp qalǵan mashqalalardı tez saplastırıwǵa bar kúsh hám imkaniyatların jámlep, bir jaǵadan bas shıǵarıp háreket etiw kerekligin uqtırdı. Bul boyınsha zárúr islerdi ámelge asırdı.

Muqaddes tuyǵıları ayaq astı bolıp, júregi ezilip kelgen xalıq dinge úlken jol ashılıp, diniy táliymatqa itibar berilip atırǵanın úlken qanaatlanıwshılıq penen kútip aldı. Házirgi waqıtta Ózbekstan aymaǵında óz mádeniyatı hám dástúrlerine iye bolǵan 130 dan aslam millet hám xalıq wákilleri ja-

**DÓRETIWSHILIK JUMIS**

«Kishipeyil, ketpes dáwlet bersin» degendi qalay túsinesiz?

«Kishipeyillik» degen túsinik penen «keńpeyillik» túsiniginiń ortasında qanday baylanıs bar?

Bir kún urıs shıqqan úyden qırq kún bereket ketedi.

***Xalıq naqılı***




*1989-jıl waqıyaları*

samaqta. Mámleket milliy quramınıń tiykarǵı bólimin ózbekler quraydı.

Áne usınday jaǵdayda kóp konfessiyalı elimizde dinler aralıq keńpeyillik ortalıǵın bekkemlew áhmiyetli wazıypalardan biri bolıp qaldı.

Keńpeyillik haqqında gáp bolǵanda, bul xalqımızdıń ázeliy pazıyleti ekenligin aytıw múmkin. Qamusiy alım Abu Rayxan Beruniy xristianlıq táliymatın úyrenip, Bibliyaǵa kirgen tórt Injil haqqındaǵı maǵlıwmatlardı keltirip, olar arasındaǵı parıqtı da tallap bergen. Onıń jazıwına qaraǵanda, Xorasan mitropolitiniń jaylasqan jeri Marı qalasında bolǵan. Bul sol dáwirlerde musılman xalqı menen birge xristian jámáátleriniń de emin-erkin óz sıyınıwların ámelge asırǵanlıǵın kórsetedi.

Búgingi kúnde Ózbekstanda jumıs islep atırǵan hár túrli diniy isenim wákilleri de diniy keńpeyillik ideyaların jaqlaydı. Máselen, Tashkent hám Oraylıq Aziya eparxiyasınıń burınǵı basshısı, mitropolit Vladimir mınaday pikirdi alǵa súrdi: «Pravoslavlıq hám Islam eki qıylı kózqarastı ózinde jámlegen dinler ekenin atap ótiw tiyis. Sonlıqtan, ilahiyat boyınsha túrli tartıslar, xristianlıq hám musılman-



«Sizler menen dinde urıs qılmaǵan ózge din wákilleri menen bardı-keldi etiń, olar menen ádil qatnasta bolıń».

***Quranı kárimdegi «Mum-tahana» súresi, 8-9-ayatlar. Abu Lays Samarqandiy tafsiri***



**TARIYXQA NÁZER**

Imam Abu Mansur Maturidiy (879—944) Quranı kárimniń «Haj» súresi, 40-ayatın tafsir qılıp bılay deydi: «Shirkew hám sinagogalardı oyran etiw qadaǵan etiledi. Sonıń ushın da, musılmanlar jurtında usı dáwirge shekem olar buzılmay saqlanıp qalǵan. Bul máselede zıyalılar arasında kelispewshilik joq». Bunıń menen alım musılmanlar basqa din wákilleri menen bir jámiyette birgelikte tınısh jasawında mashqala bolıwı múmkin emesligin atap ótedi.

lıqtıń názik táliymatları haqqında tartıslar kereksiz hám zıyan tiygizedi. Biziń aramızdağı ózgeshelikti keskinlestirmesten, al bir-birimizdiń mádeniyat hám isenimimizge húrmet kózqarasınan qarawğa háreket etiwimiz kerek», degen pikirdi alğa qoydı. Ol kóplep ilimiy maqalalarında, xalıqaralıq konferenciyalarda jurtımızda musılmanlar menen pravoslavlar arasında óz ara húrmet áyyemnen qálipleskenine itibar qaratadı.

Elimizde tınıshlıq bolıwınan hár túrli konfessiya wákilleri mápdar. Sol sebepli, elimizdegi hár túrli din wákilleri konfessiyalar aralıq baylanısqa tiyisli ilajlardıń turaqlı ótkerilip turılıwın qáleydi.

Bul ilajlardan birinde hárbir konfessiya wákili óz jumısı haqqında, milletler aralıq hám konfessiyalar aralıq kelispewshilikler kelip shıqpawı ushın ne islegeni haqqında toqtalıp ótti.

Ózbekstan Bibliya jámiyetiniń atqarıwshı direktorı S. Mitin: «Diniy keńpeyillik hám nızam ústinligi bul kóp milletli mámleket qurılıwı lazım bolğan fundamenttiń bir bólegi»,— dep aytıp ótti.

Musılmanlar diyarında shirkew hám ibadatxanalar buzılıp ketken bolsa, olardı óz ornında jáne qayta tiklep qoyıw múmkin.

***Burhaniddin Marğinaniy***

**TARIYXQA NÁZER**

Tariyxta «Hudaybiya sulhi» dep atalğan tınıshlıq pitiminde musılmanlardıń tınıshlıqtı súyiwshi siyasatları Quranı kárim ayatları tiykarında ekenligi kórinedi. Bul pitim musılmanlardıń zıyanına dúzilse de, islam dininiń tınıshlıqtı súyiwshiligin hám qan tógiliwiniń aldın alıwdağı ornın kórsetip berdi.

*«Eger olar pitimge beyim bolsalar, Siz hám oğan beyim bolıń hám Allağa táwekel etiń!».*

***Quranı kárim, Anfol súresi, 61-ayat.***

Armyan apostol shirkewi wákiliniń: «Heshkim óz dinin basqalarǵa tıǵıstırıw yaki basqa isenimdegilerdi kemsitiw huqıqına iye emes»ligin, Fridrix Velikiydiń «Hámme dinlerge sabır-taqat penen múnásibette bolıw dárkar, sebebi, hárbir insan úmitke óz jolı menen erisedi», dep atap ótiwi hár túrli konfessiya wákilleriniń elimizdegi diniy keńpeyillik principlerin qollap-quwatlawlarınan dárek beredi.

Ózbekstanda xızmet alıp barıp atırǵan konfessiya wákilleri hár túrli isenimde bolǵan puqaralar ortasındaǵı tatıwlıq hám doslıq baylanısların bekkemlewde óz úleslerin qospaqta. Búgingi kúnge shekem elimizde keńpeyilliktiń sociallıq mánisi, kórinetuǵın formaları, jámiyet rawajlanıwın támiyinlewdegi ornı hám áhmiyeti sıyaqlı máselelerine baǵıshlanǵan birneshe izertlewler ámelge asırıldı.

Kámil nárse artıqmashılıqtı da, kemshilikti de qabıl etpeydi.

***Abu Rayxan Beruniy***

**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

Bul tekstdegi gúrrińdi tınıshlıq súyiwshi hám keńpeyillik principleri menen baylanıstırıń.

*Elshi Kastiliya patshası aldına barıp, Temurbektiń xat hám sawǵaların, qımbat bahalı taslar hám ádet boyınsha ol jibergen kánizeklerdi usınıs etti. Ullı mámleket patshası Temurbek jollaǵan xat hám sawǵalardı qabıl etip, onıń jazba hám awızeki aytıp jibergen sózlerin tıńlaǵannan soń, doslıq qatnasıqların bekkemlew niyetinde múnásip sawǵa-sálemlerdi tayarlaw hám jiberiwdi buyırdı. Ilahiyat magistri Fra Alfonso Poes de Santa Mariya, Rui Gonsales de Klavixo hám patshanıń jeke saqshısı Homes de Salazardı Temurbek aldına elshilikke, bular arqalı óz xatı hám de sawǵaların jollawǵa qarar etti.*

***Rui Gonsales de Klavixo, «Samarqandqa Ámir Temur sarayına sayaxat» kúndeliginen***

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

II Jer júzilik urıs dáwirinde tashkentli temirshi Shoahmad Shomahmudov shańaraǵı hár túrli millettiń qarawsız hám jetim qalǵan balaların perzentlikke alǵan. Bular: Habiba, Vova, Shuhrat — rus, Hamidulla — ukrain, Rafiq, Rahmatulla — tatar, Xalida — moldovan, Samuǵ — chuvash, Yuldosh, Ergash — evrey, Halima — qazaq, Qarabay, Nemat, Muazzam, Ulıǵbek — ózbek.

II Jer júzilik urısı jıllarında xalqımız tárepinen kórsetilgen ruwxıy mártlikti Shomahmudovlar shańaraǵı tımsalında túsindiriń. Pikirińizdi «milletleraralıq tatıwlıq», «diniy keńpeyillik», «milliy hám ulıwma insanıylıq qádiriyat» túsinikleri tiykarında túsindiriń.



## MAǴLÍWMAT USHÍN

Mámleketimiz xalqı búgingi kúnde 32 mln. nan aslam bolıp, solardan 80% in ózbek, 4,9% in tájik, 3,8% in rus, 3,6% in qazaq hám 7,7% in basqa milletlerge tiyisli adamlar quraydı. Kóp milletli mámleket kóp konfessiyalılıqqa tiykar boladı. Jámi 130 dan zıyat millet hám elat wákilleri arasında islamnan tısqarı xristianlıq, evreylik, buddizm hám basqa konfessiyalarǵa sıyınıwshılar da bar.

Ózbekstandaģı konfessiyalar wákilleriniń óz ara húrmeti tiykarında qurılģan qatnasıqların tariyxıy jaqtan úyreniw elimizde diniy keńpeyillik dástúrleri ásirler dawamında qálipleskenin kórsetedi hám bunday pazıyletlerdiń jaslar oy-pikirinde bekkemleniwine xızmet etedi.



...qanday-da bir qáwim (adamları)di jaqtırmaslıq sizlerdi olarģa qarata ádalatsızlıq etiwge shaqırmasın.

***Quranı kárim, Moida súresi, 8-ayat***

Diniy taraw wákilleri óz jumısların din hám mámleket qatnasıqlarındaģı tiykarģı tárep — dinniń siyasatqa aralaspawı, hárqanday din, birinshi orında, ruwxıy-ádep-ikramlılıq táreplerdi óz ishine alıw haqqındaģı principke súyengen halda ámelge asırıwları maqsetke muwapıq bolıp esaplanadı.

Elimizde tınıshlıq hám turaqlılıqqa qáwip salıwı múmkin bolģan faktorlardan biri missionerlik bolıp esaplanadı. Nızamģa muwapıq qadaģan etilgenligine qaramay, ámelde bolģan diniy keńpeyillik principlerine qayshı, dinler aralıq kelispewshiliklerge alıp keletuģın missionerler xızmetin tallap úyreniw olarģa qarsı is-ilajlar islep shıģıwda oģada áhmiyetli.

Tolerantlıq (keńpeyillik) túsinigi bul tek ģana mánawiy minnet ģana emes, al siyasiy hám huqıqıy zárúrlik. Tariyxıy derekler úlkemizde áyyemgi zamanlardan-aq zardushtiylik, buddizm, evreylik,



**MAĢLÍWMAT USHÍN**

Keńpeyillik principleri Deklaraciyasındaģı «tolerantlıq» sózi «keńpeyillik» dep awdarma etilgennen keyin ol tilimizde qollanılıp atır. Rus tilinde «терпимость» sózi basqasha aytqanda «*снисходительность*», yaģnıy keńpeyillik, kishipeyillik mánislerin ańlatadı. Diniy taraw haqqında sóz ketkende ruslar «*веротерпимость*» sózin qollanadı. Ózbek tilinde «diniy keńpeyillik» sózi mine usıģan sáykes keledi.

xristianlıq sıyaqlı quramalı ideologiyalıq sistemaǵa iye dinler tınısh-tatıw jumıs alıp barǵanlıǵınan derek beredi. Bunday jaǵdaydı házirgi Ózbekstandaǵı islam, xristian, evrey dinleri hám basqa konfessiyalardıń óz ara qatnasıqları mısalında kóriwge boladı.

Kóp milletli hám kóp konfessiyalı elimizde milletler aralıq birge islesiw hám diniy keńpeyillik salasında alıp barılıp atırǵan izbe-iz mámleketlik siyasatı hár túrli millet hám de barlıq diniy konfessiya wákilleriniń emin-erkin jasawı ushın bekkem tiykar jarattı. Búgingi haqıyqatlıq bunıń ayqın dálili bolıp tabıladı.

Konstituciya tiykarında qabıl etilgen Ózbekstan Respublikasınıń «Hújdan erkinligi hám diniy shólkemler haqqında»ǵı Nızamına muwapıq: «Mámleket diniy konfessiyalar ortasındaǵı tınıshlıq hám tatıwlıqtı qollap-quwatlaydı. Bir diniy konfessiyadaǵı dindarlardı basqasına kirgiziwge qaratılǵan is-háreketler (prozelitizm), sonday-aq, basqa hárqanday missionerlik xızmeti qadaǵan etiledi. Usı qaǵıydanıń buzılıwına ayıplı bolǵan shaxslar nızam hújjetlerinde belgilengen juwapkershilikke tartıladı».



Onıń belgilerinen (jáne biri) — aspanlar hám Jerdi jaratıwı hám sizlerdiń tillerińiz hám reńlerińizdiń hár qıylılıǵında bolıp esaplanadı. Álbette, bunda barlıq dúnyalar ushın ayat-ibratlar bar.

***Quranı kárim, Rum súresi, 22-ayat***



**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

Usı teksttegi «Ol insan emes pe?» sóz dizbegin siz qalay túsinesiz? Insanıylıq, adamgershilik degende neni túsinesiz?

*«Nabiy (alayhis-salam) aldınan peyit alıp ótildi. Sonda ol adam orınlarınan turdı. Adamlar: «Ya Rasulullah, bul evreydiń janazası, dedi. Ol adam: «Ol insan emes pe?», — dedi.*

***Imam Buxariy ráwiyatı***

Oraylıq Aziyadaǵı musılman hám basqa konfessiyalarǵa tiyisli xalıq ortasındaǵı qatnasıqlar hám siyasiy, hám turmıslıq dárejede eki tiykarǵı ózgeshelikke tiykarlanǵan, bular óz ara húrmet hám keńpeyillik bolıp esaplanadı. Bul múnásibet hár qıylı din wákilleriniń quramalı tariyxıy procesler sınawların márdana jeńip ótiwi nátiyjesinde qáliplesken. Mámlekette tınıshlıq, rawajlanıw hám abadanlıqtı támiyinlew, sociallıq turaqlılıqtı bekkemlew maqsetinde barlıq diniy konfessiya wákilleri elimizde hám shet elde shólkemlestirilip atırǵan ruwxıy hám aǵartıwshılıq ilajlarda qatnasıp kelmekte.

Sonday-aq, mámlekette dinler aralıq tatıwlıqtı qollap-quwatlaw hám de hár túrli kelispewshilik hám qıyınshılıqlardı keltirip shıǵaratuǵın missionerlik sıyaqlı is-háreketlerge qarsı ámelge asırılıp atırǵan ilajlarda belsendi qatnaspaqta. Olardıń xalıqaralıq ánjumanlarda elimizde isenim erkinligin támiyinlew, milletler aralıq hám dinler aralıq tatıwlıqtı turaqlastırıwda ámelge asırılıp atırǵan reformalar haqqındaǵı bayanatları diniy jámiyetshiliginiń usı reformalar menen jaqınnan tanısıwına zárúr áhmiyetke iye. Bunday qatnasıq mámleket tárepinen de bahalanbaqta. Mitropolit Vladimirdiń «Doslıq» ordeni menen sıylıqlanǵanı bunıń ayqın dálili.

## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Diniy keńpeyillik mádeniyatın qáliplestiriw zárúrliginiń payda bolıwı qanday faktorlar menen baylanıslı?
2. Diniy keńpeyillik islam799 dininde hám milliy úrp-ádetlerimizde qalay talqılanadı?
3. Mámlekette tınıshlıq, turaqlılıqtı saqlawda keńpeyilliktiń ornı qanday? Pikirińizdi mısallar menen dálilleń.

# 26—27-§ ÓZBEKSTANDA DINIY BILIM BERIW

**BÚGINGI SABAQTA TÓMENDEGILER MENEN TANÍSASÍZ:**

1. Ózbekstanda diniy bilim beriwdiń tariyxıy tamırları.
2. Ózbekstanda xızmet kórsetip atırǵan medrese hám seminariyalar.

## ÓZBEKSTANDA DINIY BILIM BERIWDIŃ TARIYXÍY TAMÍRLARÍ

Watanımız tariyxında diniy bilim beriw uzaq ótmishke barıp taqaladı. Dáslepki orta ásirlerde-aq elimizde keń kólemde xızmet kórsetken medreselerde diniy bilimler menen bir qatarda dúnyalıq ilimler de oqıtıladı. Óz dáwirinde medreseler, orta arnawlı hám de joqarı bilimlendiriw wazıypasın tolıq túrde orınlaǵan.

Tashkent, Buxara, Samarqand, Xiywa sıyaqlı qalalar eń úlken ilim orayları bolıp, XV—XIX ásirlerde ol jerlerde pútkil musılman dúnyasınıń joqarı bilimlendiriw orayları sıpatında tán alınǵan.

Patsha Rossiyası kóterilisinen keyingi dáwirlerde medreseler xızmeti páseydi. Ayırımları jabılıp qaldı. XIX ásirdiń aqırı XX ásirdiń baslarına kelip, jadid

Insanlardı jaqsılıqqa shaqırıwshı hám jamanlıqtan qaytarıwshı bir ilim.

***Abdulla Avloniy***

**JAQÍN TARIYXTA**

XIX ásir aqırına kelip Buxara ámirliginde 336, Xiywa xanlıǵında 132, Túrkstan úlkesinde bolsa 348 medrese dizimge alınǵan edi.

Áy insan perzenti, sen dáslep ilimli bol, ol saǵan atańday bolsın. Keyin sen parxezkar bol, ol saǵan mehriban anańday bolsın. Ózińdi olardıń qushaǵında tut, sonda jaratqan seni bále-apatlardan saqlaydı.

***Mahmud Zamaxshariy***

mektepleri xızmet kórsete basladı. Tashkent, Samarqand, Qoqan qalaları jadidshilik mektepleriniń oraylarına aylandı.

1917-jıldıń baslarında Túrkstanda 100 ge jaqın jańa usıl mektepleri jumıs islep, olarda 4 mıńnan artıq oqıwshı bilim alǵan. Bul mekteplerde islam dini tiykarları menen bir qatarda shet tili, fizika, ximiya, matematika, psixologiya, gigiena, agronomiya, ekonomika, buxgalteriya sıyaqlı zamanagóy pánler oqıtılǵan.

Sovet Awqamı dúzilgennen soń, din hám medreselerge qarsı ayawsız gúres háwij aldı. Biraq, Ekinshi dúnya júzilik urıs jıllarında sovet mámleketi óz siyasiy mápleri jolında dinge múnásibetin biraz jumsartqan.

1943-jılı Tashkentte Orta Aziya hám Qazaqstan musılmanları basqarması shólkemlestirilip, onıń xızmeti Ózbekstan, Qazaqstan, Qırǵızstan, Túrkmenstan, Tájikstan respublikalarınıń islam diniy shólkemleri jumısın muwapıqlastırıwdan ibarat boldı.

1945-jılı Buxarada Mir Arab medresesi uzaq jıllıq tánepisten soń qayta iske túsirildi. Keyin Tashkenttegi Barakxan medresesi jumıs baslap, 1971-jılı ol Imam Buxariy atlı Tashkent Islam institutı atın aldı. 1990-jılǵa shekem burıńǵı Sovet aymaǵında usı eki bilim jurtınan basqa islam bilim

**TARIYXQA NÁZER**

Mańǵıtlar húkimdarlıǵı dáwirinde Buxara ámirliginde kóplegen iri qurılıslar — Shayx Jalal dárwazası hám jayı (XVIII ásirdiń ekinshi yarımı) Damulla Tursınjan medresesi (1796-1797jj), Xalifa Xudaydat ansambli (1777-1855jj), Charminar (1807), Ámir medresesi (XX ásir basları), Sitorai Mohi Xosa (XIX—XX ásir basları) hám basqa imarat hám qurılmalar qurıldı.

beriw mákemeleri bolmaǵan. Olar tiykarınan, Orta Aziya musılmanları diniy basqarması (SADUM — Среднеазиатское духовное управление мусульман) janında meshit imamların tayarlawǵa qánigelesken.

Ózbekstan Respublikası ǵárezsizlikti qolǵa kirgizgennen soń diniy bilim beriw tarawına da ayrıqsha itibar qaratıldı. Mámleketlik dizimnen ótken medreseler, diniy-mádeniy obyektler Ózbekstan Musılmanları basqarması qaramaǵına tapsırıldı. Búgingi kúnde elimizde tómendegi diniy bilim beriw mákemeleri xızmet alıp barmaqta:



*Tashkent islam institutı*

Imam Buxariy atındaǵı Tashkent islam institutı 1971-jılı 1-oktyabrde dúzilgen bolıp, Barakxan medresesi imaratında jaylasqan. 2007-jılı Tashkent islam mádeniyatı paytaxtı dep járiyalanıwı múnásibeti menen Hastimam Kompleksi qayta qurıldı hám usı institut da jańa imaratqa iye boldı. Búgingi kúnde institut Hastimam arxitekturalıq kompleksi quramında.




*Buxaradaǵı «Mir Arab» joqarı medresesiniń ashılıw máresimi*

«Mir Arab» orta arnawlı islam bilim jurtı (Buxara qalası) — Shayx Said Abdulla al-Yamani tárepinen Ámir Ubaydullaxan qarjılarına 1530—1536-jılları qurılǵan.

«Mir Arab» joqarı medresesi (Buxara wálayatı) — Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.Mirziyoevtiń baslaması menen 2017-jılı shólkemlestirilgen. Bul joqarı bilimlendiriw mákemesi, Buxara wálayatı

Kogon rayonındaǵı Bahawaddin Naqshband zıyaratxanası aymaǵında jaylasqan.

«Kókaldash» orta arnawlı islam bilim jurtı (Tashkent qalası) 1569—1570-jılları Barakxan tárepinen qurdırılǵan. 1999-jılı medrese orta arnawlı bilim jurtı sıpatında qayta ashıldı.

«Sayyid Muhyiddin Mahdum» orta arnawlı islam bilim jurtı — 1992-jılı Andijan wálayatı, Altınkól rayonı Jalabek awılında qurılǵan.

«Mulla Qırǵız Axund» medresesi — 1914—1915-jılları Namangan wálayatında Ataullaxan tárepinen qurılǵan. 2014-jılı «Hidoya» atı menen orta arnawlı islam bilim jurtı sıpatında qayta shólkemlestirildi.

«Faxriddin ar-Roziy orta arnawlı islam bilim jurtı — 1992-jılı Xorezm wálayatınıń Xanqa rayonı «Xudayqulı Ishan baba» meshiti imaratında óz jumısın basladı. 1994-jılı Úrgenish qalasında jaylasqan «Doshqinjan baba» tariyxıy imaratına kóshirilgen.

> Hadal adamǵa basım ótkeriwge boladı, biraq onı shermende etiwge bolmaydı.
>
> ***Volter***

**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

Berilgen tekstti oqıń hám tómendegi sorawlarǵa juwap beriń

1. Islam dininde bilim-ilimge itibar beriwden hám úgit-násiyat etiwden qanday maqsetler gózlengen?

2. Ilim-pánniń rawajlanıwınıń qollap-quwatlanıwı qanday nátiyjeler bergen?

*Dúnyada birinshi emlewxana 707-jılı musılmanlar tárepinen (mámleket tárepinen qarjılandırılǵanı ushın onı házir «byudjet shólkemi» dep ataǵan bolar edi) tiykar salındı. Usı emlewxanada hámshiyralar xızmet kórsetiwi jolǵa qoyıldı hám medicina institutları xızmet kórsete basladı. Kóp ásirler dawamında sol musılman shıpakerleri kóz keselliklerin tekseriw hám emlew boyınsha qánigeler esaplanǵan.*

«Xoja Buxariy» orta arnawlı islam bilim jurtı — 1992-jılı Qashqadáryanıń Kitob rayonında shólkemlestirilgen. Medresege Saidahmad Vali Kulaxduz Xoja Buxariy atı berilgen.

«Muhammed Beruniy» atındaǵı orta arnawlı islam bilim jurtı — 1992-jılı Qaraqalpaqstan Respublikası paytaxtı Nókiste ashılǵan. Bilim jurtı Nókistegi «Imam Iyshan» jóme meshiti imaratında jaylasqan.

«Juybori kalon» hayal-qızlar orta arnawlı islam bilim jurtı (Buxara qalası) — XVII ásirdiń aqırı — XVIII ásirdiń baslarında Buxara hákimi Abdulazizxan pármanı menen qurılǵan. Medrese 1992-jılı jumısın qayta jolǵa qoydı.

«Xadichai Kubro» hayal-qızlar orta arnawlı islam bilim jurtı (Tashkent qalası) — 1993-jılı óz jumısın basladı.

Prezidentimiz Shavkat Mirziyoev baslaması menen 2017-jılı Buxara hám Ter-



*Tashkent islam institutı pitkeriwshileri*

**TARIYXQA NÁZER**

Arxitektor Ismayıl ibn Tahir Mahmud Isfahaniy Mırza Ulıǵbektiń buyırtpası menen 1417-jılı Buxarada medrese qurıwdı baslaǵan. Medreseniń aǵash dárwazasına «Ilimge umtılmaq hárbir muslim hám muslima ushın parız bolıp esaplanadı» degen hádisti arab tilinde naǵıslı jazıwlar menen jazǵan. Dárwazanıń temir shıńǵasına húkimdar Mırza Ulıǵbek ruwxıyatına tán bolǵan usı qatarlardı alımǵa zor mehir qoyǵan jas usta arxitektorlardıń biri jazıp qaldırǵan: «Ilim dúrdanalarınan ráhátlengen adamlarǵa Allataala rahmet esigin ashǵay».

miz mámleketlik universitetlerinde Islam tariyxı hám derek tanıw boyınsha bilim beriw bağdarı ashıldı. Sonday-aq, Samarqandta ilahiyat hám hádistanıw, Buxarada sufizm, Qarshı qalasında aqoid, Marǵulanda islam huqıqı ilimiy mektepleri shólkemlestirildi.

*Heshqashan ilim úyreniw isinde úzilis bolmawı kerek, sebebi, bul úlken joǵaltıwǵa alıp keledi.*

***Burhaniddin Marǵinaniy***

Ózbekstan Pespublikası Prezidentiniń 2018-jıl 16-apreldegi «Diniy-aǵartıwshılıq taraw xızmetin tiykarınan jetilistiriw shara-ilajları haqqında»ǵı Pármanına muwapıq Ózbekstan musılmanları basqarmasınıń Ózbekstan Islam akademiyası hám Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti janındaǵı Tashkent islam universiteti negizinde Ózbekstan xalıqaralıq islam akdemiyası dúzildi.

Pármanǵa muwapıq Ózbekstan xalıqaralıq islam akademiyası Ózbekstan musılmanları basqarması hám Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti janındaǵı Din isleri boyınsha komitet dúziwshiligindegi Quran ilimleri, hádis, islam huqıqı, qaǵıyda (aqida), sufizm, islam ekonomikası hám finansı, xalıqaralıq qatnasıqlar, shet tiller (arab, parsı, inglis, rus, urdu, túrk) hám basqa xalıqaralıq kólemde

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Xalıqaralıq bilimlendiriw byurosınıń sońǵı maǵlıwmatlarına qaraǵanda, Saudiya Arabiyası hám Yemen búgingi kúnge kelip diniy bilim beriw ushın eń kóp oqıw saatları ajıratılatuǵın mámleketler esaplanadı. Sonıń ishinde, diniy bilim beriw ushın ulıwma bilim beriw mektep oqıw baǵdarlamasınıń dáslepki altı jılında Saudiya Arabiyasında 1458 saat (usı dáwirge shekem bolǵan ulıwma oqıw saatlarınıń 31% ti), Yemende bolsa 1104 saat (usı dáwirge shekem bolǵan ulıwma oqıw saatlarınıń 28% ti) ajıratıladı. Házirgi payıtta, usı kórsetkishlerdiń basqa qálegen mámlekettegige salıstırǵanda úsh barabar joqarı ekenligin de ayrıqsha atap ótiw kerek.

*Derek: www. islamcenter. uz.*



*Ózbekstan xalıqaralıq islam akademiyası*

zárúrlik bar bolǵan tarawlar boyınsha qánigeli kadrlardı tayarlawǵa, orta arnawlı, joqarı bilimlendiriw, joqarı bilim beriwden keyingi bilimlendiriw, qánigeligin arttırıw basqıshlarında úzliksiz bilim beriwdiń tolıq sistemasın shólkemlestiriwge hám ilimiy miyrastı tereń izertlew hám asırap-abaylawǵa, diniy hám dúnyalıq bilim beriwge qánigelesken jetekshi bilimlendiriw hám ilimiy-izertlew mákemesi bolıp esaplanadı.

Mákeme respublikadaǵı barlıq islam bilim beriw mákemeleri xızmetin oqıw-normativlik hám oqıw-metodikalıq jaǵınan támiyinlew hám de muwapıqlastırıwdı ámelge asıradı.

Akademiya Ózbekstan Respublikasınıń Mámleketlik byudjeti qarjıları hám nızamda qadaǵalanbaǵan basqa derekler esabınan finanslastırıladı.

Sonday-aq, Pármanǵa muwapıq, Ózbekstan xalıqaralıq islam akademiyası pitkeriwshilerine ulıwma bilim beriw mektepleri, orta arnawlı hám joqarı bilimlendiriw mákemelerinde tarawǵa tiyisli

*... Waqıttı «essiz», «qáne endi», «bolsa edi» menen ótkergen adamnıń ómiri eń qısqa ómir eken.*

***Najmiddin Kubra***

pánler boyınsha pedagogikalıq xızmet penen shuǵıllanıw huqıqı belgilep qoyıldı.

Elimizde Rus Pravoslav hám protestantlıqqa tiyisli Tolıq injil xristianları shirkewleriniń diniy seminariyaları da jumıs alıp barmaqta.

*— Haq hikmetti ilimińnen abzal bil.*
*—Ilimińdi abaylap saqla.*

***Maturidiy***

Ǵárezsizlik dáwirinde Ózbekstanda islam dini menen bir qatarda basqa din konfessiyalarınıń bilimlendiriw mákemeleriniń de xızmet kórsetiwlerine imkaniyatlar ashıldı. Atap aytqanda, 1998-jılı Pravoslav hám Protestant seminariyaları xızmet kórsete basladı.

Rus pravoslav shirkewiniń Tashkent diniy seminariyası bes jıl múddetke arnalǵan bilimlendiriw mákemesi bolıp esaplanadı. Ol jerde keleshekte Rus pravoslav shirkewiniń Oraylıq Aziya regionındaǵı hám basqa eparxiyalarında islew imkaniyatına iye bolǵan diniy xızmetshiler hám joqarı diniy maǵlıwmatlı qánigeler bilim aladı.

Patsha Rossiyası dáwirinde Tashkentte ashılǵan xristian seminariyalar esapqa alınbasa, Tashkent diniy seminariyasınıń tariyxı onsha úlken múddetti óz ishine almaydı.

Bilimsiz adamlardıń kewli ırımǵa beyim boladı.

***Abu Rayhan Beruniy***

1990-jılı Arxierey basshılıǵında eki jıllıq bilim beriwge arnalǵan Tashkent diniy bilim jurtı ashıldı. Dáslep heshqanday bazaǵa iye bolmaǵan Rus pravoslav shirkewiniń Tashkent diniy bilim jurtı tez ayaqqa turdı. Oqıw ushın orın tabıldı, turaqlı oqıtıwshılar quramı qáliplesti, talabalar bolsa turaq jay hám ıssı awqat penen támiyinlendi.

1998-jılǵa kelip, Ózbekstan Respublikası húkimetiniń is-háreketleri menen bir qatar imaratlar, búgingi kúnde Svyato-Uspensk soborına tiyisli bolǵan aymaqlar ajıratıp berildi. Bunnan soń Tashkent hám Orta Aziya eparxiyası basqarması tolıq joqarı maǵlıwmatlı diniy xızmetshilerdi tayarlaytuǵın Diniy seminariya shólkemlestirildi.

## TARIYXQA NÁZER

Ámir Shahmurad barlıq taslap qoyılǵan vaqım múlklerin («diniy fondlardı») olardan túsetuǵın salıq hám basqa májbúriy tólemler esabınan barlıq eski medrese, meshit, honaqah, mektep, mazarlardı qayta tiklep hám de jańa medrese menen meshitler qurılısında tikkeley ózi bas-qas boldı. Medrese mudarrisleri, muftiyler, imamlar, qazılar hám basqa diniy lawazımlarǵa tayınlawda olardıń sháriyat huqıqıy normalarına ámel etiw dárejesin, olardıń huqıqıy bilimlerin hám huqıqıy sawatına qarap lawazımǵa tayarlar edi. Óz tarawında kóp jıl islegen, sháriyat huqıqı normaların sol dáwir talabı dárejesinde bilmegen qazılar, imamlar, muftiyler hám de medrese mudarrisleri Ámir Shahmuradtıń pármanı menen óz lawazımınan azat etildi. Ol sháriyat huqıqı normaların tereń ózlestirgen medrese talabalarına salıqlar esabınan qosımsha talabalıq haqılar beriw menen medrese talabaların qollap-quwatlar edi. Ol tek óziniń islam huqıqı normaların keń bilim beriw procesinde reformalap ǵana emes, al pútkil Buxara ámirliginiń barlıq wálayatlarında islam huqıqı normaların biliwdi ámelde talap etti hám onıń ushın úlken jeńillikler hám sawǵalardı wáde etti. Tariyxshı alım Xumuliydiń atap ótkenindey, Ámir Shahmurad «pútkil qalaǵa hám Buxara ámirliginiń barlıq wálayatlarına ullı alımlardıń hám haqıyqıy islam huqıqı normalarına tiykarlanǵan ádetlerdiń (muhtasib) barlıq xalıqtı meshit hám medresege jıynap, olarǵa islam huqıqı normaların minnetlemelerin túsindiriwdi, olardıń shariy huqıq bilimleri dárejesin jáne de arttırıwdı wálayat hákimlerinen talap etti».

## BEKKEMLEW USHÍN
## SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Ózbekstan aymaǵındaǵı eń úlken ilim orayları qaysılar?
2. Sovet awqamı dáwirinde elimizde qanday diniy bilimlendiriw mákemeleri xızmet kórsetken?
3. Ǵárezsizlik jılları diniy bilimlendiriw tarawında qanday reformalar ámelge asırıldı?
4. Elimizde qanday islamlıq emes diniy bilimlendiriw mákemeleri bar?

# Glossariy

**Altar** — (lat. «bálent») xristian shirkewinde ibadatxananıń mehrab (meshittiń diywalındaǵı oyıq) hám minber ornatılǵan eń biyik bólimi.

**Apokalipsis** (Wáhiynama) — «Jańa kelisim»niń quramlıq bólimi bolıp, onı «Injil» avtorlarınan biri Ioann ilahiy ilham arqalı jazǵan, dep isenim bildiriledi.

**Ayat** (arab. «belgi; káramat») — Quran súrelerin dúziwshi bólim, «qatarlar».

**Dogma** — arab tilinde bir nárseni bir-birine baylanıstırıw mánisin ańlatadı. Terminde bolsa aqoid iliminiń belgili atamalarınıń biri.

**Diakon** (grekshe «xızmetshi») — xristian shirkewlerindegi eń tómen ruwxanıylıq dárejesi.

**Ekstremizm** — óz maqseti jolında hár túrli hádden zıyat keskin is-ilajlar kóriwge tárepdarlıq.

**Episkop** — (áyyem. grek. «qadaǵalawshı» kóp xristian shirkewlerinde — joqarı ierarx. Barlıq arxiereylerdiń (patriarx, mitropolit, arxiepiskop) ulıwmalasqan atı.

**Evolyucionizm** — dintanıwshılıqta din hám dúnyanıń qáliplesiwi sıyaqlı basqıshpa-basqısh ápiwayıdan quramalılıqqa qaray rawajlanǵan degen ideyanı alǵa súriwshi táliymat.

**Fanatizm** — fanatik.

**Fanatizm** — óz ideyasın «durıs» dep, basqasha pikir iyelerin tán almaslıq hám olardı buzǵınshılıqta ayıplaw.

**Fundamentalizm** — belgili din júzege kelgen dáslepki dáwirge qaytıw hám bul jol menen zamannıń barlıq mashqalaların sheshiw múmkin degen pikirdi alǵa súriw táliymatı.

**Haniflik** — islamnan aldın Arabiya yarım atawında bar bir qudaylıq ideyası.

**Haram** — islam táliymatına muwapıq, biykar etip bolmaytuǵın dárejede qatań dáliller menen orınlanıwı qadaǵan etilgen ámel.

**Hádis** — (arab. «jańa; sóz») Muhammed (a.s.) payǵambardıń aytqan sózleri, islegen isleri haqqındaǵı ráwiyatlar.

**Ikona** — xristianlıqtaǵı áwliyeler portreti túsirilgen súwretler. Olar shirkewlerde ibadat buyımı bolıp xızmet etedi.

**Indulgensiya** — katolik shirkewi tárepinen dindarlarǵa islengen yaki isleniwi múmkin bolǵan gúnalardı keshiriw haqqında beriletuǵın gúwalıq.

**Jihad** (arab. «jiddu jahd etiw», «ǵayrat etiw») — bir jumıstı tolıq islew ushın bar kúsh-ǵayrat hám uqıbın jumsaw. Islam dininde bul sóz basqınshı hám qozǵalańshılarǵa qarsı eli, jurtı, watanın qorǵawǵa shıqqan adamlardıń ámeliyatlarına qaray islengen. Jihad degende, búgingi kúndegi fanatik toparlar talqılap atırǵanınday, tınısh xalıqtıń ústine urıs ashıw túsinilmeydi.

**Kalom** (arab. «sóz», «sóylew») — Mutaziliyler payda bolǵannan keyingi aqida iliminiń atı.

**Kardinallar kollegiyası** – Rim katolik shirkewindegi joqarǵı keńes.

**Káramat** — (arab. «ullılıq») islam táliymatına muwapıq, Alla tárepinen onıń dosları — áwliyelerge inam etiletuǵın sıyqırdan parqlı ǵayrı ápiwayı qúdiret.

**Kirxa** — (nemecshe — «shirkew») — lyuteran shirkewleriniń atı.

**Kosmogoniya** — astronomiyanıń aspan deneleri, olardıń payda bolıwı hám ózgerisleri haqqındaǵı bólimi. Bul jerde aspan denelerin ilahiylestiriw.

**Kostel** — (polyaksha, chexsha. — «shirkew») — Rim katolik shirkewine qaraslı ibadatxanalarǵa qollanılatuǵın atama.

**Qudsiy hádis** — Mánisi Alla taaladan bolıp, aytılıwı, yaǵnıy, lebizi Rasulullahdan bolǵan hádisler.

**Meditaciya** — (lat. «pikirlew, oylaw») buddizmde shaxstıń ruwxıy háreketke tereń beriliw jaǵdayı.

**Misticizm** — (áyyem. grek. «jasırın, sırlı») ilahiyat dúnyası menen tikkeley baylanıs jasaw múmkinligi haqqındaǵı táliymat.

**Mitropolit** — (áyyem. grek. «bas qala, paytaxt, mitropoliya adamı») pravoslav shirkewiniń paytaxt qalalardaǵı joqarı ruwxanıylıq ataǵı.

**Modernizm** — dindi házirgi zaman shınlıǵına beyimlestiriwdi jaqlap shıǵıwshı aǵım.

**Monoteizm** — (áyyem. grek. «*mono*» — «birden-bir», «*teo*» — «ilahiyat») bir qudaylıq.

**Murid** (arab. «qálewshi») — sufizm jolına kirip, murshidke qol bergen shákirt.

**Murshid** (arab. «tuwrı jolǵa baslawshı») — sufizm jolına kirgenlerdi haqıyqatlıqqa baslawshı ustaz, shayx.

**Mushrik** — islam táliymatına muwapıq, Allaǵa shek keltiriwshi, kóp qudaylıqta ayıplanǵan adam.

**Papa** — xristianlıqta katolik aǵımınıń bas ruwxanıyı.

**Patriarx** (áyyem. grek. «ata, tiykar salıwshı») — ortodoksal shirkewdegi (pravoslavie) joqarǵı diniy mártebe bolıp, ondaǵı 14 avtokefal — biyǵárez shirkewler baslıqları usı at penen ataladı.

**Pátwa** — teologiyanıń dinde payda bolǵan jańa mashqalaların Quranǵa qayshı kelmeytuǵın túrde sheship shıǵarǵan húkimi.

**Politeizm** — (áyyem. grek. «*poli*» — «kóp», «*teo*» — «quday») kóp qudaylıq.

**Sahih hádis** — (arab. «salamat; tuwrı») alımlar tárepinen isenimli, durıs dep tabılǵan hádis.

**Sunna** — islamda «Payǵambar jolı».

**Tafsir** (arab. «bayan etiw») — Quran ayatlarına ózine tán túrde máni beriw.

**Tariqat** — diniy., diniy jetilisiw jolı (diniy máresimler hám tártip-qaǵıydalardı ishten orınlawdı talap etiwshi, sháriyattan parıqlı túrde diniy nızamlarǵa tereń «ishten» ámel etiwden ibarat mistika tárepdarları—sufiylerdiń táliymatına muwapıq).

**Tavakkul** — islam táliymatına muwapıq, óz erkin Allaǵa isenip tapsırıw.

**Terrorizm** (fr. «qorqıtıw») — óz pikirin zorlıq jolı menen basqalarǵa ótkeriw. Terroristlik bul jolda janıqaslıq, qoparıwshılıq sıyaqlı usıllardan paydalanıladı.

**Teologiya** — (arab. «túsiniw») sháriyat nızam-qaǵıydaların úyreniwshi ilim.

**Tobein** (arab. «eriwshiler»)—Payǵambar sahabaların kórgen hám olarǵa ergen adamlar.

**Tolıq injil xristianları** — protestantlıqtaǵı eń iri baǵdarlardan biri bolǵan pyatidestyanikliktiń ekinshi atı. Faqih — teologiya iliminiń bilimdanı.

**Tradicionalizm** — dástúrlik. Dindegi racionalizmge qarsı túrde, naqıl (eliklew) principine tiykarlanıwshı aǵım.

**Vojib** — hanafiy mázhebi táliymatına muwapıq, Quranı kárimde buyrıǵı ashıq hám anıq aytılmaǵan, biraq orınlanıwı shárt bolǵan ámel.

**Yahve** — evrey táliymatına muwapıq, dúnyalardı jaratıwshı birden-bir qúdiretli Quday.

**Yahudo** — Yaqub payǵambardıń perzentleriniń biri. Onıń áwladları «evreyler» dep ataladı.

**Yasht** — Avestonıń 1-bólimi.

**Zakat** — (arab. «tazalanıw, pákleniw») islamnıń bes shártinen biri. Mal-múlk esabınan (belgili bir muǵdarǵa) jetkennen keyin, onıń qırqtan biri (2,5%) kámbaǵallar paydasına sadaqa sıpatında beriledi.

**Shar** (arab.) — jaman, jamanlıq.

# Mazmunı

Kirisiw ............................................................................ 3
1-§. Ózbekstanda qáwipsizlik hám turaqlılıq ortalıǵın qáliplestiriw........ 4
2-§. Din tanıwshılıqtaǵı zamanagóy tendenciyalar...............................10
3-§ Mámleket hám din qatnasıqları.................................................18
4-§ Din hám sociallıq turmıs .......................................................... 23
5-6-§. Oraylıq Aziya dinleri............................................................ 30
7-§. Jáhán dinleri derekleri: buddizm hám xristianlıq ........................ 34
8–9-§. XX–XXI ásirlerde islam ....................................................... 38
10-11-§. XX–XXI ásirlerde islam dinindegi aǵımlar hám sektalar........43
12-13-§. Ózbekstannıń xalıqaralıq terrorizm hám ekstremizmge
qarsı gúrestegi ornı...........................................................................55
14-15-§. XX–XXI ásirlerde tariqatshılıq ............................................ 65
16-17-§. XX–XXI ásirlerde din hám mádeniyat................................. 72
18-19-§. XX–XXI ásirlerde diniy dástúr hám máresimler .................... 83
20-21-§. Zamanagóy málimleme tarmaqları hám din faktorı .............. 90
22-23-§. XX–XXI ásirlerde dúnyanıń konfessionallıq kórinisi............100
24-§. XX–XXI ásirlerde missionerlik hám prozelitizm .......................112
25-§. Diniy keńpeyillik mádeniyatı hám konfessiyalar aralıq
baylanıs..............................................................................................120
26-27-§. Ózbekstanda diniy bilim beriw ...........................................129
Glossariy............................................................................................138

Zohidjon Mahmudovich ISLOMOV,
Durbek Obidjonovich RAHIMJONOV,
Jasur Xotamjonovich NAJMIDDINOV,
Nargiza Kamaritdinovna ISMATOVA

O'quv nashri

# DUNYO DINLARI TARIXI

*O'rta ta'lim muassasalarining 11-sinfi va o'rta maxsus, kasb-hunar ta'limi muassasalari uchun darslik*

Birinchi nashr

Toshkent — «Yangiyul Poligraph Service» — 2018

Nashriyot litsenziyasi AI №185, 10.05.2011.

(Qaraqalpaq tilinde)

«Bilim» baspası
Nókis – 2018

Awdarmashı *K.Reymov*
Redaktorı *S.Aytmuratova, S. Baynazarova*
Tex. redaktorı *M. Riksiyev, B.Turımbetov*
Xudojnik *J. Azimov*
Operator *A. Begdullaeva*

Original-maketten basıwǵa ruqsat etilgen waqtı 11.07.2018-j.
Formatı 70x90 1/16. Tip «Times KRKP» garniturası. Ofset qaǵazı.
Ofset usılında basıldı. Kegl 12. Kólemi 9,0 b/t. 10,53 shártli b/t. 11,52 esap b/t.
Nusqası 10452 dana. Buyırtpa № .

Elektron mánzil: bilim.baspa@bk.uz

«Bilim» baspası. 230103. Nókis qalası, Qaraqalpaqstan kóshesi, 9.

«Yangiyul Poligraph Service» JShJ baspaxanasında basıp shıǵarıldı.
112001, Tashkent wálayatı, Yangiyul qalası, Samarqand kóshesi, 44-úy.

**Ijaraǵa berilgen sabaqlıq jaǵdayın kórsetetuǵın keste**

| № | Oqıwshınıń atı hám familiyası | Oqıw jılı | Sabaqlıqtıń alınǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshı-sınıń qolı | Sabaqlıqtıń tapsırıl-ǵandaǵı ja®dayı | Klass basshı-sınıń qolı |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | | |
| 2 | | | | | | |
| 3 | | | | | | |
| 4 | | | | | | |
| 5 | | | | | | |
| 6 | | | | | | |

**Sabaqlıq ijaraǵa berilip, oqıw jılı aqırında qaytarıp alınǵanda joqarıdaǵı keste klass basshısı tárepinen tómendegi bahalaw ólshemlerine tiykarlanıp toltırıladı**

| | |
|---|---|
| Jańa | Sabaqlıqtıń birinshi ret paydalanıwǵa berilgendegi jaǵdayı. |
| Jaqsı | Muqabası pútin, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen ajıralmaǵan. Barlıq betleri bar. Jırtılmaǵan, betleri almastırılmaǵan, betlerinde jazıw hám sızıqlar joq. |
| Qanaat-landırarlı | Muqaba jelingen, bir qansha sızılıp, shetleri qayrılǵan, sabaqlıqtıń tiykarg'ı bóliminen alınıp qalıw jag'dayı bar, paydalanıwshı tárepinen qanaatlanarlı qálpine keltirilgen. Alınǵan betleri qayta jelimlengen, ayırım betlerine sızılǵan. |
| Qanaat-lanarsız | Muqabaǵa sızılǵan, jırtılǵan, tiykarǵı bólimnen ajıralǵan yamasa pútkilley joq. Betleri jırtılǵan, betleri tolıq emes, sızıp, boyap taslanǵan. Sabaqlıqtı qayta tiklew múmkin emes. |